**batis la**<sup>2</sup> *n* Construction, building, house.

**batisman an** *n* (Large) building, construction. *Nan tout batisman yo, ganyen ki pa solid* In all these buildings, there are some which are not solid.

**batistè a** *n* 1. Birth certificate, baptistry\*. *Montre'm batistè ou* Show me your birth certificate. 2. Act (certificate) of recognition (affiliation). *Papa'l rekonèt li; li ba li batistè* His father has officially recognized him as his son (He granted him the certificate of affiliation, an official legal act).

**batize** *vt* 1. To baptize\*, to be the godfather or the godmother (of). *Se li menm ki te batize'm* He is my godfather (or) He baptized me (priest). *Batize yon maryaj* To be the best man or the maid of honor at a wedding. 2. To improve on the taste by adding something. For instance, to add one finger of whisky to a glass of tea. To add a little salt to a food that was cooked without salt for a sick person would be expressed by: *batize manje a ak yon ti sèl*.

**batman an** *n* Beating, beat. *Batman pou* Pulse beat.

**batmandkè a** *n* Heartbeat, heart tremor.

**bato a** *n* (Large) boat, craft. *V batiman*.

**baton an** *n* Stick, staff, rod, (policeman's) billy, cudgel; cane. *Kout baton* Blow with a club, beating. *Pitit mwen sa a se baton vyeyès mwen* This child of mine will provide for me in my old age. *Bay baton, simen baton* To beat with a stick, to spank. *Baton ke Tail. Baton lakre* Piece of chalk. *Ou ret chita sou baton rozèt ou* You remain listless and indifferent when you have a duty to act.

**batonnen** *vt* To beat with a stick.

**batri a** *n* 1. (Car) battery\*, electric battery. 2. Magic spell or object sometimes designed to harm. *Yo voye yon batri wanga sou li* They cast a spell on him. 3. A group of drums (percussion). 4. *Batri kuizin* Cooking utensils. 5. *An batri* At work, in use.

**batriba a** *n* Ups and downs (physical and figurative). *Anvan ou rive Jakmèl, fòk ou fè anpil batriba* Before reaching Jacmel, you go through lots of ups and downs.

**batwa a, batwè a, batwèl la** *n* Bat\*, batter\*, paddle. A large board to beat clothes while washing them.

**batwèl** *V batwa*

**bav la, bave a** *n* Slobber, foam at the mouth.

**bave** *vi* To foam, to drivel, to drool. *Lò timoun ap fè dan, yo bave anpil* When little children are teething they drivel a lot.

**bavèt la** *n* Bib.

**bawo** *V baro*

**bay la**<sup>1</sup> *n* One bushel.

**bay la**<sup>2</sup> *n* Large bucket, (wash)tub, usually wooden, with handles.

**bay, ba, ban**<sup>3</sup> *vi* To reach. *Ròb li ba'l sou jenou* Her dress reaches her knees. *Bay sou* To overlook, to face. *Fenèt mwen bay sou lakou a* My window overlooks the yard.

**bay, ba, ban**<sup>4</sup> *prep* When *bay* is used as a preposition, it means 'to', 'for'. *M'ap pote yo ba ou* I am bringing them to you. *Ouvri pòt la ban mwen* Open the door for me.

**bay, ba, ban**<sup>5</sup> *vt* *Ba* is used instead of *bay* before one of these indirect object personal pronouns: *ou, w, li, l, yo*. *Nou ba'l youn* We gave him one. *Ban* is used before one of these indirect object personal pronouns: 'mwen', 'm', 'nou', 'n' which begin with a nasal sound. Ex. *Ban'm sa a* Give me this one. Although in this last case some people use *ba* (*ba'm youn*), the form *ban* is more natural. 1. To give. 2. To yield, to produce. 3. To give away, to distribute. 4. To vacate (a house), to clear (an area). 5. To tell (a story). 6. To denounce, to betray. Examples and expressions: *Bay baton, bay chaplèt* To cudgel. *Bay lòd* To order, to command. *Bay manti* To lie (tell a falsehood). *Bay travay* To employ, to give work (to). *Bay lanmen* To shake hands. *Bay kout lang* To backbite. *Bay odyans* To tell stories, to chat. *Bay kou* To strike, to hit, to beat. *Bay demisyon* To resign. *Ban'm la a!* Get out! *Se mwa ki bay anpil lapli* It's a month that produces rain. *Se mwen ki pou bay* (It's) My deal! (during card games). *Ban'm lè la a* Make room for me! Get out! *Ban'm nouvèl ou* How are you? What's new? *Bay chalè* To tease. *Bay fòm* To shape. *Bay bouden* To tell lies; to deceive. *Bay chans* 1. To bring luck. 2. To give a break. *Bay chem* 1. To wind (a watch). 2. To prod, to encourage s.o. to reveal something by insinuation. *Bay dyapòt* To vomit. *Bay egzeyat* To release (a patient from a hospital). *Bay baryè* To put obstacles to, to hamper, to block. *Bay fil* 1. To help s.o. get ahead. 2. To give s.o. enough rope to hang himself. *Bay gabèl* To give odds, to give a head start, an advantage. *Bay jòf* 1. To give a peek 2. To expose what was

not supposed to be seen. **Bay koutba** To deceive, to fail s.o. **Bay kout tèt** To bow one's head repeatedly while dozing off. **Bay lebra** To extend one's arm to. **Bay legen** To give up. **Bay payèt** To show off. **Bay poto** To stand s.o. up. **Bay siro** To turn the rope slowly in the children's game of jump rope. **Bay vinèg** To turn the rope fast in jump rope. **Bay roulib** To give a ride (in a vehicle). **Bay zoklo** 1. To give a blow with one's knuckles. 2. To be unfaithful to one's spouse.

**bayakou a** *n* 1. A person employed by a city to clean outhouses. 2. The morning star.

**bayaronn nan** *n* Bayahonda\*, mesquite, thorn acacia. Prosopis juliflora (Sw.) P. DC.

**baye** *vi* 1. To yawn. 2. To be wide open.

**bayè** *V* baryè

**bayila** *vi* To dance.

**bayonèt la, bayonnèt la** *n* 1. Saber, bayonet\*. Spanish blade. **Nan tan bayonèt** During the time before the American occupation of Haiti. 2. (bot) Yucca aloifolia L. Spanish bayonet.

**baz la** *n* Base\*, basis\*.

**baza a** *n* Bazaar\*, store.

**baze** *vpr* To base\*, to found. **M'te baze'm sou òlòj legliz la** I relied on the church clock.

**bazilik la** *n* (Common) Basil\*. Ocimum basilicum L. A medicinal herb used to make tea; as a narcotic, to bring good luck.

**bazoudi** *vi* To stun, to daze. **Nouvèl la bazoudi'm** The news stunned me.

**be** *attrib* Bay\*. **Chwal be** Bay horse.

**bè**<sup>1</sup> *interj* Bleating of a goat.

**bè a**<sup>2</sup> *n* Butter\*. *V* mantèg. **Pwa bè** A type of bean.

**bè a**<sup>3</sup> *n* Bay\* (geogr).

**bebe a** *n* 1. Baby\*, beloved, a beautiful woman. Cf. E. babe. **Twa bebe sòti Leogàn o! Pou sedui nèg Pòtoprens o!** (Opening lines to a popular song). 2. **Ti bebe** Small child, infant. 3. Smallest of the Vodou drums.

**bèbè** *attrib* Mute. In Jérémie: boubou. (fig) spellbound, amazed, dumbstruck, speechless. **Li rete bèbè devan fi a ki te si tèlman bèl** She was so beautiful, he was dumbstruck.

**bèbèl la** *n* 1. Beauty; garnishment, decoration. 2. Something pretty, smart-looking, gracious, sugar-coated. **Se fèt li demen, m'pral fè yon bèbèl ak li** It's her birthday tomorrow. I'm going to do something nice for her. **Yo fè sa pou bèbèl** They do that for decoration. **Fè bèbèl ak** To be very kind to, to go out of one's way to please.

**bebidòl la** *n* Babydoll\*. Also: a short negligé.

**bèf la** *n* Any bovine animal (ox, steer, bull, cow). More specially: **Manman bèf** Cow. **Toro** (or) **Toro bèf** Bull. **Lèt bèf** Cow's milk. **Vyann bèf** Beef\*. **Bèf kabwèt** Draft-ox. **Tibèf** Calf. **Gazèl** Heifer. **Fè tibèf** To suck (oral sex).

**bèfchenn nan** *n* Helper, jumper on a truck; one who works hard. **Sekretè** is also used, because many jumpers do not like to be called 'bèfchenn'.

**bèfsipa a** *n* Zebu (Indian humped ox). So called because it was imported into the country by the S.C.I.P.A. organization.

**bege** *vi* To stammer, to stutter. **Moun bege** Stuttering people. **Moun bege enève fasil** People who stutter become easily irritated. **Pa vin bege ban mwen** Stop mumbling and tell me what's what.

**begle** *vi* To bellow, to moo, to roar.

**bègwè** *attrib* A bewildered fool, idiot, simpleton. (fig) Cuckold. **Ou sanble ak yon bègwè** You look like a simpleton.

**bèj** *attrib* Beige\*.

**bèje a** *n* Shepherd. (syn) gadò.

**bèk la** *n* Beak\*. Mouth (pej). Also: prepuce (extra long skin). **Bay bèk** To snap at, to rebuke, to rebuff. **Fè yon bèk** To succeed, to hit, i.e. to mark up a point. **(Fè) bèk atè** To fall, to fail, to be down and out, to go down. **Rete bèk sèch** To be left with nothing. **Siye bèk atè** To swear never to repeat the offense. **Soulye a ap fè bèk** The point of the shoe has turned upward. **Ouvri bèk ou** Talk! Open your darn mouth (pej). **Yon bèk fè (bèkfè)** An old person.

**bekàn nan** *n* Bike. *V* bisiklèt.

**bekasin nan** *n* Snipe, sandpiper (bird).

**beke** *vt* 1. To strike with the beak, to peck (at). 2. To answer curtly, to be rude, to snap at. **Gran sè a ap beke ti sè a tout tan** The older sister is always cutting her younger sister short, scolding her.

**bèkèkè** *attrib* Empty-handed. DEJEAN-64: **Yo ret bèkèkè** They were empty-handed, dumbfounded.

**beki a** *n* Crutch. **Li gen yon pye kase, li oblije mache sou beki** He broke his foot; he has to use crutches.

**bekin nan** *n* Fish similar to barracuda. Sphyræna barracuda.

**bekon an** *n* Bacon\*. The more common word is **la(r)**.

**bèl** *attrib* Lovely, beautiful, fair, fine, pretty, good looking, attractive, nice. **Fè bèl** To be pregnant. **Fè yon bèl ak** To show kindness to, to do something nice for s.o.

**bèlantre a** *n* An approach to an entrance in the form of an arch. Also applied to a large gap between teeth.

**bèldenui an** *n* Four-o'clock (flower).

**bèldriv, bèl driv** *adv* Long ago. **Gen bèldriv depi l'ale** *He left a long time ago.*

**bèlen an** *n* Sore (hard to heal).

**bèletwal la, bèletwèl la** *n* Girl with easy (loose) morals.

**bèlfi a** *n* Daughter-in-law; stepdaughter. **Bèl ti bèlfi'l la** *His beautiful stepdaughter.*

**bèlmè a** *n* Mother-in-law; stepmother.

**bèlsè a, bèlsò a** *n* Sister-in-law. **Sè madanm mwen se bèlsè'm** *My wife's sister is my sister-in-law.*

**bèlte a** *n* Beauty\*, splendor, magnificence.

**belye a, belye kabrit la** *n* Buck, ram. *V* bouk.

**ben an, beny lan**<sup>1</sup> *n* Bath. *V* bendmè. **Ben vapè** *Bath in a tub of hot water with medicinal leaves.*

**ben** *V* byen<sup>2</sup>

**benbo** *Depi lan tan benbo* *A long, long time ago.*

**bendmè a, beny mè a** *n* Swim or bath in the sea.

**benediksyon an, labenediksyon** *n* Blessing, benediction\*.

**benefis la** *n* Profit, gain, benefit\*. Cf. E. benefice\*. **Tout moun fè komès pou fè benefis** *Everybody gets into business to derive some profit from it.*

**benefisye** *vi* To profit (by), to benefit\*.

**benevòlman** *adv* Listlessly, without care.

**benezwèl la, benndezwèl la** *n* Type of fighting cock, without feathers on parts of the body (neck, legs, etc.). Originally from Venezuela\*.

**beng** Ding (onom). Sound of a bell.

**beni** *vt* To bless. **Bondye va beni ou** *God will bless you* (reward). **Beni bag** *To marry.*

**benis** *Dye benis* *God bless you.* (Phrase which is generally uttered when one sneezes).

**benit, beni** *attrib* Blessed. **Dlo benit** *Holy water.* **Latè benit** *Blessed land.*

**benitye a, bennitye a** *n* Holy-water basin; baptismal font.

**benlengendeng nan** *n* Junk, paraphernalia, odd objects, useless possessions.

**benn** *vt* 1. To bend\*. **Yo benn li ak manti** *They packed him with lies.* 2. To beat hard, to give a good thrashing.

**beny lan** *n* (Same as **ben an**) Bath. Also: ritual bath. **Beny chans** *A special bath to bring you luck.*

**benyè a** *n* Person who gives the last bath to the deceased.

**benyen**<sup>1</sup> *vt* To bathe, to give a bath to. *vi* To take a bath, to bathe.

**benyen an**<sup>2</sup> *n* Fritter, beignet\*.

**benywa a, beywa a** *n* Washtub, bathtub. (usu) Refers to a metal, portable one. The bathtub which is a concrete fixture is called 'basen'.

**benzolivye a, benzoliv la** *n* Horseradish tree. Moringa oleifera Lam.

**bere** *vt* 1. To butter\*. **L'ap bere pen'l** *He is buttering his bread.* 2. (fig) To butter up, to treat well, to pamper. **Lè m'fin bere msye, m'ap pran sa m'vle nan men'l** *After I've buttered the man up, I get what I want from him.*

**berè a, bere a** *n* Bonnet. Beret\*.

**berèjèn nan, berejenn nan** *n* Eggplant.

**bese** *vt* To lower, to minimize. To put down, to reduce. **Bese volim nan** *Put the volume down.* *vi* To decline, to sink, to diminish, to go down. To subside (floodwater). It is also said of a sick person whose health is deteriorating: **Malad la ap bese** *The patient's health is deteriorating.*

**beseleve** To perform various chores in a house. **Samdi se jou beseleve** *Saturday is the day to take care of the chores at home.*

**bèso a** *n* Cradle.

**bestyo** *n* Cattle.

**bèt**<sup>1</sup> *attrib* Stupid.

**bèt la**<sup>2</sup> *n* Beast\*, animal. (pl) cattle. **Ti bèt** *Insect.* **Fè bèt** *To be plentiful, to abound.* **Nan jaden'l, pye mango fè bèt** *In his garden, mango trees are plentiful.* **Bèt chay** *Beast of burden.* **Pran bèt** 1. *To acquire knowledge.* 2. *To copy from s.o. else's paper during an examination, to cheat.* Also: **pran poul.**

**betiz la** *n* Nonsense, foolishness, absurdity; obscenities; insults. **Mete nan betiz** (or) **Pase nan betiz** *To ridicule, to sneer (at).* **Si ou pa rete, m'ap di ou kèk betiz** *If you don't stop, I'm going to cuss (curse) you out.*

**betize** *vt* To kid, to joke, to ridicule. *vi* To talk foolishly; to fool around.

**betizè a** *n* Kidder, one who is not serious, one who raves on.

**beton an, breton an** *n* Cement, concrete, beton\*; pavement. **Beton ame** *Reinforced concrete.* **Koule beton sou kay la** *Cover the roof with concrete.* **Li sou beton an** *He is walking the streets* (or) *He is out of work.*

**bètrav la, bètrouj la** *n* Beet\*.

**bètrouj** *V* bètrav

**bètseren an, bèt seren an** *n* 1. Soldier, guard. 2. Night owl (person).

**bètvolay la, bèt volay la** *n* Fowl.

**bèzè a** *n* Fop; vainglorious, conceited ass.

**bezig la** *n* Bezik\* (card game).

**bezwen** <sup>1</sup> *vt* To need, to have to. *Ou pa bezwen plenn* *There is no need to complain.*

**bezwen an** <sup>2</sup> *n* Need, necessity. (euph) for *kaka*. *Fè bezwen* *To defecate.*

**bi a** <sup>1</sup> *n* Aim, target, purpose. *Nan ki bi ou fè sa?* *What did you do that for?*

**bi a** <sup>2</sup> *n* Goal (in soccer). (syn) *gòl*.

**bib** *V labib*

**bibi** <sup>1</sup> *attrib* Sick, ailing (baby talk).

**bibi a** <sup>2</sup> *n* Biceps.

**bibikrankran an** *n* Something hard to get rid of. (syn) *pongongon*. *Fi sa a se yon bibikrankran pou li* *He is stuck with that woman.*

**bibit** Darling! My little one!

**bibliyotèk la, bibiyotèk la, biblotèk la** *n* Library.

**biblo a** *n* Small decorative statue in a room. *Fann nan se yon biblo* *That woman is a beauty.*

**bibon an, bibron an** *n* Baby's bottle with the nipple.

**bich la** *n* Chunk, a big piece.

**bichèt la** *n* Round tray made chiefly of palm leaves or reeds.

**bichi** *Interj* Nothing! All in vain! PAURIS-34: *Tou sa yo fè, bichi.*

**bidèt la** *n* Bidet\*.

**bidje a** *n* Budget\*.

**bidòl la** *n* Money.

**bidon an** *n* Large tin container which is used to carry or measure (oil, syrup, etc.)

**bidonvil la** *n* Slum area.

**bidyonnel la, bidjonnèl la, bidyonèl la** *n* Coin operated phonograph.

**bif la** *n* Beef\*.

**bife, bifte** *vt* To cross out.

**bifèt la** *n* Small sideboard, cupboard.

**bigare, bigarèt** *attrib* Streaked, motley, many-colored.

**bigay la** *n* Tiny mosquito, gnat.

**bigote a** *n* Moustache.

**bigoudi a** *n* Hair set.

**bije** *V oblije*

**bijou a** *n* Jewel, jewelry.

**bijoutri a** *n* Jewelry shop.

**bijoutye a** *n* Jeweler.

**bika a** *n* Large marble (toy).

**bikabonat la** *n* Baking soda. Bicarbonate\*.

**bikini an** *n* Bikini\* (two piece bathing suit for women).

**bikwach la** *n* Type of bread made from manioc. It is also called *bobori*.

**bil la** <sup>1</sup> *n* Bubble\*. *Bil savon* *Soap bubble.*

**bil la** <sup>2</sup> *n* Bile\*. *Brase bil* (or) *bouyi bil* *To torment, to trouble.* *Tout paròl sa yo tap chofoe bil mwen* *All these words were getting me hot (angry).*

**building nan** *n* Building\*, edifice, structure, house.

**bilwin nan, bilirin nan** *n* Alcoholic beverage, liquor. *Li anba bilwin* *He is drunk.*

**bilten an** *n* Report card (elementary school).

**biye** *V bliye*

**bimen** *vt* To beat, to hit, to thrash, to pound, to rough up, to smash, to crush mercilessly, to kick a person with a vengeance. *Li bimen nonm nan lan gou'l* *He beat the man to his heart's content.*

**bip** *interj* (onom) Boom! (Sound of something falling, of heavy footsteps).

**biren an** *n* Chisel.

**biro a, biwo a** *n* Bureau\*; office; desk.

**bis la** <sup>1</sup> *n* Bust\* (of a statue). *Gen yon bis Desalin nan mize a* *There is a bust of Dessalines in the museum.*

**bis** <sup>2</sup> *interj* Encore! Repeat! (Interj) of approval.

**bise** *vt* To repeat a performance.

**bisèp la** *n* Biceps\*.

**bisiklèt la** *n* Bicycle\*, bike. *V bekàn.*

**biskad** *V anbiskad*

**biske** *vt* 1. To lurk. Also: *biske kò*. 2. To powder up, to beautify one's self.

**biskèt la** *n* Cartilage at the lower end of the sternum (breastbone). Xiphoid appendix. Cf. Fr. *brechet\** and E. *brisket\**. *Biskèt tonbe* *Displacement of the sternum causing vomiting, fever, etc.* *Kè'l sou biskèt* *He was extremely anxious and worried at what would happen.*

**biskuit la, biswit la, bisuit la** *n* Roll (never sweet), consequently, perhaps not to be translated as 'cookies' which one would usually call 'biskuit dous' or 'bonbon'. *Biskuit sale* *Crackers.* Also *Biscuit\**.

**bisuit** *V biskuit*

**bit** <sup>1</sup> *attrib* Huge. *Yon gro bit chen* *A huge dog.*

**bit la** <sup>2</sup> *n* Mound; hilly place.

**bitad la** *n* Misstep, tripping.

**bitasyon** <sup>1</sup> *Yon bitasyon* *A lot of, many.*

**bitasyon** *V abitation* <sup>2</sup>

- bitay la** *n* Stumbling, fall.
- bitch la** *n* Beach\* (American neologism). *V* plaj.
- bite** *vt* To bank up earth around a plant, to prop. *vi* To stumble, to trip. *Mwen bite, m'manke pran yon so* I tripped; I almost fell. *Bite sou* To stumble upon, to run into, to bump into (by chance).
- biten an**<sup>1</sup> *n* Booty\*.
- biten an**<sup>2</sup> *n* Things, belongings.
- bitò, bitòk** *attrib* 1. Hard to handle, stubborn (donkey). 2. Uncouth, ill-mannered, irascible.
- biva a** *n* Blotting (absorbing) paper.
- bivèt la** *n* Bar where refreshments are served at a dance. *V* kanbiz.
- biy la** *n* Marble (toy).
- biya a** *n* Billiards\*, pool (game). *Bèl pati biya* It's wonderful! FRANKETIENNE/D-275: *Bèl pati biya, lè men nou kwaze kontre ak zeklè!*
- biye a, biyè a**<sup>1</sup> *n* 1. Note, letter. 2. Ticket (admission ticket, lottery ticket). 3. Paper money.
- biye** *V* abiye<sup>2</sup>
- biyòt la** *n* Block of wood (usu) used as a seat.
- biza** *attrib* Bizarre\*, queer.
- bizango a** *n* Evildoer belonging to a group (folklore). FRANKETIENNE/D-251: *Bizango danse kalinda nan kalfou.*
- bizayèl la, bizawèl la** *n* Great grandparent.
- biznaw** *n* Something. *Ban'm yon ti biznaw* Give me a little something. *Pa yon biznaw* Nothing at all.
- biznis la** *n* Business\*; (usu) illegal profit, contraband, black market.
- biznismann nan** *n* Businessman\* (Often pejorative).
- blabla, ablabla, rablabla, blablalba** *vi* To talk nonsense, to trifle; to babble.
- blad la** *n* 1. Bladder\*. Also: blad pise, blad pipi. 2. (play) Balloon.
- blag la** *n* Joke, figment of the imagination, story, fib. *Fè blag* (or) *Blage* To joke. *Blag apa* I'm not kidding. This is no joke. This is for real. *Ban'm yon blag* Tell me a joke.
- blage** *vi* To talk, to chat, to tell stories, to joke. *Yo pito blage pase yo travay* They like to chat more than to work.
- blagè a** *n* Teller of tall stories.
- blakaout la, blakawout la** *n* Black-out\*, power failure.
- blakbòl la, plakbòl la** *n* Shoe polish.
- blakin nan** *n* Shoe polish. From E. Blacking\*.
- blam nan, blanm nan** *n* Blame\*, censure, rebuke.
- blame, blamen, blanmen** *vt* To scold, to blame\* severely, to reprimand, to chide, to rebuke.
- blan**<sup>1</sup> *attrib* White. *Dra blan* White sheet, shroud. *Kite'l an blan* Leave it (in) blank. *Blan tankou dan zonbi* White as snow.
- blan an**<sup>2</sup> *n* White (man). Stranger, foreigner; clever, comme il faut. *Blan mannan* Poor white. Also: *Blan poban. Yon blan meriken* An American. *Yon blan franse* A Frenchman.
- blanbalenn nan, blan balenn nan** *n* Candle made from whale blubber.
- blanch** *attrib* White. (Used in certain phrases only). *Fann blanch* White woman. *Dan blanch* White teeth.
- blanchi** *vt* To whiten, to bleach\*. To kill with a bullet. *vi* 1. To turn pale. *Tout rouj blanchi* Everything red fades. 2. To have gray hair. *M'wè ou fin blanchi* I see your hair has turned gray.
- blanchisri a** *n* Laundry.
- blanm** *V* blam
- blanmen** *V* blame
- blanpoul la, blan poul la** *n* Breast (of chicken).
- blanze a, blan ze a** *n* White of eggs.
- blayi**<sup>1</sup> *vt* 1. To spread. To spread the wash to dry, usually on white stones, to bleach in the sun. 2. To knock s.o. down with a hard blow. *M'wè nèg la blayi atè a* I saw the man lying on the ground.
- blayi a**<sup>2</sup> *n* Stone pile where one spreads the linen (wash) to dry. *Tann rad yo sou blayi a pou yo sa seche* Spread the clothes on the pile to dry.
- blayisman an** *n* Spreading, spread; influence. *Stasyon radyo sa a gen anpil blayisman* This radio station has widespread influence.
- blaze** *attrib* Faded (clothes); faded out (person).
- ble**<sup>1</sup> *n* &<sup>2</sup> *attrib* Blue\*. *Ble maren* Navy blue. *Ble digo* Indigo blue. *Gro ble* Blue material to make clothes.
- ble**<sup>2</sup> *vt* To overwhelm. *Li ble'm anba manti* He filled me up with lies. He made me (black and) blue\*.
- ble a**<sup>3</sup> *n* Wheat.
- blèg la** *n* Trouble, problem. *Chomaj lage'm lan blèg* My unemployment is causing me trouble.
- blende** *vt* To fill up s.o. with, to give plenty. *M'blende'l ak kou* I beat the hell out of him. *Li blende ak lajan* He is filthy rich.
- blenm, blèm** *attrib* 1. Pale, colorless. 2. Boring, simple, uninteresting. *Ou fè tròp tenten, ou blenm* You do too many foolish things; you're boring.
- blero a, bleyo a, bliyo a** *n* Shaving brush.

**blese** *vt* To wound, to hurt, to injure; to offend; to wound one's self. *Nan tranbleman tè ki fèt la, gen twa mil moun ki blese* As a result of the earthquake, 3000 persons were wounded.

**blesi a** *n* Wound, sore, injury.

**blije** *V oblije*

**bliyadò a** *n* Forgetful person.

**bliye, bilye (pop)** *vt* To forget. *Bliye kò: To forget one's self. Se sa'm bliye m'pa di'l* I let him have it. I gave him hell. I didn't mince my words.

**bliyo** *V blero*

**blo a** *n* Blow\*, hit.

**blòf la** *n* Bluff\*.

**blofe** *vt* To bluff\*.

**blofè a** *n* Bluffer\*.

**blòk la** *n* Block\*, natural stone block; building material, block\*, such as cinder block. *Blòk glas* Block of ice. *M'chita sou yon blòk* I'm cool as a cucumber. I'm not worried. I keep calm. Also used in the meaning of 'to form a solid block'; 'blockade'; 'street block', square. *Blòk motè* Motor block. *Blòk bua* Block of wood. Also: madriye. *An blòk* Wholesale. *Blòk jòn* Yellow pad (writing paper).

**bloke** *vt* To block\* (in soccer game); to hamper; to stop.

**blokis la** *n* 1. Roadblock\*. *Gen blokis, m'pa kab al Kalfou* There is a roadblock; I can't go to Kalfou. 2. Problem, hindrance.

**blon an** *n* A blond\* (man).

**blond lan** *n* A blond\* (woman).

**blouz la** *n* Blouse\*; doctor's uniform.

**blouzon an** *n* Shirt (for children).

**bo** <sup>1</sup> *vt* To kiss, to embrace. *Youn bo lòt* They kiss(ed) each other. *vi* To kiss. Also a noun: a kiss.

**bo** <sup>2</sup> *adv* In vain, in spite of. *Yo bo di'l* They told him in vain (a thousand times). *Li bo eseye* Try as he may.

**bò** <sup>1</sup> *prep* Is used as a preposition, an adverb, etc. As a preposition, it means close to, by, beside, near. It is often associated with the word 'kote' and the complete preposition is 'bò kote' or 'bò kot'. Here are some expressions with the word 'bò'. *Abò, a bò* On board\*, aboard\*. *Bò isi, bò isit, bò isi a, bò isit la* Here, this way, on this side. *Bò la a* Over here. *M'pa sou bò ou* I ain't bothered about you. *Lòt bò, lòt bò a* Yonder, over there, on the other side. *Kibò ou rete?* Where do you live?

**bò a** <sup>2</sup> *n* Side, edge; half (of an object); part, section.

**bòbèch la** *n* Candle ring, socket. *Lanp bòbèch, lanp tèt bòbèch* Type of oil lamp.

**bobin nan** *n* Spool, reel of thread. Cf. bobbin\*. *Se bobin* (or) *bobin suif* Baloney! It's a lot of nonsense.

**bobinay la** *n* Coil.

**bobinen** *vt* To wind on (a spool), to string, to string along.

**bobis** *adv* *Mache bobis* To swing one's body about; to truck; to strut.

**bobo** <sup>1</sup> *vt* To kiss (rare). *Yon gèp panyòl bobo'l lan dyòl* A wasp kissed him on the mouth (stung him).

**bobo a** <sup>2</sup> *n* 1. Bruise (infantile). Place where one has a bump. 2. Bobo bannann *V pòpòt bannann*. 3. *V bòbòt*.

**bobori a** *n* Type of thick cassava biscuit made from manioc.

**bòbòt la, bobo a** *n* 1. Natura muliebris, female genitals, cunt. 2. Small roll (bread).

**bòbòy** *attrib* Somewhat stupid, imbecile.

**bòday la** *n* Edge, rim, border\*.

**bode** *V brode*

**bòde** *vi* To approach, to come near, to dock, to board\*. *Pa bòde* Don't come near me. *vt* To provide with a border\*, i.e. adding a lace border to a dress.

**bòdè** *V bròdè*

**bòdèl la** *n* Brothel\*.

**bòdi a** *n* 1. Edge (of a lake). 2. Border (of a dress). *Fè bòdi* To put on a border.

**bòdmè a** *n* 1. Waterfront, seashore. *An'n al pran bon van bòdmè* Let's go get some fresh air at the seashore. 2. Downtown.

**bòdro a, bòdo a** *n* Bordereau\*, bill (a detailed memorandum), invoice.

**bòdyò** *V abòdyò*

**bofi a, bofis la** *n* 1. Son-in-law. 2. Stepson.

**bofijefra, bofi jefra** *Viv sou bofijefra* To be a sponger.

**bofrè a, bòfrè a** *n* Brother-in-law. (fam) *bòf*.

**boga** *V bonga*

**bogi a** *n* Horse-drawn carriage for passengers. Buggy\*. One or two may still be seen in Port-au-Prince.

**bogota a** *n* Any old car, rattle-trap; any piece of worn out junk; old jalopy, old hag, lemon (slang).

**boh** *interj* Bang!

**bòk la** *n* 1. (bot) Peduncle, tail (of a banana stalk). 2. The entire apparatus for administering an enema.

**bokal la** *n* Jar.

**bòkè a, bòkyè a** *n* Hardening of saliva at the corners of the mouth. It may result from cheilosis, an abnormal condition of the lips, characterized by scaling of the surface and fissuring of the corners of the mouth. FRANKE-TIENNE/B-55: *Li tounen youn albinòs je veron, dyòl bòkyè...*

**bòkèt** *Klou bòkèt* *Nail with a large head.*

**bokit la** *n* Metal or wooden bucket\*, pail. *Yon bokit...* *A lot of..., many*

**boko a** *n* Cask. *Yo achte youn boko lanmori* *They bought a barrel of codfish.*

**bòkò a** *n* Witchdoctor, medicine man, sorcerer.

**bòkote, bòkot, bò kote, bò kot** *prep* Near, beside, close to; in comparison with. PRESSOIR-21: *Li vole bòkote lanp la* *It flew close to the lamp.* V *bò.*

**bokou** *adv* Much. It is heard in the expression: *Mèsi bokou* *Thank you very much.* CELESTIN-MEGIE/3-43: *Wi, mis, mèsi bokou.*

**bòks la** *n* Boxing\*. *Yon match bòks* *A boxing match.*

**bokse, boske** *vi* To box\*, to fight.

**boksè a** *n* Boxer\*.

**bòkyè** V *bòkè*

**bòl**<sup>1</sup> *attrib* Bald\*. *Poul bòl* *Chicken with plucked tail.* *Tèt bòl* *Bald-headed.*

**bòl la**<sup>2</sup> *n* Bowl\*, basin. *Li nan bòl li* *He is in his own ball park; things are looking good for him.* *Plen bòl* *To give to the fullest.* FRANKETIENNE/B-41: *Plen bòl mwen ra dyòl.*

**bolero a** *n* 1. Bolero\* (a dance). 2. Small women's jacket.

**bòlèt la** *n* Lottery. Numbers game. Sp. boleta.

**bolid la, bolit la** *n* 1. Bolid\*, fireball. 2. A genius, a brilliant person.

**bolin nan** *n* Revolver.

**bolit la** *n* Jargon used by young people (In the city of Gonaïves).

**boliva a** *n* Bag, sack (straw).

**boloze** *vi* To joke, to babble, to ramble. (syn) ranse.

**bòlwivèl la** *n* Bolwivel\*. This insect is found mostly in cotton bushes.

**bòmdevi a, bonmdevi a** *n* A medicinal plant.

**bon an**<sup>1</sup> *n* Leap, jump.

**bon, bòn**<sup>2</sup> *attrib* (The form *bòn* is used with some Creole words which are feminine in

French). Good, fine, proper, suitable; well. *Santi bon* *To smell good.* *Se bon pou li* *It serves him right.* *Bon lan bouch* *Delicious, yummy.* *A kwa bon?* *What's the use?* *Pi bon* *Better, best.* ('Miyò' is somewhat antiquated). *Tout bon* *In all seriousness, in earnest.* *Si'l bon, di'l bon* *Isn't that wonderful.* *Bon kou* *Many, a lot, much.* *Te gen bon kou moun* *There were a lot of people.* *Li se bon jan kriminèl* *He is a real criminal.* *Se bon* *It serves you right* (It is also used to express a slight threat). *Bon mache* *Cheap.* *Bòn chans* *Good luck.* *Li se youn bòn pèsòn* *She is a good person.* *Bòn ane* *Happy new year.* *Yon bòn fwa* *Once and for all.* *Bòn konduit* *Good behavior.* 'Bon nouvèl': *Name of a monthly publication in Haiti of 35,000.* Has been in existence for four decades; entirely in Creole, directed by Pè Joris Ceuppens until his death in 1983 and continues till today.

**bòn nan**<sup>1</sup> *n* Milestone, boundary, marker.

**bòn nan**<sup>2</sup> *n* Maid, servant girl; nursemaid (of babies).

**bònatoufè a** *n* All purpose maid.

**bònatout la** *n* All purpose material widely used for making women's clothes.

**bonbade** *vt* To bomb\*, to shell.

**bonbe, rebonbe** *vt* To puff out, to distend (one's chest, etc.). *Msye bonbe do'l pou'l pote chay la* *This man arches his back in order to carry the load.*

**bonbon an** *n* Cake, candy, cupcake, cookies, sweet rolls, goodies, bonbons\*.

**bonbon siro a** *n* Type of cake that looks like gingerbread .

**bonbonfle**<sup>1</sup> *attrib* Puffed (up), swollen.

**bonbonfle a**<sup>2</sup> *n* 1. An insect that stings. 2. A worthless person. FRANKETIENNE/P-14: *Mwen grandi lan youn katye bade ak bigay, bonbonfle.*

**bonbonyen an** *n* A medicinal plant. *Lantana aculeata* L.

**bonda** V *bounda*

**bondans** *Yon bondans* *A lot of, an abundance\* of.*

**bonde** *attrib* Filled with, full of; full to overflowing.

**bondi** *vi* To jump. *Bondi sou* *To jump upon.*

**Bondye, Bongye, Dye** *n* God, deity. *Si Bondye vle* *God willing.* *Pa mande Bondye* *God forbid.* *Bondye fè...* *Thank God...*

**bòne** *vt* 1. To mark the boundary. To limit. 2. Restricted (limited in intelligence).

**bonè a**<sup>1</sup> *n* Luck, fortune, happiness.

**bonè a, bonèt la, bonnèt la**<sup>2</sup> *n* Bonnet\*.

**bonè, bonnè, bònè**<sup>3</sup> *adv* Early. *L'a vini madi maten bonè* *He will come early Tuesday morning.*

**bònfwa a** *n* Goodwill. CELESTIN-MEGIE/2-118: *Fòk...ou al prouve ou genyen plis bònfwa.*

**bonga a, boga** *n* A toad.

**bonis la, bonnis la** *n* Bonus\*.

**bonit la, bonnit la** *n* Frigate mackerel (a fish).  
Auxis thazard.

**bonjou** *n* Good morning. Greetings. *Di'l bonjou pou mwen* Give my regards to him (or) Say 'hello' to him.

**bonjou parenn** *n* Said in describing clothes, hats or shoes that do not fit.

**bonkè a** *n* Kind heart, compassion.

**bonkou, bon kou** *adv* Much, plenty, quite a few.  
*Li gen bonkou lajan* He has a lot of money.

**bonm nan** *n* 1. Bomb\*. 2. Cooking pot.

**bonmache, bon mache, bòmache** *attrib* Cheap (inexpensive).

**bonmas la** *n* Good people. *Dyab mele ak bonmas* All types of people, good and bad.

**bonmaten, bon maten** *adv* Early in the morning.

**bonmen** *V* anbonmen

**bonnanj la, bònanj la** *n* Common sense.

**bonnas** *attrib* Overly good, naive.

**bonnonm nan, bonòm nan** *n* Person, man, fellow.

**bonsans la, bon sans la** *n* Common sense\*, intelligence. *Kote bonsans ou?* Where is your common sense?

**bonswa** *interj* Good afternoon, good evening, good night.

**bonswadanm nan** *n* 1. Last dance of a ball. 2. (fig) Very late in a procedure. FRANKE-TIENNE/D-178: *N'ap regle sa menm lan bonswadanm.*

**bonte a** *n* Kindness, goodness. *Nonm nan pa rich, men se bonte'l ki konte* The man is not rich, but his kindness is overwhelming.

**bònvolonte a, bòn volonte a** *n* Willingness.

**bonvoulwa a, bon voulwa a** *n* Good disposition. Benevolence. *M'pat oblije fè sa pou ou, se bon voulwa'm si'm fè'l* I was not obliged to do that for you; I did it only out of the goodness of my heart.

**bope a, bòpe a** *n* Father-in-law; stepfather.

**boròm nan, bòwòm nan** *n* Superman, bouncer (pej). In some secret societies, e.g. the 'sanpwèl', the person whose job it is to put to test new members.

**bòs la**<sup>1</sup> *n* (antiq) Buggy.

**bòs la**<sup>2</sup> *n* Hump, bump.

**bòs la**<sup>3</sup> *n* 1. Boss\*, foreman, headman, master (esp) of a trade, manager, expert. 2. Hired hand, workman. *Bòs tayè* Tailor. *Bòs pent* House

painter. *Bòs kòdonye* Shoemaker. *Bòs ebenis* Joiner (who works on furniture), carpenter, cabinet maker.

**bosal**<sup>1</sup> *attrib* Wild, untamed; not yet broken in (of animals); rough and tough, uncouth; said also of a person who has not been baptized.

**bosal la**<sup>2</sup> *n* The bridle (bit) with blinkers with which to train young horses.

**bosi**<sup>1</sup> *attrib* Hunchback.

**bosi a**<sup>2</sup> *n* Hunchback.

**boske** *V* bokse<sup>1</sup>

**boske** *V* bouske<sup>2</sup>

**bosko** Hunchback(ed). *Ou vle geri bosko ou sou mwen* You want to find solace in s.o. else. You want to become well-off at my expense.

**bòt la**<sup>1</sup> *n* Boot\*. Also: *bòt soulye*.

**bòt la**<sup>2</sup> *n* Blow, thrust, hit. *Bòt salyè* Blow on the shoulder blade.

**botay** *V* brotay

**bote a** *n* Beauty\*; a handsome person. *Se yon bote* She is a beauty. *Trou bote* Dimple.

**botin nan** *n* Small boot\*.

**boubou** *attrib* 1. Timid. 2. Mute (in Jérémie) *V* bèbè.

**bouboun nan** *n* 1. Bottom, end, buttocks. 2. Vagina. (usu) Refers to the genitals of a young girl.

**boubout la** *n* Girl friend; darling, beloved.

**boubouy la, bouboul la** *n* Soursop juice.

**boubuyay la** *n* Any mixed up matter.

**bouch la** *n* Mouth, spout. *V* dyòl. *Bouchdensandi* Fire-plug. *Bouch latrin* Toilet seat. *Pe bouch ou* Shut up. *Machin nan chavire bouch anba lan ravin nan* The car turned upside down in the ravine, with the four wheels in the air. *Bouch mwen chape* It escaped me; it slipped out; I said it unintentionally. *Gen bouch* (or) *Gen lang* To have a foul tongue (to speak evil about people). *Bouch be* Baffled, surprised. *Mete bouch, foure bouch* To add one's two cents' worth, one's personal opinion; to meddle. *Fè bouch yon moun* To coach s.o., to tell him what to say to a third party. *Pa ban'm bouch* (or) *Pa mete bouch ou sou mwen* Don't mention such evil things, they might happen (to me). *Ou pat ban'm bouch pou'm pale* You didn't give me time to speak. *Sa'k rive a si grav m'pa gen bouch pou'm pale* What happened is so serious I can't even talk about it. *Fè kwa sou bouch ou* Swear never to say it again. *Li gen bouch dous* He is very convincing; he can sweet-talk you. *Li gen bouch alèlè* He is indiscreet, he can't keep a secret. He's a blabbermouth.

**bouche**<sup>1</sup> *vt* To clog, to stop up; to block (the view), to hide. PRESSOIR-9: *An giz yo bouche solèy la* Instead of blocking the sun. *Li bouche figi'l ak men'l* He hides his face in his hands.



**bouche a**<sup>2</sup> *n* Mouthful. *Li fè yon sèl bouche avè'l*  
*He made one mouthful out of it.*

**bouche a**<sup>3</sup> *n* Butcher\*.

**bouchi** *V* **lanbouchi**

**bouchon an** *n* Stopper, bottle cap. *Bouchon*  
*radyatè Radiator cap.*

**bouchonnen** *vt* To close with a stopper, a cork  
or a cap.

**bouchri a** *n* Slaughterhouse.

**bouda** *V* **bounda**

**boude** *vi* To pout, to be sulky; to be discontented.

**bouden an** *n* 1. Arse. *Bouden'm ap rache anba*  
*travay I'm exhausted from overwork.* 2. The insides  
of the stomach, of a fruit. 3. Type of blood  
sausage. 4. Lie, trickery, falsehood; fib, white  
lie. *M'pap pran bouden sa a I won't swallow that.*  
*Bay bouden To lie, to deceive; to tell fibs.* **Bouden**  
**gri** 1. A lie. 2. A despicable person. *Espès bouden*  
*gri You! Good for nothing!*

**boudich la** *n* Buttocks.

**boudonnen** *vi* To buzz.

**boufi** *attrib* Swollen, puffed up.

**boug la, bouk la** *n* Bugger\*, fellow, guy, chap.

**bougalong nan** *n* Type of venereal disease causing  
a constant drip.

**bougenvilye a** *n* (bot) Bougainvillea\*. Named  
after L. A. de Bougainville (1789).

**bougou an** *n* Corn cob.

**bougonnen**<sup>1</sup> *vi* To mumble, to grumble (protest)  
under one's breath.

**bougonnen an**<sup>2</sup> *n* Sweet ball of popcorn (like a  
round mass of candy with syrup). Also called:  
bougonnen granmoun, bougonnen mayi.

**bougrès la** *n* Girl. Cf. Boug la.

**bouje** *vi* To move, to shift; to budge\*. *Pa bouje*  
*Stand still.*

**bouji a** *n* 1. Candle. *V* balèn, chandèl. *Limyè*  
*bouji Candlelight.* 2. Spark plug.

**boujonnen** *vi* To sprout, to bud, to shoot out,  
to burgeon\*.

**boujwa a (m), boujwaz la (fem)** *n* Aristocrat. Cf  
Bourgeois\*. MORISSEAU-LEROY/D-25: *Gan*  
*boujwaz k'ap monte nan machin ou There are aris-*  
*tocrat women getting into your car.*

**boujwazi a** *n* Aristocracy.

**bouk**<sup>1</sup> *Piman bouk*, a very pungent hot pepper.

**bouk la**<sup>2</sup> *n* Billy-goat. *Santi bouk To stink like a*  
*goat.* Also: bouk kabrit, mal kabrit. Cf. E. buck\*.

**bouk la**<sup>3</sup> *n* Buckle\*, curl, ringlet. *Boukdorèy la*  
*Ear-ring.*

**bouk la**<sup>4</sup> *n* Village, bourg\*.

**boukan an, boukandife a** *n* Outdoor open fire  
of twigs, etc.; barbecue (pit). Formerly temporary  
quarters for buccaneers\*.

**boukannen** *vt* To roast (strips of meat, corn,  
etc.) on an open fire, to barbecue, to grill. *V* kan-  
kannen. *Je boukannen Eye without eyelashes.* *Mayi*  
*boukannen Roast corn.*

**boukantay la** *n* Exchange, barter, swap. Cf. tròk.

**boukante** *vt* To exchange, to swap.

**boukara a** *n* Rocky soil.

**bouke**<sup>1</sup> *attrib* Tired, wearied, fatigued, pooped  
(out). *Li bouke ak fanm sa a He's tired of (fed*  
*up with) that woman.*

**bouke**<sup>2</sup> Stop...(Imperative). *Bouke pale moun*  
*mal Stop talking bad about people.* *Bouke rele Stop*  
*shouting.*

**bouke a**<sup>3</sup> *n* Bunch of flowers, bouquet\*.

**boukèt la** *n* Group, gathering, clump. *Boukèt*  
*raje (ou) touf raje Small grove.*

**bouki** *n* Bouki, the name of a legendary stupid,  
foolish person in Haitian folklore. Any stupid  
person can be called 'bouki'.

**boukle**<sup>1</sup> *vt* To buckle\*; to clasp, to curl (hair).  
*Nou nan tan di, nou fèt pou boukle ren nou We're*  
*going through difficult times; we have to tighten our*  
*belts.* Also: mare ren nou.

**boukle**<sup>2</sup> *attrib* Sterile, barren. *Kabrit la boukle*  
*The goat cannot bear young.*

**bouklèt la** *n* Small curl (of hair).

**boukman** *n* **Chèfboukman**: the local representa-  
tive of a political candidate.

**boul la** *n* Ball\* (toy; round object); pimple,  
boil, bump; clot; lump. *Labouyi a boulboul The*  
*porridge is full of clots.* *Boul grès Grease bubble.*  
*Boul lasi Wax bubble.* *Boul nan do Bump on the*  
*back.* *Boul san Blood clot.*

**boula a** *n* The smallest drum of the rada group  
of drums. *Boule boula ou Do your thing.* *Ban'm*  
*boula ou (or) Kouman w'ap boule? How are*  
*you?*

**boulanje a** *n* Baker.

**boulanjri a** *n* Bakery.

**boulatcha** *Anboulatcha Troubled.*

**boulay la** *n* 1. Each round (match) of a cock  
fight. 2. Odd job (DYESIFÒ).

**boulboul** *attrib* Lumpy (food). *Labouyi a boulboul*  
*The porridge is lumpy.*

**bouldimas** *V* **boulmas**

**bouldozè a** *n* Bulldozer\*.

**boule, brile** *vt* To burn, to consume. *vi* To blow out (a bulb); to flunk an examination; to exert oneself; to get burned; to burn up; to do one's thing; to get along; to deal (with). Examples and expressions: *Alkòl sou blesi boule* *On a wound, alcohol stings.* *Kay mwen pran dife, li boule* *My house caught on fire and burned down.* *Kouman madanm ou ap boule avè'w?* *How is madame treating you?* *Fè ti dife boule* *To incite two parties to fight.* *Boule boule'w* *Do your thing.* *Boule zen* *'Burning the pot'; the name of a ritual in which the 'hounsi' is elevated to the rank of 'kanzo' (COURLANDER).*

**boulèt la** *n* 1. Cannon ball. 2. Meat ball. 3. Spit-ball (paper).

**boulin nan** *n* Great speed, velocity. FARDIN-17: *Yo ale yo tounen tout boulin* *They're going and coming as fast as possible.* *Li pete yon boulin* *He dashed out.*

**boulmas la, bouldimas la** *n* Type of medicinal plant. Rheo discolor.

**boulòk la, laboulòk** *n* An unsatisfactory, confused explanation.

**boulon an** *n* Bolt, pin. *Sere boulon* *To tighten a bolt.* (fig) *To clamp down (on someone).*

**boulonnen** *vt* To bolt, to pin.

**boulpik la** *n* 1. Main marble used in a marble game. 2. One's preference, passion, thing, love.

**boulsenlo a** *n* Type of hard candy.

**boulva a** *n* 1. Boulevard\* (street). 2. Encounter, attack between two game cocks.

**boulvari a, bouvari a** *n* 1. Storm, a big wind resembling a small cyclone that rises suddenly. 2. Tumult, raucous.

**boulvès la** *n* Problem, trouble, difficulty. *An boulvès* *Troubled, upside down.* *Bay boulvès* *To bother, to pester.*

**boulvèse** *vt* To upset, to turn upside down, to turn over.

**boum** *interj* Boum!

**boumba a** *n* Canoe carved out of a tree-trunk. *Mwen nan boumba* *I'm in a hull of a boat. I'm in trouble.*

**bounda a, bonda a, bouda a** *n* Buttocks, arse, ass, rectum, the behind, rear, bottom. V bouboun. *Bounda ouvè* *Without limit, all the way.* *Tou sa se bounda nini* *It's a lot of nonsense.* *Bouda'l ron, li vle pete kare* *He wants to swallow more than he can chew. He wants to go beyond his limits.*

**bourad la** *n* Push, shove, thrust; boost.

**bourade** *vt* To push, to shove. *Li bourade do'm* *He shoved me on the back.*

**bourara a** *n* Raucous, noise.

**bouras la** *n* Gust. *Bouras van* *Gust of wind.*

**boure**<sup>1</sup> *vt* To stuff; to overwhelm (with insults), to scold.

**boure**<sup>2</sup> *vi* To stuff one's self with food.

**bourèt la** *n* Wheel-barrow.

**boureye a** *n* Person who pulls carts for a living.

**bourik la** *n* 1. Donkey, burro\*. 2. Card game. 3. Common, clumsy, vulgar, gruff, discourteous person. *Mal bourik* *Jackass.* *Manman bourik* (or) *femèl bourik* *She-ass, jenny ass.* *Ti bourik* *Foal of an ass.* *Li bourik ak kat las* *He lost although he had all four aces; he failed completely.*

**bourike** *vi* To work like a slave (or) a horse.

**bouro a** *n* Hangman, executioner; bad, cruel man, torturer. *Dwèt bouro* *Index finger.* Cf *Dwèt jouda.*

**bous la** *n* 1. Pocket book, purse, wallet. 2. Type of fish with a rugged skin. *Balistas vetula.* 3. Scholarship (study award).

**bousay la, brousay la** *n* Brushwood\*, underbrush\*.

**bouse a** *n* Small inside pocket in the front of the trousers. Cf. E. Gusset.

**bouskay la** *n* Research, search.

**bouske, boske** *vt* To look for, to seek. *Bouske kont* *To look for trouble, to provoke a quarrel.* V *chèche.* Cf. Sp. *buscar.*

**bouskile** *vt* To shove, to hussle.

**bousòl la**<sup>1</sup> *n* Compass with magnetic needle.

**bousòl la**<sup>2</sup> *n* Blister, pimple, tiny skin excrescence. *Papule, pustule.* *Bousòl leve sou li; li te touche lagratèl* *Little pimples were sprouting on him. He had touched poison ivy.*

**bousoufle** *attrib* Swollen, puffed out, bloated.

**boustabak la** *n* 1. Type of black-bird, only larger and with curved beak. *Crotophaga ani.* It is not edible. 2. Type of fish. *Prionodes tabacarius.*

**boustifay la** *n* Food, huge meal.

**boustifaye** *vi* To be on a binge, to have a huge meal.

**bousye a** *n* Fellow, i.e. recipient of a fellowship. V *bous.*

**bout la** *n* 1. End, extremity, edge. *Bout an bout* *End to end.* *Bout pou bout* *Finally.* 2. Dispute, quarrel. *Yè m'te fè yon bout ak Pyè* *Yesterday, I had a row with Peter.* 3. Bit (piece). *Yon bout kouto* *A short knife.* 4. Stump (arm, etc.). 5. Character. *M'konn bout li* *I know his ways, how he acts. I know how to deal with him.* 6. *Ou bout* (or) *Ou fin bout* *Now you've reached your limit; that's enough for you.* *Li fè yon bon bout tan ap pale avè'm* *He talked to me for a long time.* *Dwaye a bout* *The rent is due.* *Nèg sa a se yon bout di* *This man is hard to deal with; he is a hard nut to crack.*

- boute, broute** *vi* To graze, to nibble.
- boutèy la** *n* Bottle\*.
- bouti a**<sup>1</sup> *n* Cutting (from a plant).
- bouti** *V* **abouti**<sup>2</sup>
- boutik la** *n* Shop, boutique\*, general store. A large store is a *magazen*.
- bouton an** *n* 1. Button\*. 2. Boil, sore, pimple. 3. Bud. *Bouton tete* *Nipple*. *Bouton presyon* *Snap, snap fastener*.
- boutonnen** *vt* To button\*. *vi* To sprout (buds). *V* boujonnen.
- boutonnyè a, boutonyè a** *n* Button-hole\*.
- bouva a** *n* A young bull (ox), calf.
- bouya a, brouya a** *n* Fog.
- bouyay la, brouyay la** *n* 1. Predicament, difficulty, trouble. *Li te trè byen men yo lage li nan bouyay* *He was all right, but they put him in a lot of trouble*. 2. Interference (static); noise.
- bouye** *vt* To confuse, to mix up, to embroil\*. *W'ap bouye'm* *You are confusing me*.
- bouyi**<sup>1</sup> *vt* To boil\*. *Bouyi dlo* *To boil water*. *vi* To boil. *Dlo bouyi vit* *Water boils fast*. To rumble (stomach).
- bouyi a** *V* **labouyi**<sup>2</sup>
- bouyivide a** *n* Said of carelessly and hastily prepared food.
- bouyon an**<sup>1</sup> *n* Broth, soup (generally very thick, with meat, plantains, yams, cresses, carrots, radishes, etc.).
- bouyon an**<sup>2</sup> *n* Draft (rough). *Elèv yo fè devwa yo o bouyon anvan yo mete'l o pròp* *The students make a rough draft of their homework before the finished (good) copy*.
- bouyonnen** *vi* To bubble (culin).
- bouzen an** *n* 1. Prostitute. 2. Loose woman, one who goes after men. *V* arona.
- bouziye** *vt* To daub.
- bouziyèt la, breziyèt la** *n* Type of medicinal plant. *Comocladia glabra* Spreng.
- bow** *interj* Bang!
- bòy** *attrib* One-eyed; blind.
- boya a** *n* Mason's hawk (to carry mortar).
- bòykote** *vt* To boycott\*.
- boyo a, bwayo a** *n* 1. Bowels, intestines, guts. 2. Courage, guts. 3. Type of cheap rubber shoes.
- bòzò** *attrib* Elegant. *Fè bòzò* *To show off, to parade*.
- bra**<sup>1</sup> Variant of *bwa*. PAURIS-63: *Seren pran zo bra tèt pou piyay*.
- bra a**<sup>2</sup> *n* Arm. *Kase bra* *To discourage*. *Move nouwèl sa a kase bra'm* *This terrible news put me down*.
- brabako** *V* **babako**
- braban an** *n* Cotton cloth (from Brabant\*).
- brade** *vt* To clamp.
- bradsi bradsou** *adv* Arm in arm.
- bragèt la, bwagèt la** *n* Fly (of trousers).
- brak, bwak** *attrib* 1. Sour, unsweetened (enough), insufficiently sweetened. Cf. E. brackish\*. 2. Impatient, gruff and of few words; laconic.
- brake**<sup>1</sup> *vt* To sweeten somewhat (e.g. coffee).
- brake**<sup>2</sup> *vt* To aim and point at. *Li brake revòlvè sou mwen* *He pointed a revolver at me*. *Brake ak* *To meet, to bump into*.
- branch la** *n* 1. Bough, branch\* (tree), limb. *Yon branch cheve* *A single hair*. 2. Specialty, field.
- branka a** *n* Stretcher, litter. Cf. sivyè.
- brankèt la** *n* Stand (vendor's).
- branl anbranl, an branl** *In motion, agitated*.
- brannen, brennen** *vt* To move, to budge.
- branrany, branhany** *attrib* Sterile.
- bras la, bwat la** *n* Stroke (swimming); batch (of mortar); span of the arm (measurement); fathom.
- brasa a** *n* Armband.
- brase** *vt* To stir, to mix. *Brase afè* *To stir up (handle) business*. *Brase kat yo byen* *Mix the cards well*. *Brase mòtye a* *Mix the mortar*.
- brasèdafè a** *n* Broker, wheeler-dealer. Cf. koutye.
- brasle a** *n* Bracelet\*, armband, wristband.
- braslemont la** *n* Wrist-watch.
- brasyè a, brasye a** *n* Swaddling clothes with long sleeves which are put on newborn babies.
- brav** *attrib* Valiant, brave\*, courageous.
- bravedanje** *To be brave\*, audacious, fearless*. *Ala moun bravedanje* *That person is really flirting with danger*.
- bravo a** *n* Bravo\*, cheer, applause. Universally used Italianism. *Bat bravo* *To cheer, to applaud, to agree, to clap (hands)*.
- bravou a** *n* Bravery\*.
- brè** *V* **bwè**
- breche** *attrib* Notched. *Kouto a te breche* *The knife was notched*.
- brèf** *attrib* Curt, rough, fiery. *Nan pwen moun brèf tankou'l* *No one snaps at you like that*.

**bren**<sup>1</sup> *attrib* Brown\*.

**bren an, brenn nan, brin nan, fèbren**<sup>2</sup> *n* Twilight.  
*Nou lan fèbren* It's dusk.

**breng nan** *n* Young man, young woman. *Yon gran breng konsa, l'ap aji tankou timoun* That big so-and-so is acting like a little child.

**brenn nan, bwenn nan** *n* Intelligence, brains\*.  
*Se pou ou gen brenn pou ou fè travay sa a* You must have brains to do that work. *Mete brenn sou ou* Be smart, go to it.

**brennen** *V* **brannen**

**brenzeng, brennzeng, bwenzeng** *Sou brenzeng* (or) *an brenzeng* Irritated, exasperated, temperamental.

**breson** *V* **bwason**

**brèt** *V* **bwat**

**brete** *V* **bwate**

**bretèl la** *n* Suspenders.

**breton an, breton mayi a**<sup>1</sup> *n* A type of hard candy similar to nougat or peanut taffy made of pop-corn and sugar cane syrup.

**breton** *V* **beton**<sup>2</sup>


**dyòb la, djòb la** *n* Employment, trade, work, task, job\*; racket, graft.

**dyobe, djobe, gyobe** *vi* To do a piece of work, to do a job.

**dyobè a, djobè** *n* Jobber\*.

**dyòk la, djòk la** *n* Evil spell. *V* *maldyòk*.

**dyoke, djoke** *vt* To bewitch. To cast an evil spell (on).

**dyòl la, djòl la, gyòl la** *n* Snout, mouth (of animals), face. *Nan dyòl ou! Oh Yeah! The same to you. Li gen bon dyòl He likes to eat; he is a gourmet. Senatè a gen dyòl dous The senator can soft (sweet) talk you. Yo rete dyòl ouvri They were flabbergasted, dumbfounded. Li rete dyòl loulou With his mouth wide open in astonishment and admiration. Lonje dyòl To pout. Youn krache lan dyòl lòt They agreed to tell the same story (falsehood).*

**dyola a, djola a** *n* Straw sack, bag. *V* *dyakout*.

**dyòlè, djòlè, gyòlè** *attrib* Boastful, loud-mouthed. *Moun pa renmen gason ki dyòlè. People don't like men who brag too much.*

**dyondyon an, djondjon an** *n* Mushroom in general and specially a species of small black mushroom. *Boletus aereus*.

**dyondyonnen, djondjonnen** *vi* To proliferate.

**dyougan, djougan** *attrib* Active, energetic, vivacious.

## E

**e** *conj* And. (Used between two clauses and not between two words). *Pyebwa a tonbe e nonm nan blese The tree fell and the man was injured.*

**è** *n* Hour\*; o'clock. *Inè One o'clock (or) One hour. Senkè Five o'clock (or) Five hours. M'ap rive a katrè I shall arrive at 4. M'ap rive nan katrè I shall arrive in four hours.*

**ebenis la, ebennis la** *n* Cabinet maker. Also: bòs ebenis. *Yon ebenis fèt pou l'gen rap li pou travay A cabinet maker must have his grater to do his work.*

**ebete, enbete** *attrib* Idiotic, dazed, bewildered, muddled, stupid. *Rann ebete To dull, to render stupid. Cf. E. hebetate.*

**eboulman an** *n* Landslide.

**ebyen** *V* **enben**

**eचाfo a** *n* 1. Scaffold\*, schaffolding\*. 2. Seahorse.

**echalòt** *V* **chalòt**

**echantiyon an, chantiyon** *n* Sample.

**echap la** *n* 1. Sash, scarf\*. 2. Sling. *Bra an echap Arm in a sling.*

**echapman an** *n* Exhaust. *Tiyo echapman oto The exhaust pipe in a car.*

**echwe, chwe** *vi* 1. To fail, to flunk, to fall through. 2. To run aground (ship). 3. To end up (somewhere).

**èd la, lèd la** *n* 1. Aid\*, help, relief. 2. Helper. *Li ban'm yon ti èd He helped me out a little.*

**ede, ride, rende, jende, ide, ende** *vt* To help, to aid\*, to assist.

**edikasyon an, ledikasyon an** *n* Instruction, education; good manners, breeding, upbringing.

**edike** *vt* To educate\*, to bring up. Well-bred, educated\*.

**edisyon an** *n* Edition\*.

**efarouche** *vt* To frighten.

**efas la** *n* Eraser. *V* *gòm*.

**efase** *vt* To erase.

**efè a** <sup>1</sup> *n* Effect\*, consequence. *An efè Indeed. Tretman an pa fè efè The treatment didn't have any effect.*

**efè a** <sup>2</sup> *n* Belongings.

**efektivman** *adv* Effectively\*.

**efò a, jefò a** *n* Effort\*, endeavor. *Fè efò, fè jefò*  
To endeavor, to strive.

**èfolè a** *n* Custard.

**efondre** *vi* To collapse, to give way.

**efrayik** *attrib* Fantastic, extraordinary, marvelous.

**efreyan** *attrib* Frightful. *Ou pa si fre kon ou efreyan* You are more frightful than beautiful.

**egal** *attrib* Equal\*; smooth, even (of surfaces), level. *Egal ego* Evenly, equally, at par, even Stephen. *Ki pa egal* Unequal.

**egalize, galize** *vt* To smooth, to even up, to equal\*, to equalize\*. *Ban'm rap la pou'm egalize bwa a* Give me the scraper so that I can even up this board. *Egalize cheve a bò isit* Cut some more hair on this side.

**egare** *attrib* Stupid, naive, dumbfounded, gaping, amazed, bewildered (off the track, staggered). *Pou yo pa pran nou pou egare* So that they don't take us for fools.

**egou a, regou a** *n* Sewer, drain.

**egoyis**<sup>1</sup> *attrib* Selfish.

**egoyis la**<sup>2</sup> *n* Egoist\*; egoism.

**egrè a, zegrè a** *n* Acidity of the stomach, sour stomach.

**egzajere** *vi* To overdo, to exaggerate\*.

**egzak** *attrib* Exact\*, precise, accurate.

**egzakteman** *adv* Exactly\*.

**egzamen an** *n* School exam\*; test; inquiry.

**egzaminasyon an** *n* Worries.

**egzaminen** *vt* To examine\*, to explore, to review, to go over, to look into, to investigate, to survey; to ponder.

**egzan** *attrib* Exempt\*. *Nan pwen moun ki egzan* Nobody is exempt.

**egzanp la, ezanp la** *n* Example\*. *Pa egzanp* For instance.

**egzante** *vt* To spare, to avoid (exempt), to shun. *Egzante'm dezagreman* Don't give me any trouble.

**egzeat la** *n* Permit (to leave a hospital after treatment). Lat. legal term: (Ne) exeat. *Bay egzeat* To release from hospital.

**egzeate** *vt* To release from hospital. Also: bay egzeat.

**egzekite** *vt* To carry out, to fulfill instructions; to execute\*; to kill.

**egzema a** *n* Eczema\*.

**egzèse** *vt & vi* To exercise\*; to practice, to rehearse; to train. *Ou ap egzèse foli* You are acting crazy.

**egzèsis la** *n* Exercise\*, practice, training, drill. *Fè egzèsis* To exercise, to drill, to train.

**egzibisyon an** *n* Show, exhibition\*, demonstration.

**egzijan** *attrib* Demanding, difficult, hard, exacting (said of a person who requires too much).

**egzijans la** *n* Demand.

**egzije** *vi* To demand, to insist upon.

**egzijib** *attrib* Required, necessary.

**egzile** *vt* To exile\*.

**egzistans la** *n* Existence\*.

**egziste** *vi* To exist\*.

**ekaliptis la, kaliptis la** *n* Beakpod eucalyptus, eucalyptus.

**ekay la** *n* Shell.

**ekaymann nan** *n* Craftsman who works with shells.

**ekè a** *n* Square\* (tool for drawing).

**ekilib la** *n* Balance, equilibrium\*.

**ekip la** *n* Team. *Chèf dekip* Foreman (of a group of workers).

**ekipay la, kipay la, lekipay la** *n* 1. Crew. 2. Gear (saddle, saddle-cloth) of a horse.

**ekipe** *vt* To equip\*. *M'pa ekipe pou sa* I am not equipped for that.

**ekiri a, lekiri a** *n* 1. Stable, stall. 2. Groom (stable man).

**ekla a** *n* 1. Fragment, piece. 2. Burst, outburst. *Li pati yon ekla (d)ri* He burst out laughing. 3. Shoe polish.

**eklè** *V zeklè*

**eklerasyon an** *n* Education, culture; enlightenment.

**eklere, klere** *vt* To enlighten. (adj) Well-informed, experienced, bright; brilliant, smart, clever, intelligent, educated, civilized.

**eklèsi, klèsi** *vt* To clarify\*, to lighten, to light, to unravel (a question); to clear up.

**eklips la** *n* Eclipse\*.

**eklis la** *n* Fragment, splinter.

**ekòl** *V lekòl*

**èkondisyone a** *n* Air conditioning\*.

**ekonomi an, ekolomi, konomi, kolomi** *n* Savings, economy\*. *Fè ekonomi* To save (money).

**ekonomize, konomize** *vt* To save money, to economize\*.

**ekòs la, kòs la** *n* Bark (of a tree).

**ekou a** *n* Nut, screw\*.

**ekoulman an** *n* Gonorrhoea, claps (colloquial).

**ekran an** *n* Screen\* (cinema).

**ekri** *vt* To write.

**ekriti a, lekriti a** *n* Handwriting, writing, penmanship; official document. *Pase ekriti* To note down, to make a record of. Cf. E. Scripture\*.

**ekrito a** *n* Poster, notice, sign.

**eksè a** *n* Excess\*.

**eksepsyon an, esepsyon an** *n* Exception\*.

**ekseptè, esepete** *prep* Except\* for. *Ekseptè ke* Except that.

**eksetera, etsetera** And so forth, etc. Also: eksetera era.

**eksite** *vt* To rouse, to arouse, to excite\*, to incite; to get excited\* (from anger, enthusiasm).

**ekspedisyon an, espedisyon an** *n* 1. Shipment, expedition\*. 2. Curse. Agressive magic in which a loa or a spirit is sent out by the houngan to work against some person.

**ekspedye, espedye** *vt* To ship, to dispatch, to expedite\*. Also: Vodou term.

**eksperyans la, esperyans la** *n* 1. Experience\*. *San eksperyans* Without experience. 2. Experiment.

**eksplikasyon an, esplikasyon an** *n* Explanation, description. *Fè eksplikasyon* To go in anger to s.o. and demand an explanation for his words or acts.

**eksplike, esplike** *vt* To explain.

**eksplwate, esplwate** *vt* To exploit\*, take undue advantage of.

**ekspoze, espoze** *vt* To expose\*, to display, to exhibit.

**ekspozisyon an, espozisyon an** *n* Display, show, fair, exhibition. Exposition\*. *Fè yon ekspozisyon* To exhibit (paintings, etc.).

**ekstèminen, estèminen** *vt* To exterminate\*.

**elaji** *V laji*

**elan an** *n* *Pran elan* To get set.

**elastik la** *n* Rubber band. Cf. E. *elastic*\*.

**elatriye** Etc., and so forth.

**elefan an** *n* Elephant\*.

**elegan** *attrib* Smart, elegant\*.

**elegans la** *n* Elegance\*. *V gangans*.

**eleksyon an** *n* Election\*. MORISSEAU-LEROY/D-5: *Lage'm avan eleksyon* Set me free before the elections.

**elektrik la** *n* Electricity\*. *Vil la gen elektrik* The town has electricity.

**elektrisite a** *n* Electricity\*.

**elektrisyen an** *n* Electrician\*.

**eleman an** *n* Element\*. 2. A character (person).

**elemantè** *attrib* Elementary\* (class).

**elèv la** *n* Pupil, student. *Li se elèv papa'l* He is a chip of the old block; he is acting like his father.

**elevasyon an, levasyon an** *n* (pop) Education, rearing, instruction. *Poud elevasyon* Yeast.

**Eli** *n* Elias\*.

**elikoptè a** *n* Helicopter\*, chopper.

**elimine** *vt* To eliminate\*, to do away with.

**elit la, lelit** *n* Elite\*

**elòj la** *n* Praise. *Fè elòj* To praise.

**elve** *vt* To breed, to bring up, to raise, to rear, to train, to educate (children). *Byen elve* Well-trained, polite, well brought up, well-bred. *Mal elve* Rude, not properly trained, not well brought up, unruly.

**emab** *attrib* Amiable\*, friendly, kind.

**eman** *V leman*

**emay la** *n* Enamel\*.

**emaye** *attrib* Enamelled\*

**emoraji a** *n* Hemorrhage\*.

**emosyon an** *n* Emotion\*. *Fè emosyon* To suffer an emotion, to get emotional.

**en**<sup>1</sup> *num* One. Used in set phrases, for instance: *en an, ennan* One year. In a liaison, 'en' is pronounced 'enn'. In counting, 'youn' is also used. En, de, twa (or) youn, de, twa = One, two, three.

**en, hen**<sup>2</sup> *interj* What!

**enb** *attrib* Humble\*.

**enben, ebyen, anben** *interj* So, well then.

**enbesil** *attrib* Stupid, dummy, fool, imbecile\*. *V sòt*.

**enbesilite a** *n* Foolishness.

**enbetan** *V anbetan*

**enbete** *V ebete, anbete*

**ende** *V ede*

**endèks la** *n* Index\* finger. Also: *dwèt jouda*.

**endepandan** *attrib* Independent\*.

**endepandans la, lendepandans** *n* Independence\*.

**endesans** *attrib* Indecent\* (of persons), improper, lewd.

**endesans la** *n* Indecency\*.

**endiferan** *attrib* Indifferent\*.

**endiferans la** *n* Indifference\*.

**endigo** *V* digo

**endijan** *attrib* Indigent\*, very poor.

**endijès** *attrib* 1. Indigestible\*. 2. Intolerant, irritable (person).

**endijestyon an, endijesyon** *n* Indigestion\*.

**endikasyon an** *n* Direction, indication\*.

**endike** *vt* To indicate\*. (Also a variant of 'edike').

**endirèkteman** *adv* Indirectly\*.

**endiskrè** *attrib* Indiscreet\*.

**endispoze** *vt* 1. To make nauseous. To upset (emotionally). 2. To faint, to get ill. Indisposed\*.

**endispozisyon an** *n* Sudden sickness; fit, stroke, loss of consciousness, fainting spell, attack (illness). Indisposition\*. *Li fè yon sèl en-dispozisyon yè swa; li manke mouri. Se nan bouch lanmò li sòti* He had a violent attack last night. (He passed out) and almost died. He escaped from the fangs of death.

**endistri a** *n* Industry\*.

**endividi a, dividi a** *n* An individual\*, a character.

**endiyasyon an** *n* Indignation\*.

**endiye** *attrib* Indignant\*, angry, outraged.

**endont** *attrib* Untamed, not broken in (animal). *Chwal endont* A horse that has not been broken in. *V* donte.

**endyèn nan** *n* Printed calico, Indian\* cloth.

**enèji a** *n* Energy\*.

**enèvan an, nèvan** *attrib* Irritating.

**enève, nève** *vt* To upset, to get on s.o.'s nerves\*, to irritate.

**enfeksyon an** *n* Infection\*.

**enfekte** *vt* To infect\*.

**enferyè** *attrib* Lower (in quality); inferior\*; vulgar, unrefined, contemptible, gross, rude.

**enfim** *attrib* Cripple, sickly, infirm\*. *V* estropye. *Li enfim depi aksidan oto a* He has been a cripple since the car accident.

**enfimyè a** *n* Nurse (for sick people). *Metey enfimyè* Nursing.

**enflamasyon an, anflamasyon** *n* Swelling, inflammation\*.

**enfliyans la** *n* Influence\*.

**enfòmasyon an** *n* Information\*. *Pran enfòmasyon* To enquire, to inquire.

**enfòme** *vt* To inform\*; to acquaint, to notify; to inquire.

**enfranjit la, lenfranjit la** *n* An illness characterized by swollen feet.

**enganm** *attrib* Elegant, alert, in good shape, in good health. Cf. anfòm.

**engra** *attrib* Ungrateful, unthankful. Cf. E. Ingrate\*.

**engratiid la, lengratiid** *n* Ingratitude\*.

**enhen** Yes, O.K..

**èni an** *n* Hernia\*. *V* maklouklou.

**enjenyè a** *n* Engineer, architect.

**enji a** *n* Insult.

**enjis** *attrib* Unfair, unjust\*.

**enjistis la, lenjistis** *n* Injustice\*.

**enkapab** *attrib* Unfit, incompetent.

**enkomode** *vt* To inconvenience (i.e. to be injurious to s.o.'s health). *Lafimen an te enkomode'm* The smoke made me feel sick.

**enkonduit la, lenkonduit** *n* Improper behavior. *Se lenkonduit ki mete'l la* His bad conduct\* put him in that position.

**enkoni** *attrib* Unknown. Cf. pwa enkoni.

**enkonpetan** *attrib* Incompetent\*.

**enkonpetans la** *n* Incompetence\*.

**enkonsekan** *attrib* Carefree, listless, inconsequential.

**enkonsolab** *attrib* Inconsolable\*.

**enkonsyan** *attrib* Unrealistic, listless.

**enkonvenyan an** *n* Hindrance, problem, inconvenience\*.

**enkoutab** *attrib* Stubborn, disobedient.

**enkoutan** *attrib* Stubborn, disobedient.

**enkredil** *attrib* Sceptic, incredulous\*.

**enkriminen** *vt* To incriminate\*.

**enkwayab** *attrib* Unbelievable, incredible\*.

**enkwayan an** *n* Unbeliever, atheist.

**enkyè** *attrib* Concerned, worried, anxious, preoccupied.

**enkyetan** *attrib* Worrisome.

**enkyete** *vt* To worry. To be worried, preoccupied, restless.

**enkyetid la, lenkyetid** *n* Worry, concern, anxiety, restlessness.

**énmi an, lelmi, lénmi, elmi** *n* Enemy\*, foe, adversary.

**enpas la** *n* 1. Blind alley, no through street, cul-de-sac. 2. Situation without an apparent solution.

**enpasyan** *attrib* Impatient\*, eager.

**enpasyans la** *n* Impatience\*, eagerness. *Ak enpasyans* *Impatiently\**, *eagerly*.

**enpe, en pe** A little, some, somewhat, a few, a bit of; many, much.

**enpè a** *n* Blunder. *Komèt you enpè* *To commit a blunder*.

**enpètinan** *attrib* Impertinent\*.

**enpètinans la** *n* Impertinence\*.

**enpi** *V* epi

**enpo a** *n* Tax.

**enposib** *attrib* Impossible\*.

**enpòtan** *attrib* Important\*.

**enpòtans la** *n* Importance\*.

**enpòte** *vt* To import\*.

**enpoze** *vt* 1. To impose\*. *Ou pa kab enpoze'm volonte'w* *You can't impose your will on me*. 2. To forbid, to prohibit, to hinder, to prevent. *Respekte leta pa enpoze'n sèvi Bondye* *Having respect for the State doesn't prevent us from serving God*.

**enpresyon an, lenpresyon** *n* Impression\*.

**enpridan** *attrib* Imprudent\*. Careless.

**enpridans la** *n* Imprudence\*. *Fè enpridans* *To expose one's self to sickness*.

**enprime** *vt* To print\*.

**enprimri a** *n* Printing\* plant.

**ensandi a** *n* Fire, conflagration, blaze.

**ensètèn an, lensètèn** *attrib* Uncertain\*.

**ensètitud la, lensètitud** *n* Incertitude\*, uncertainty\*.

**ensidan an** *n* Incident\*.

**ensilt la** *n* Insult\*, affront, abuse.

**ensilte** *vt* To insult\*, to abuse.

**ensipòtab** *attrib* Unbearable.

**ensiste** *vi* To Insist\*.

**ensiswatil** Amen.

**ensiyifyan** *attrib* Stupid, worthless.

**enskri** *vt* To register, to write in, to enroll, to inscribe\*.

**enskripsyon an** *n* Registration.

**ensolan** *attrib* Impertinent, insolent\*, impudent, scornful, insulting (applies to persons).

**ensolans la** *n* Insolence\*.

**ensolanste a** *n* Insolence\*, insult\*.

**ensolanstri a** *n* Insolence\*, impertinence, disrespect. More frequently heard is *ensolanste*.

**enspekasyon an** *n* Inspection\*.

**enspekte** *vt* To inspect\*, to survey.

**enspektè a** *n* Inspector\*.

**enstalasyon an** *n* 1. Installation. 2. Facilities.

**enstale** *vt* 1. To install\* (in office). 2. To settle down. *Lò m'fin enstale, m'a envite'w lakay*. *When I'm settled, I'll invite you to come to my house*. 3. To knock down. *Si ou fè'm fache, m'a enstale'w ak you kou* *If you get me angry, I'll knock you down on the ground*. 4. To install\* one's self.

**ensten an, lensten** *n* Instinct\*.

**enstriksyon an, lenstriksyon** *n* Instruction\*, education.

**enstriman an** *n* Instrument\*.

**enstrui, enstwi** *attrib* Instructed\*, learned, educated.

**entak** *attrib* Intact\*.

**entansyon an, lentansyon** *n* Intention\*, design.

**entatad** *attrib* Senile, gaga.

**entèdi** *vt* To forbid, to ban.

**entèji** *vt* To stun, to startle, to render numb.

**entèl** *indef pron* So and so. *Entèl te vini yè?* *Did so and so (you know who) come yesterday?* Ordinarily, "intèl" is used for females.

**entelektyèl la** *n* Intellectual\*.

**entelijan** *attrib* Clever, wise, intelligent\*.

**entelijans la** *n* Intelligence\*, understanding, instinct.

**entènasyonal** *attrib* International\*.

**entène** *vt* To hospitalize. Also: *Entène lopital*.

**entèple** *vt* To invoke, to call (a minister before parliament).

**entèprèt la** *n* 1. Interpreter\*. 2. One who is always ready to add an explanation.

**enterè a, lenterè** *n* Interest\*.

**enteresan** *attrib* 1. Interesting\*, important, profitable, amusing. 2. *Fè enteresan* *To act big, to show off, to put on airs, to try to be funny*.

**enterese** *vt* To interest\*. To interest\* one's self in. Interested\*.

**enteroje** *vt* To interrogate\*, to cross-examine, to question.

**enteronp** *vt* To interrupt\*.

**entesten an** *n* Intestine\*.

**entèvyouve** *vt* To interview\*.

**entim** *attrib* Intimate\*.

**entimide** *vt* To intimidate\*.

**entimite a** *n* Intimacy\*.

- entorije** *vt* To oblige, to compel.
- entrig la** *n* Intrigue\*, plot.
- entrigan an** *n* Schemer, intriguer\*.
- entrouvab** *attrib* Hard to find, not to be found.
- entyò** *V* etyò
- envalid la, envalib la** <sup>1</sup> *n* Invalid\*, cripple.
- envalid, envalib** <sup>2</sup> *attrib* Idle, lazy.
- envansyon an** *n* Invention\*.
- envante** *vt* To invent\*, to devise.
- envantè a** *n* Inventory\*.
- envazyon an** *n* Invasion\*.
- envesti** *vt* To invest\*.
- envitasyon an** *n* Invitation\*.
- envite** <sup>1</sup> *vt* To invite\*.
- envite a** <sup>2</sup> *n* Guest.
- envite** <sup>3</sup> *V* evite
- envizib** <sup>1</sup> *attrib* Invisible\*.
- envizib la** <sup>2</sup> *n* Invisible spirits, ancestors, the spiritual world.
- epa** *V* apa
- epav la** *n* Idle person, drifter, one who has no home, no occupation, and who is always at s.o. else's house.
- epay la** *n* Savings. *Fè epay* To save, to economize.
- epe a, nepe a, lepe a** *n* Sword.
- epè, epe** *attrib* Thick.
- epeng** *V* zepeng
- epesè a** *n* Thickness.
- epi** <sup>1</sup>, **enpi** *conj* And, then, and thereupon.
- epi** <sup>2</sup> **mayi a, zepi a** *n* Ear of corn.
- epidemi an, pidemi an** *n* Epidemic\*.
- epis la, zepis la** *n* Spice\*. *Manje a gen anpil epis* The food is spicy.
- epitou, epi tou** *conj* Therefore, as a matter of fact.
- eple** *vt* 1. To spell\*. 2. To read with difficulty.
- epòk la, lepòk** *n* Time, epoch\*, period. *Nan chak epòk* In each period.
- eponj la** *n* Sponge\*.
- epouste** *vt* To dust, to rub down.
- eprèv la, zeprèv** *n* 1. Trials and tribulations, hardship. 2. Printing proofs.
- ere** *attrib* Happy.
- erè a, lerè** *n* Mistake, error\*. *Nan lerè* (or) *Nan erè* In error. *Fè erè* To be mistaken, to be abused, to err\*.
- erente** *attrib* Exhausted, very tired. *Pa leve bagay lou; ou a erente* Don't lift anything heavy; you'll sprain yourself.
- erèz** *attrib* (fem) Happy.
- erèzman** *adv* Fortunately, luckily.
- erèzte a** *n* Happiness.
- eritaj la, leritay** *n* Inheritance\*.
- erite** *vt* To inherit\*.
- eritye a** *n* Heir\*.
- Eròp, Leròp** *n* Europe\*. *An Eròp* In Europe.
- erozyon an** *n* Erosion\*.
- esans la** *n* Essence\*. Extract.
- esè a** *n* Attempt, experimentation, trial (tryout). *Te'm fè yon esè* Let me give it a try.
- èsès** *Fè yon moun mache èsès* To make s.o. tow the line.
- esetera** *V* etsetera
- eseyay la** *n* Fitting of clothes, shoes, etc.
- eseye, seye** *vt* To try, to test; to endeavor (to do something).
- eskalye a, leskalye a** *n* Stairs. *Mach eskalye* Step.
- eskandal la, skandal la** *n* Scandal\*, uproar. *Fè skandal* To cause a scandal.
- eskandalè, skandalè** *attrib* Noisy, uproarious.
- eskandalèz** *attrib* Uproarious, loud; (usu) used with female beings.
- eskanp la** *n* Crease, fold(s) of the trousers. *Afòs m'mete'l, pantalon an pèdi eskanp li* I had worn my pants so much that they had lost their crease.
- eskanpe** *attrib* Creased. *Pantalon an byen eskanpe* The trousers are well creased.
- eskapilè a, skapilè a** *n* Scapular\*.
- èske** Introductory phrase used to form questions. Its use is optional. It corresponds to the English auxiliary 'do' (does). *Pòl, èske ou vle manje konnyeya?* Paul, do you want to eat now?
- eskente** *attrib* Very tired, exhausted.
- eskive** *vt* To dodge, to elude, to avoid.
- eskiz la** *n* Apology, excuse\*. *Fè eskiz* To beg for pardon, to say one is sorry.
- eskize** *vt* To excuse\*, to pardon. *Eskize, wi!* Please excuse me, I am leaving.
- esklann nan** *n* Row, scandal, commotion.



**esklav la** *n* Slave\*. *M'te trò esklav travay la, m'kite sa* I was too tied down (dedicated) to that job, so I quit.

**esklavaj la, lesklavaj** *n* Slavery\*. *Mete nan esklavaj* To enslave\*.

**eskonbrit la** *n* Mess, noise, commotion.

**eskont la** *n* Advance payment of salary (at a discount\*). *Anplwaye a nan eskont* The employee regularly gets paid in advance (suffering a discount).

**eskonte** <sup>1</sup> *vi* To intend (to), to expect (to), to hope.

**eskonte** <sup>2</sup> *vi* To get (paid) one's salary in advance (less a discount\*).

**eskòpyon** *V* skòpyon

**eskòt la** *n* 1. Escort\*. 2. An association of loas, related or otherwise, who assist each other in their work (COURLANDER).

**eskòte** *vt* To escort\*.

**eskout** *V* skout

**eskwad la** *n* Squad\*, squadron\* (group of soldiers, workers, etc.) *V* kòve, koumbit.

**esoufle** *attrib* Panting, short-winded.

**espadon an** *n* Swordfish.

**Espay, Lespay** *n* Spain\*.

**espant la** *n* Surprise blow, hard blow, cut, causing unexpected physical damage. *Pran yon espant lan batay* To receive a hard blow in a fight. Cf. bòt.

**espante** *attrib* Astonished, overpowered, surprised; wonderstruck, startled.

**espànnyòl, panyòl** *n* Spaniard; Spanish\*. *Nan panyòl* In Santo Domingo, in the Dominican Republic.

**espas la** *n* Space\*; gap, hole.

**espè a** *n* Expert\*.

**espedisyon an, ekspedisyon** *n* Evil spell.

**espedye, ekspedye** *vt* 1. To send, to forward. Cf. To expedite\*. 2. To exorcise.

**espekilatè** *V* spekilatè

**espektak** *V* spektak

**espektatè a, spektatè a** *n* Spectator\*.

**esperans la** *n* Expectation, hope.

**espere** *vi* 1. To hope, to expect, to trust. 2. (pop) To wait for. *V* tann. *Gen inè depi m'ap espere'w* I've been waiting for you an hour.

**esperyans** *V* eksperyans

**espesyal, spesyal** *attrib* Special\*.

**espesyalman, spesyalman** *adv* Especially\*.

**espionnen** *vt* To spy\* on.

**espirit la** *n* Spiritism\*. *Seyans espirit* Seance.

**esplandè a, splandè a** *n* Splendor\*, beauty.

**esplikasyon** *V* eksplikasyon

**esplike** *V* eksplike

**esplozyon an, eksplozyon an** *n* Explosion\*, blast. *Fè esplozyon* To explode.

**espò** *V* spò

**espòte, ekspòte** *vt* To export\*.

**espoze, ekspoze** *vt* To expose\*, to exhibit.

**espre** *adv* On purpose, specially, expressly\*. *Yon fètspre* A voluntary act. *Pa espre* Purposely, on purpose.

**esprès** *Fè esprès* To jump on a running vehicle (car, train, etc.).

**espri** *V* lespri

**espwa a, lespwa** *n* Hope, trust.

**eswennfil, springfil** *n* Springfield\* rifle.

**espyon an** *n* Spy\*.

**estad la, stad la** *n* Stadium\*.

**estannbay, stannbay, estennbay** *vi* To stand\* by, to wait.

**estasyon** *V* stasyon

**estat** *V* stat

**estaté** *V* statè

**estati** *V* stati

**estekoun nan** *n* 1. Second hand clothing. 2. Servant.

**estèmine, estèminen** *vt* To exterminate\*.

**estènen** *V* etène

**estetoskòp la, stetoskòp la** *n* Stethoscope\*.

**estimasyon an** *n* Assessment, estimate\*. *Fè yon estimasyon* To give an estimate.

**estime** *vt* To esteem\*.

**estimè a, stimè a** *n* Steamer\*, steamship\*.

**estòk** *V* stòk

**estomak** *V* lestomak

**estomake, estonmake** *attrib* To be offended, hurt. To be angry because of injured pride, because your feelings have been hurt. *V* fwase.

**estòp** *V* stòp

**estope** *V* stope

**estrad la** *n* Platform, stage.

**estravagan** *attrib* Extravagant\*.

**estravagans la** *n* Extravagance\*.

**estròdinè, estraòdinè** *attrib* Unusual, extraordinary\*.

**estropye, stropye** *vt* To maim, to cripple, to mutilate.

**estwòdè a** *n* Show-off, pompous ass.

**estyèm, etchyèm** *interj* Kerchoo! (onom).  
V etèneue.

**eta a** <sup>1</sup> *n* State\*, condition. *Liv la an movèz eta* The book is in bad condition. *Eta sivil la* Registry office (of births, marriages, etc.). *Ofisyè eta sivil* Registrar of vital statistics (births, marriages, etc.).

**eta** <sup>2</sup> V **leta**

**etabli a, tabli a** <sup>1</sup> *n* Workbench.

**etabli, tabli** <sup>2</sup> *vt* 1. To establish\*. 2. To settle down. 3. To cohabit with a woman.

**etaj la, letaj** *n* Floor, storey. *A letaj* On the first floor. *Kay la gen senk etaj* The house has five floors.

**etajè a, letajè a** *n* Shelf.

**etale** *vt* 1. To spread. *Li etale machandiz yo sou trotwa a* He spread the merchandise on the sidewalk. 2. To display. *Li etale tout afê'l nan lari* He lets everybody know his business. 3. To knock down. *M'a etale ou* I'll floor you (knock you down).

**etalon an** *n* Stallion\*.

**etan** <sup>1</sup> V **letan**

**etan, antan** <sup>2</sup> *conj* While (at the time when). *Etan n'ap di sa, nou bese tèt nou* While saying that, we bow our heads. V **detan**.

**etanda a** *n* Standard\*, banner.

**etandòt** And so many others.

**etann, tann** *vt* To extend\*, to stretch out.

**etanp la** *n* Branding iron, stamp.

**etanpe** V **tanpe**

**Etazini** *n* United States\*.

**ete a, lete** *n* Summer. *An ete* In the summer.

**eten an, leten an, ten an** *n* Tin\*.

**etenn, tenyen** *vt* To put out (extinguish\*) a fire; to turn out, to switch off (light).

**etensèl la, tensèl la** *n* Spark.

**etèneue, etènye, estènen, etennen** *vi* To sneeze, to snort (animals).

**eti, ti** *interj* Please! Yes! (in answer to a call). Cf. plètil.

**etid la** *n* Study\*; education. *Yo fè anpil etid* They have studied a great deal.

**etidyan an** *n* Student\*.

**etidye** *vt* To study\*; to examine, to consider.

**etikèt la, letikèt** *n* Sticker, label. Cf. E. ticket\*.

**etòf la** *n* Cloth; stuff\*.

**etone** *vt* To amaze. To be amazed, surprised, astonished.

**etoudisman an, toudisman an** *n* Dizziness, vertigo.

**etoufman an** *n* Suffocation.

**etranj** *attrib* Strange\*.

**etranje** <sup>1</sup> *attrib* Foreign, imported.

**etranje a** <sup>2</sup> *n* Foreigner; guest; stranger\*. *Aletranje* Abroad, in foreign countries.

**etriye a, zetriye a** *n* Stirrup\*.

**etsetera, eksetera, esetera, etc** *adv* Et cetera, etc. Also: *etsetera era*.

**etwa, etwat, etwèt** *attrib* Narrow, tight. Cf. E. Strait\*. V **jis**.

**etwal** V **zetwal**

**etyò, entyò, entchò** *attrib* *Bourik etyò* A large donkey kept for breeding.

**evakue, evakwe** *vt* To evacuate\*.

**evanjil** *n* Gospel.

**evantay la, vantay** *n* Fan (hand held device cooling the air near one's face).

**evapore** *vi* To evaporate\*. *Lèt evapore* Evaporated milk.

**evèk la** *n* Bishop. V **monseyè**.

**evénman an, levénman** *n* A (rare) event\*, happening; calamity. *Provèb la di: Nèg sòt se evénman* The saying goes: A stupid person is a terrible thing.

**evite, envite** *vt* To avoid\*, to spare; to avert.

**evolue, evolue** *vi* To develop, to evolve\*.

**eyè a, zeye a** *n* Carnation.

**ezeman** *adv* Easily\*.

**Ézili, Zili** *n* Erzulie\* (goddess). Ézili-je-rouj is evil. Ézili-Freda is benevolent.

**ezitasyon an** *n* Hesitation\*, hesitancy\*.

**ezite** *vi* To hesitate\*, to sway.

## F

**fa a** <sup>1</sup> *n* Make-up (for the face). Fard\*.

**fa a** <sup>2</sup> *n* Lighthouse.

**fab la** *n* Fable\*, fairy-tale, a made-up story, product of the imagination, joke.

**fabrik la** *n* Factory.

**fache** *attrib* Angry, discontented. *Pa fache pou sa* Don't take offense at that. *Sa fè'm fache anpil* That infuriates me. **Fache ak** *To fall out with.* **Koupe fache** *To break off relations, or a friendship.*

**fachin nan** *n* (single) Faggot, small branches of dry wood. Fascine\*.

**fachman an** *n* Falling out (rupture of relationship); anger, discontent.

**fad** *attrib* Tasteless, insipid, boring. (usu) Applied to insufficiently spiced food, without enough salt. *Jodi a manje a fad, li pa gen bon gou* Today, the food is tasteless, it doesn't have a good taste.

**fade** *vi* To put on make-up.

**fado a** *n* Load, burden.

**faksyon an** *n* Guard duty.

**faksyonnè a** *n* Sentry.

**faktè a** *n* Postman, letter-carrier, mail carrier, mailman.

**fakti a** *n* Bill, invoice.

**faktori a** *n* Americanism for the more usual *izin*.

**fal la** *n* 1. Gizzard; front, chest, belly, crop (of birds). 2. Bib (of clothing). *Pa pote fal ou* Don't expose yourself (to danger). *Be careful.* **Fal mwen plen** *I am full (satiated).*

**falèz la** *n* Cliff, precipice.

**famasi a, fanmasi, fonmasi** *n* Pharmacy\*, drug-store. **Kouto famasi** *Two-faced hypocrit.*

**famasyen an, fonmasyen an** *n* Pharmacist\*, drug-gist.

**familyarite a** *n* Familiarity\*. **Ou fè tròp familyarite avè'l** *You are too familiar with him.*

**fanal la, fannal la** *n* Lantern. Also: Part of a calabash cut at the top in which a candle is placed (stuck in a little mud) and placed in the sea so that the fisherman may see the fish at night. Also: A type of cardboard lantern used around Christmas time and carried in the streets. It has designs cut out of the cardboard, particularly in the Jérémie area, where kids parade them, shouting 'Viv Nwèl'.

**fanatik la** *n* Fan, fanatic\*.

**fanbre** *attrib* Woman chaser, womanizer.

**fandanman** *attrib* Spoiled, smelly (meat). *V foudang.*

**fane, fannen** *vi* To fade, to wither.

**fanm nan** *n* Woman; wife; mistress. *V fi.* **Fanm kay** *The woman that you regularly live with (either legally married or as a concubine) as opposed to 'fanm deyò', 'fanm sou kote' (mistress).* **Fanm marye** *(Legal) wife as opposed to 'fanm plase'.* Outside

this context, 'wife' is translated by 'madanm'. **Mete fanm sou ou** *Act with determination as a mature woman.*

**fanmi an, fami an, lafanmi** *n* Family\*. Kin, relative(s). **Se yon afè lafanmi** *It's a family affair.* **Se fanmi'm** *It's a relative of mine.*

**fanmitay la** *n* Family relationships.

**fanmòt la** *n* Effeminate, pusillanimous man; weakling like a woman; sissified man.

**fanmsay la, fanmsaj, famsay, fanmchay** *n* Midwife. Also: *sajfam, akouchèz.*

**fann** *vt* To split, to crack, to burst (open), to break open, to divide, to part. **Pòt la fann** *The door is cracked.* **Pobouch ou fann** *You have chapped lips.* **Nouvèl la fann kè'm** *That news breaks my heart.* **Fann vant** *To make an operation on the stomach.* **Ke fann** *Coat with a vent.* *vi* To take to one's heels, to dash off. **M'fann deyè'l** *I went after him.* **Fann nan siyay yon moun** *To follow in s.o.'s trail; to go after.*

**fannal** *V fanal*

**fannen** *V fane*

**fant la** *n* Crack, opening, fissure, crevice, split, gap. **M'wè'l nan fant pòt la** *I see him from the opening in the door.*

**fantezi a** *n* Whim, fancy\*.

**farandolè a** *n* Braggart, pompous ass.

**farin nan** *n* Flour. **Farin frans** *Wheat flour.* **Farin Ginen** *Powder used to draw the ceremonial 'vèvè'.* **Farin mayi** *Corn flour.* **Farin manyòk** *Tapioca.* **Farin diri** *Rice powder.*

**farinay la** *n* Light rain, drizzle, mist. Also: *farinay lapli.*

**farinen, farine** *vi* To drizzle, to be misty. **Kite'm al lakay mwen, lapli ap farinen** *Let me go home; there is a slight drizzle. (It's raining lightly).*

**farizyen an** *n* Hypocrit.

**farouche, efarouche** *vt* To frighten.

**fas la** <sup>1</sup> *n* Face\*. **Fas pou fas** (or) **Fas a fas** *Face to face.* **An de fas** *Two-faced, hypocritically.* **Bay fas** *To face.* **An fas** *Opposite.* **Ou pa fouti kanpe an fas mwen pou ou pale konsa** *You couldn't face up to me and talk that way.*

**fas la** <sup>2</sup> *n* Farce\*, joke. **Pa pran'm fè fas** *Don't fool around with me, don't kid around with me.*

**fasad la** *n* Front, facade\*. **Kay la gen bèl fasad men li pa solid** *The house has a pretty front, but it's not very sturdy.*

**fasè a** *n* Joker, undependable.

**fasi** *vt* To stuff (food).

**fasil** *attrib* Easy, facile\*; easygoing. (adv) Easily.

**fasilite**<sup>1</sup> *vt* To give, to make something available to s.o.

**fasilite**<sup>2a</sup> *n* Ease. *Ak fasilite* Easily.

**fason an** *n* Way, manner.

**fatig la** *n* Fatigue\*, tiredness.

**fatigan** *attrib* Strenuous, tiresome, tiring, fatiguing\*.

**fatige** *vt* To tire, to tire out; to get tired, to get weary. *Ou fatige'm* You're making me tired; you're boring me; you're pestering me. *Pa fatige kò'w* 1. Don't tire yourself out. 2. Don't worry.

**fatra a** *n* 1. Waste matter, garbage, trash, rubbish, junk, filth, refuse. 2. (fig) Low, despicable person.

**favè a** *n* Favor\*. *Li fe'm anpil favè, fòk mwen ride'l jodi a* He did me a lot of favors; I have to help him today.

**fay** *V* flay

**faya** *Tonbe faya* To be exhausted, to be down and out.

**fayans la** *n* China, crockery (refined pottery originally from Faenza, Italy).

**fayit la** *n* Bankruptcy\*. *Fè fayit* To go bankrupt, to fail.

**fayminit** *adv* Fast, in a jiffy, in just five minutes\*.

**fe a**<sup>1</sup> *n* Energy, urge, drive (pep), fire\*. *Kase fe* To break s.o.'s back (will, energy).

**fe a**<sup>2</sup> *n* Ridge (of a house).

**fè**<sup>1</sup> *vt* 1. To do, to make, to perform, to produce, to provide; to manufacture, to achieve. 2. To take in (money). 3. To read, to learn (law, etc.) 4. To give birth. 5. To have sex. 6. To stay, to spend. Examples and expressions: *M'te fè de jou Jakmèl* I stayed two days in Jacmel. *Anpil lan boutik yo te konn fè de san dola pa jou* Many of the stores used to take in two hundred dollars a day. *Fè lanmou* To make love. *Fè debon* To be pregnant. *Fè byen* (or) *Fè dibyen* To be beneficial to s.o. To be good for s.o. *Fè mal* To hurt. *Fè yon moun ri* To make s.o. laugh. *Fè sa pou mwen* Do that for me. *Sa l'fe l'fe* Come what may. *Fè manti* To tell a lie. *Fè pitit* To beget, to have children, to multiply. *Lajan nan labank fè pitit* Money in the bank grows. *Fè tèt* To give (or) to get a haircut. *Fè sanblan* To make out, to pretend. *Fè pa'm* Give me a chance. *Li fe, li fe jis li pèdi* He kept on and on till he lost. *Fè devwa* To fulfill one's duty. *M'fe yon rèv* I had a dream. *L'ap fè ledwa* He is reading (studying) law. *Pran yon moun fè blag* Not to take someone seriously; to make fun of. *Fè lapenn* To hurt, to cause sorrow, grief, distress. *Fè fre* It's cool. (In this example, 'fè' is an impersonal verb).

**fè a**<sup>2</sup> *n* 1. Iron (metal). *Li chich pase do kiyè fè* He's stingier than hell. (A wooden spoon might give something, but nothing sticks to the iron

spoon). 2. Iron (for pressing clothes). *Pase fè sou yon ròb* To iron a dress. A *fè* is called *karo* in some parts of Haiti.

**fè a, fèt la**<sup>3</sup> *n* Fact\*.

**fèb** *attrib* Weak, delicate, faint. Feeble\*. *M'fèb pou sigarèt mwen* Cigarettes are my weakness; I am partial to cigarettes.

**fèblan an** *n* Tin can; tin-plate, metal container.

**fèblantye a** *n* Tinsmith.

**fèblès la, feblès la** *n* Weakness; anemia, fainting, swoon. *Tonbe feblès* To swoon from hunger, illness, etc.

**febli** *vi* To weaken, to lose strength.

**fedatifis la** *n* Fireworks.

**fèfoje a** *n* Wrought-iron.

**fèk, fenk** *aux v* To have just. *V ferenk. Li te fèk fet* He was just born. *M'fèk di sa* I just said that. *Fèk kare* To make a fresh start (after having been at it for a long time). *Chantè a fèk kare chante* The singer has been singing for a long time (and now he is starting with greater vehemence).

**fekal** *attrib* Faecal\*. Only in *matyè fekal*, faecal matter, stool (medical term).

**fele** *vi* To crack, to fracture. Cracked, fragile. *Vè a fele; pa bwè ladan'l* That glass is cracked; don't drink from it. *Tifi sa a se ze fele; pa jwe avè'l* That girl is very fragile; don't play with her. Even when she is touched lightly, she cries.

**fèm**<sup>1</sup> *attrib* Firm\*, steady, solid, sturdy, strong, fresh. *Kenbe fèm* Hold tight.

**fèm nan**<sup>2</sup> *n* 1. Farm\*. 2. Lease.

**fèmante** *vi* To ferment\*.

**fèmay la** *n* Annual rent, Farm\* rent.

**femèl la, fennèl la** *n* Female\* (Refers to animals). *Femèl chat* Pussy cat. *Femèl chen* Bitch. *Femèl bourik* Jenny ass. *Femèl kochon* Sow.

**fèmen**<sup>1</sup> *attrib* Shy.

**fèmen**<sup>2</sup> *vt* 1. To close, to shut, to shut in, to stop. 2. To imprison. 3. To close in, to hem in (to prevent s.o. from passing). *Fèmen ak kadna* To padlock. *Li fèmen kò'l nan yon kwen* He confines himself; he isolates himself.

**fen an**<sup>1</sup> *n* End. *San fen* Endless, ceaseless, incessant, infinite\*. *Lan fen fon* In the very depths of, in the thick of, in the furthest part. *Fen dane* Year's end. *Alafen* In the end, at last, finally. *Alafendèfen* (or) *Anfennkont* In the final analysis; when everything is said and done; at long last, finally. *Mete yon fen (lan)* (or) *Fè yon fen (ak)* To terminate, to put an end (to).

**fen, fin** <sup>2</sup> *attrib* 1. Thin. 2. Fine\*, delicate, refined, beautiful. *Zèl yo te fin* *The wings were delicate.*  
3. Dressed up, elegant, smart. (adv) Impeccably, beautifully.

**fenèt la, fennèt la** *n* Window, window-frame.

**feneyan, fenyan** *attrib* 1. Lazy, good-for-nothing, sluggish. 2. Cowardly, lightheartedly.

**fenk** *V* **fèk**

**fenn** *vt* To feign\*, to make out.

**fennen** *vi* 1. To fade, to wither. 2. (fig) To be shabby. FARDIN-17: *Tifi jamè fatigue, jamè fennen* *She was never tired, never shabby.* *Flè a pa rouze, li fennen* *The flower has not been watered; it has faded.*

**fenomèn nan** *n* 'Character', one who commits stupid, incredible acts.

**fent la** *n* Ruse, stratagem, trickery, feint\*. *Ti gason sa a gen fent* *That boy is tricky; he needs watching.*

**fente** *vi* To pretend, to be tricking.

**fentè** *attrib* Cunning, tricky, devious.

**fènwa a, fènwè a** *n* Darkness; ignorance. *V* labrin.

**fenyan** *V* **feneyan**

**feray la** *n* Scrap iron.

**feraye** *vi* To work hard.

**ferè** *vt* To shoe (a horse). To put cleats on shoes. *Pye ferè* *Calloused feet.* *Ferè lèt* *To dip a piece of iron into a bowl of milk in order to protect children from diarrhea.*

**fèrenk, ferenk** *aux v* To have just; scarcely. *Li fèrenk sòti* *He just left.* (Used mostly in the North). *V* **fèk**.

**feròs** *attrib* Fierce, ferocious\*.

**fese** *vt* To throw down, to hurl to the ground (in a fight). *Chwal la fese'l sou do* *The horse threw him on his back.*

**festibal** *V* **fistibal**

**fet** *n* Felt\*. *Soulye fet* *Felt shoe.*

**fèt** <sup>1</sup> *attrib* 1. (To be) born. 2. To take place, to occur, to happen. 3. Made, done, produced. *Fèt e founi* *Labor and material.* *Se konsa pou sa ta fet* *That's how that should be done.* *Ou pa fet pou ou travay le dimanch* *You are not supposed to work on Sunday.* *Ki poko fet* *Unborn.* MORISSEAU-LEROY/D-7: *Sa fet vre* *That really happened.*

**fèt la** <sup>2</sup> *n* 1. Party, feast\*. 2. Anniversary. 3. Holiday. *Se you jou fet* *It's a day of celebration.* *Fè fet* *To celebrate, to feast.*

**fèt la, fè a** <sup>3</sup> *n* Fact\*. *Se you fet akonpli* *It's all over with.*

**fetay la** *n* 1. Crest, rafters, ridge, ridge-piece in a house where the staves come together on the

ceiling. 2. (pop) Eaves. *Nonm nan pann tèt li nan fetay kay la* *The man hanged himself on the cross pieces of the open ceiling.*

**fètdèmò** *n* All Souls' day.

**fete** *vt* To feast\*, to celebrate.

**fètèfouni, fèt e founi** Everything included (labor and material).

**fètekòz** *Pran fètekòz pou* *To take sides with.*

**fètich la** *n* Charm, fetich\*.

**fetyè a** *n* Ridge-piece (of a house).

**fevriye** *n* February\*.

**fèy la** *n* 1. Leaf. 2. Sheet, page. 3. Often accompanies the name of a flat object. *Fèy planch* *Board, plank\**. *Fèy liv* *Page of a book.* *Yon fèy zòrèy* *An ear.* *Fèy kat* *A playing card.* *Kase fèy kouvri sa* *Let's forget about it, let it be, let's just cover it up.*

**feyay la** *n* *Al lan feyay* *To consult the 'dòktè fèy', herb doctor.*

**fèzè a, fèzè a** <sup>1</sup> *n* Scandal-monger, enterprising (pej), braggart. *Fèzè jan ou kapab, se pa pase joko* *No matter how much you exaggerate, you won't beat the parrot.*

**fèzè a, fèzè a** <sup>2</sup> *n* Maker, producer. FAYO-155: *Fèzè nat fè nat, li dòmi atè* *The mat-maker makes mats, yet he sleeps on the ground.*

**fèzèdmal, fèzèmal** *n* Evildoer.

**fi a, fiy la** Woman.

**fich la** *n* Ticket, slip, token.

**fidèl** *attrib* True, faithful, loyal.

**fif** *M'nan fif ou* *I am going to get you.* *V* fiftiwann.

**fifiy la** *n* Maiden, young girl.

**fiftiwann** *n* Buttocks. *M'nan fiftiwann ou* *I am going to get you.*

**fig la** *n* Banana. Also: fig bannann. Fig Frans: fig.

**Figaro** *n* Figaro. *Se kòkòt ak Figaro* *They are inseparable friends.*

**figi a** <sup>1</sup> *n* Face; figure\*. *Roze figi* *To make up, i.e. to embellish one's face with make-up.* *M'pap achte figi* *I'm not saying it just to please you; I mean it.* *Mare figi* *To frown, to put on an angry face.*

**figi a** <sup>2</sup> *n* Picture cards (kings, queens and jacks).

**figire** *vpr* To imagine, to figure\*.

**figye modi, figye maron** *n* Autograph tree; fig\* tree (wild fig). *Clusia rosea* Jacq.

**fiks** *attrib* Firm, fixed\*, permanent. (adv) Intently, fixedly\*.

**fikse, fiske** *vt* To stare at, to fix\* one's gaze upon. FAYO-368: *Si ou pa tap fiske lesyèl, ou pa tap wè lezetwal ap desann* If you were not looking at the sky, you wouldn't know that the stars were falling.

**fil la**<sup>1</sup> *n* Hymen, maidenhead (cherry).

**fil la**<sup>2</sup> *n* Thread, line, yarn, string, fiber. *Fil fè, filfè* Wire, barbed wire. *Fil a plon, filaplou* Plumb\* line. *Plòt fil* Ball of thread. *Mango fil* Type of mango full of fibers (stringy). *Fil vis* Thread of a screw. *Fil arenyen* Cobweb. *Pran fil* To get to know one's way around. *Pran lan fil* To con, to trap. *Pèdi fil* To lose one's influence, one's position. *Bay fil* To give (s.o.) the proper connections.

**filacha a** *n* Brass wire, binding wire.

**filalang, lafilalang** *Fè filalang* To stick one's tongue at someone, to tempt, to mock. *L'ap fè'm filalang* He eats in such a manner (purposely) so as to make my mouth water.

**filaligati a** *n* Binding wire, flexible wire used in construction work.

**filanegui** One thing leading to another, progressively.

**filang nan** *n* Tiny slices (strands of meat, etc.). *Rad li filang* His clothes are tattered.

**filange** *vt* 1. To slice very thin. To notch. *V* dole. 2. To give s.o. a severe thrashing, to beat him badly.

**filas** *attrib* Thread-like. *Cheve filas* Very thin fine hair.

**filati a** *n* Weaving factory, spinning mill.

**filbobin nan** *n* Bisexual.

**file**<sup>1</sup> *attrib* Sharp. *Kouto a pa file* The knife is not sharp (or) The knife is dull. *File kon razwa* Sharp as a razor.

**file**<sup>2</sup> *vt* 1. To sharpen, to file\*. 2. To spin (yarn). 3. To slip away, to dash off. 4. To court. 5. To stick through (thread in a needle). 6. To follow, to watch, to prepare to catch (a criminal). 7. To meet out (thread, rope). (With the Creole verb 'file', we have a concomitance of Fr. filer, afile). Examples and expressions: *File move koton* To be on the wrong track. *File kouto* To sharpen a knife. *File cat* To deal cards. *File zegi* To thread a needle. *Kat la mal file* There is a misdeal. *Yo tap file vòlè a depi lontan* They watched and followed the thief closely for a long time. *Andre file yon kòd anba pou Pyè ka monte* Andrew let a rope come down so that Peter could climb up. *File zepou ou* Get ready for the task, i.e. sharpen your spurs. *vi* To shoot (star); to go fast. *M'wè yon zetwal ki file* I just saw a shooting star.

**filè a**<sup>1</sup> *n* Suitor.

**filè a, filèt la**<sup>2</sup> *n* 1. Net (fish, hair, tennis, etc.). 2. Filet\* (food).

**filèt la** *n* 1. Hymen. 2. Yon filèt ronm: A finger of rum. *V* filè.

**filfè a, fil fè a** *n* Barbed wire. *Filfè ligati* Bind wire (very thin wire used for binding).

**film nan, fim nan** *n* Film\*, roll of film (photography); picture (movies, cinema).

**filozòf la** *n* Philosopher\*. *Pa fè filozòf ou sou mwen* Don't act high hat with me.

**filozofi a, filo a** *n* Philosophy\*. One additional year of schooling after 'retorik' (which is the last year of high school). *Bouki fè filozofi* Now everyone is enlightened. Today there are no more fools.

**filt la** *n* Filter\*.

**filyè a** *n* 1. Screw-thread. *Boulon an pa gen filyè* The bolt is not threaded. 2. Connections, manner. *M'pa wè pa ki filyè pou m'pase pou'm ka jwenn dyòb la* I don't see how I'm going to get that job.

**fim** *V* film

**finen** *vt* To smoke.

**fimye a** *n* Manure.

**fin** *aux v* Auxiliary denoting the termination of an action. (As a shortened form of 'fini', the word 'fin' is never placed at the end of a sentence). *Ou fin bout* You have reached your limit. *V* fini.

**finach** *Se finach* That's final, that's it.

**final** *adv* *An final* Finally\*.

**finalman** *adv* Finally\*.

**finans la** *n* Finance\*.

**finès la** *n* Elegance, finesse\*; fine quality merchandise.

**fini, fin** *vt* To end, to finish\*, to end up with, to destroy; to expire; to run out; to exterminate. *V* fin. *Pitit ou fin gran* Your children are grown up. *Fèt la prèt pou fini* The party is about to end. *Mal pou fini* To drag along. *Kijan sa fini?* How did it all end? ('Fini' can be made more emphatic by the addition of 'nèt').

**finisman an** *n* End, ending, finish\*. *Nan finisman istwa a nou aprann li mouri* At the end of the story, we learned that he died.

**fisèl la** *n* String, twine.

**fiske** *V* fikse

**fistibal la, festibal, pistibal** *n* Sling (shot).

**fiy** *V* fi

**fiyansay la** *n* Betrothal. Engagement (to marry).

**fiyanse**<sup>1</sup> *vi* To become engaged.

**fiyanse a**<sup>2</sup> *n* Bridegroom; bride, fiancé\*.

**fiydònè a, fidonè a** *n* Bridesmaid.

**fiyèl la, fiyòl la** *n* Godson, goddaughter, godchild.

*Tout fiyòl mwen se fi* All my godchildren are girls.

**fiyèt lalo a** *n* A woman character in Haitian folklore. This word has been used in a political context these past few years.

**fiyòl** *V* **fiyèl**

**fizi a** *n* Rifle, gun.

**fizik la** *n* Physics\*; physique\*.

**fiziye, fizye** *vt* To execute with a rifle; to shoot (even in its vulgar meaning).

**flach la** *n* Flash\* light, flash lamp. *Anpoul flach* Flash bulb.

**flache** *vt* To throw the light on someone. To flash\*.

**flakon an** *n* Bottle, phial, flask\*.

**flaman an, flanman an** *n* 1. Flamingo\* (bird). 2. Type of big ant. *Flanman rouj* Type of red ant.

**flan an** *n* Side, flank\*.

**flanban** *adv* *Flanban nèf*: Brand new.

**flanbe** *vt* To singe, to apply a flame\* to something (to sterilize a needle, to singe the down on poultry, etc.). To go up in flames.

**flanbwayan an** *n* Flame tree (Flamboyant\*). Royal Poinciana, Delonix Regia (Bojer) Raf.

**flanèl la, flannèl la** *n* Flannel\*.

**flanke, flank** *vt* To fling, to throw, to sprawl; to give (slap, blow, etc.). *M'flanke'l yon souflèt* I gave him a slap. *M'flanke'l lajan'l* I let him have his money (because he was pestering me).

**flann nan** *n* 1. Flame\*. 2. Whiz (very brilliant person). PRESSOIR-22: *Li travèse flann ti lanp la* It was crossing the flame of the little lamp.

**flanman** *V* **flaman**

**flann nan** *n* Walk, stroll.

**flannè a, flanè a** *n* Idler, loafer.

**flannen** *vi* To idle along, to dawdle, to loiter, to take a stroll, to loaf around.

**flate** *vt* To flatter\*, to cajole.

**flatè a** *n* Flatterer\*. (syn) Sousou, souflanchou, achtèdfigi. *V* achtè.

**flatri a** *n* Flattery\*.

**flay** *vi* To go by plane, to fly\*.

**flay, fay**<sup>1</sup> *attrib* Weak, thin; light (weight). *Bwat katon sa a trò flay; m'bezwen youn ki pou kenbe bagay ki lou* That paper carton is too weak. I need one to hold something heavy.

**flay, fay**<sup>2</sup> *Fè flay* To miss, to fail. *M'tire zwazo a epi m'fè flay* I shot at the bird and missed.

**flè a** *n* Flower\*, bloom. *Flè sezon* An inconstant person, one who changes with the seasons. *Flè solèy* Sunflower. *Fè flè* To flirt. *Pye mango yo an flè* The mango trees are blooming.

**kavo a** *n* Grave, burial vault, tomb with burial vault.

**kaw la** *n* Crow (large black bird). *Mèg kon kaw* To be very skinny.

**kay la**<sup>1</sup> *n* House; hut. *Kay tòl* House with tin (corrugated) roof. *Kay channmòt* Two-storey house. *Kay mistè* Room in a house or a small house reserved for the household gods. Shrine. *Kay bas* A one-storey house as opposed to 'kay rot', a house with an upper storey. *Kay pay* Thatched roof hut. *M'pral kay madan Viktò* I'm going to the w. c. *Dèyè kay* (euph) for a woman's backside. *Chat kay* Domestic cat (as opposed to) *chat maron* wild cat.

**kay la**<sup>2</sup> *n* Quail\*.

**kay, ka**<sup>3</sup> *prep* At the home of, at -'s. *Li mouri kay yon notab* He died at the home of a well-known, important person. Cf. *lakay*.

**kaye**<sup>1</sup> *vi* To clot, to curdle. Cf. *coagulate*. *Fredi a kaye deyò a* It's very cold outside.

**kaye**<sup>2</sup> *a* *n* Notebook, copybook.

**kayiman an** *n* Caiman\* (type of crocodile, related to the alligator).

**kayimit la, kaymit la** *n* Common star-apple, soft and pulpy, green or violet in color (tropical fruit). *Chrysophyllum caimito* L.

**kazak la** *n* 1. Robe, gown, large shirt. 2. A baby's gown, swaddling clothes.

**kazèn nan** *n* Barracks (Milit).

**kazimi an** *n* Cashmere\* (fine material used to make clothes).

**kazino a** *n* Casino\* (gambling place).

**kazuèl, kazwèl** *attrib* Apathetic, casual\*, listless, timid with women; lazy; clumsy at shooting marbles.

**ke**<sup>1</sup> *rel pron* That, which, whom. **M'tande paròl (ke) ou di yo** *I heard the words (that) you said.* (Object relative pronoun **ke** may be omitted).

**ke**<sup>2</sup> *conj* That (it may be omitted). **M'te kwè (ke) ou tap vini** *I thought (that) you were coming.*

**ke a, tye a, tche a**<sup>3</sup> *n* Tail. **Ke ròb** *Tail of a dress.* **Ke lanmori** *Tails (formal dress suit).* **Long kon yon ke pis, li tap mouri** *He barely missed dying.*

**kè a, tyè a, tchè a** *n* 1. Heart, courage. **Se kè m'pran ki fè m'pa kouri** *I took courage and did not run away.* **Kè kontan** *Joy, peace, happiness.* **Kè sere, kè grenn** *Chagrin, sorrow.* **Nouvèl la ban'm kè plen** *That news made me lose my appetite.* **Nan kè'm** *To myself.* **Kè'm te sou bikèt mwen** *I was so anxious, so apprehensive.* **Li gen kè cho** *He is very impatient.* **Li gen bon kè** *He is kind-hearted, good-hearted.* **Li gen kè di** *He is hard-hearted.* **Aprann pa kè** *To memorize, to learn by heart (from memory).* **Odè a ban'm kè tounen** *The bad smell turned my stomach.* **Nèg sa a kèpòpòz** *This man is relaxed, completely at ease; he has no worries.* 2. Choir. 3. Heart(s) (cards).

**kechat la** *n* Cat's tail. (Ornamental plant with a long stem).

**kèk**<sup>1</sup> *adv* About. **Senkant e kèk** *About fifty, a little more than fifty.*

**kèk**<sup>2</sup> *indef adj* Some, a few. **Kèk moun** *A few people.* **Kèk fwa** *A few times.*

**keksyon** *V* **kestyon**

**kèlkeswa, kèlkanswa** *indef adj* Whatever.

**kèlkilanswa** *adv* At any rate.

**kèlkonk** *indef adj* Some, any, whatever.

**kèmès la** *n* Bazaar (fair most often organized by schools).

**kenbe** *vt* 1. To hold, to grasp, to grip, to take hold of. 2. To contain, to hold. 3. To keep, to store. 4. To capture. 5. To withhold. Examples and expressions: **Kenbe kle a** *Hold the key.* **Kenbe, pa lage** *Hold tight; don't let go. Keep the faith.* **Se pou ou kenbe kò ou** *You have to refrain yourself.* **Pipi kenbe'm** *I have to take a leak.* **Maryaj kenbe'l** *The idea of getting married has got him.* **Ou ap ban'm kenbe** *You are putting me on.* **Kenbe yon moun nan kè** *To have a grudge against s.o.*

**kenedi a** *n* Second hand (clothing, shoes, etc.). From E. Pres. Kennedy\*.

**kenèp la, kennèp la** *n* Tropical fruit with a large seed. Melicocca bijuga L.

**kenkay la** *n* Odds and ends. **Bak kenkay** *A tray full of all kinds of articles for sale.*

**kenken** **Fè kenken** *To abound, to be plentiful.*

**Kenskòf** *n* Village on the heights of Port-au-prince. Delightfully cool in summer.

**kente** *vi* To have a straight (sequence of five cards).

**kenz** *num* Fifteen.

**kenzèn nan** *n* Fortnight (15 days).

**kepi a** *n* Military cap, kepi\*.

**kèpòpòz** *attrib* Relaxed, tranquil, without worries, completely at ease.

**kerozin nan** *n* Kerosene\*.

**kès la** *n* 1. Case\* (container). 2. Cash-box\*, cash\* window, cash\* register. **Kès depay** *Savings fund of a community group.* 3. Bass drum.

**kesekwann kesedyo** *And so on, and so forth, endless litany.* From Sp.

**keseswa** *Be it...*

**kestyon an, kesyon an, keksyon** *n* 1. Question\*. **Poze kestyon** (or) **Mande kestyon** *To ask a question.* 2. Subject, matter.

**kestyonnen, kesyonnen, kesyone** *vt* To question\*.

**kesye a** *n* Cashier\*.

**kèt**<sup>1</sup> *interj* Wow! Gee whiz! An exclamatory expression of admiration. **Kèt! Gad yon bebe! Se pa jwèt!** *Wow! What a beautiful girl! She's something!*

**kèt la, lakèt**<sup>2</sup> *n* Collection (in a church). **Fè kèt** *To take up the collection.*

**kete** *vi* To take up a collection.

**keyi** *vt* To pick, to gather (fruit).

**ki**<sup>1</sup> *rel pron* Who, which, that. (Subject relative pronoun **ki** may be contracted to **k** before or after a vowel sound). **M'wè youn ki bèl** *I see one that is beautiful.* **Se ou k'a sove'l** *It's you who will save him.*

**ki**<sup>2</sup> *interrog adj* What, which. **Ki kay ou wè?** *Which house do you see?*

**ki**<sup>3</sup> *V* **kiy**

**kibagay, ki bagay** *interj* What! (Interjection denoting surprise).

**kibò, ki bò** *adv* Where. **Kibò ou prale?** *Where are you going?* Also: **kikote**.

**kichòy** *indef pron* Something. **M'ap di ou kichòy e m'ap ba ou kichòy** *I'm going to tell you something and I'm going to give you something.*

**kidirapou, ki dire pou, kèl dira pou** *Much less, let alone.* **Yo pa gen manje pou tèt yo, ki dire pou nouri chen** *They have no food for themselves, let alone for dogs.*

**kidnap** *vt* To kidnap\*.

**kidonk** 1. So, consequently. *Kidonk, n'apral Leyo-gàn, pa vre?* Well, we are going to Leogane, right?  
2. That is to say.

**kifèlaa, ki fè la a** So, consequently.

**kifkif** Tit for tat.

**kijan, ki jan** *adv* How. *Kijan ou te fè?* How did you manage? *Kijan fè...?* Why...? *How come...?* *Kijan yo rele isi a?* What's the name of this place?

**kikinan, ankikinen** *vt* To trouble, to bother.

**kikit** *attrib* Elegant, pointed. *Talon kikit* Extremely high heels, spiked heels.

**kikonk** *indef pron* Anyone, anybody.

**kikote, ki kote** *adv* Where. *Kikote nou ye la a?* Where are we?

**kikeswa, pèkseswa, kikeseswa** *indef pron* Whoever, nobody, anybody.

**kilakèl de, kilakyèl de, dekilakèl** *interrog adj* What, which. *Kilakèl de liv ou te prete'm?* What book did you lend me? (You know you did not lend me any book!)

**kilbitay la** *n* Stumbling, staggering.

**kilbite** *vi* To stumble, to tumble, to stagger, to totter, to be unsteady, to fall over.

**kilè, ki lè** *adv* When. *Kilè yo vini?* When did they come?

**kilès** 1. (interrog adj): What, which. *Kilès oto ou pito?* Which car do you prefer? 2. (interrog pron): Who, what, which. *Kilès ou vle?* Which one do you want?

**kilo a** *n* 1. Kilo\*, kilogram\*. 2. Carton (of cigarettes). *Yon kilo sigarèt gen dis pòch* A carton of cigarettes has 10 packs.

**kilomèt la** *n* Kilometer\*.

**kilòt la** *n* Woman's slip, panties. *V pantalèt.*

**kilt la** *n* Worship, cult\*.

**kilti a, lakilti a, lakiltiv la** *n* 1. Culture\*. 2. Crop, cultivation\*. *Kilti latè* Agriculture.

**kiltivatè a** *n* Farmer. *Si kiltivatè pa travay, pa gen manje* If the farmer doesn't work, there's no more food.

**kiltive** *vt* To cultivate\*.

**kim nan** *n* Foam, froth. Scum\*. *Kim savon* Lather, suds. *Fè kim* To bubble.

**kimen, tchimen** *vi* To foam, to lather, to froth, to make suds. Also: *Fè kim. Bouch bèf la kimen* The cow is frothing at the mouth. *M'ap lave men'm avèk savon an, li pa kimen; li pa bon savon* I am washing my hands with soap; there is no foam; the soap is not good.

**kimono a** *n* Kimono\*, Japanese dressing gown.

**kimoun, ki moun** *interrog pron* Who? Whom? *Kimoun ki di sa?* Who said that? *Kimoun ou wè?* Whom did you see?

**kin**<sup>1</sup> *attrib* Firm, steady.

**kin a, kin an**<sup>2</sup> Possessive marker used in the North. *Sa a se kin an mwen* This one is mine.

**kinalaganach** *adv* Firmly, steadfastly, constantly.

**kinin nan** *n* Quinine\*. *Doktè a di'l pran de grenn kinin chak swa* The doctor told him to take two grains of quinine each evening.

**kirye (m), kiryèz (f)** *attrib* Curious\*.

**kis la** *n* Cyst\*.

**kisa, ki sa** *interrog pron* What?

**Kiskeya** *n* Native Indian name for Haiti and the Dominican Republic. The Dominicans even today refer to their country as *Quisqueya*.

**kit**<sup>1</sup> *attrib* 1. Quits, even. *Nou kit* We are even (or) *We're quits (debt)*. 2. *Kit pou* Even though, even if (as a result). *L'ap manje dyondyon, kit pou'l malad apre* He's eating mushrooms, even if he'll get sick from them.

**kit la, tchit la**<sup>2</sup> *n* Common bird of Haiti. *Coereba flaveola*.

**kit...kit...**<sup>3</sup> *conj* Whether...or. *Kit ou ale kit ou rete, se menm bagay* Whether you leave or stay, it doesn't matter.

**kita** *M'pap fè yon pa kita, yon pa nago* I won't make a move; I won't budge; I am staying right here.

**kite**<sup>1</sup> *vt* 1. To leave, to let. *Kite moun ki mouri an pè* Leave the dead be (in peace). *Kite boul la tonbe* Drop the ball. *Kite enpe pou demen* Leave some for tomorrow. 2. To abandon, to forsake. *M'kite sa* I give up. *Yo kite madanm yo* They left their wives. 3. To allow, to let, to permit. *M'kite'l ale* I let him go. *vi* To call it quits\*, to part. *Yo te renmen anpil, men yo kite* They loved each other very much but now they have called it quits.

**kite, te**<sup>2</sup> *v marker* Marker (auxiliary) of the imperative. *Kite* is sometimes shortened to *Te*. *Kite'm chante* (or) *Te'm chante* Let me sing.

**kitèks la, kitès la** *n* Nail polish. Brand name: cutex\*.

**ktivèt la** *n* Wash basin, wash hand basin.

**kiy la, ki a** *n* 1. Keel (of a ship). 2. Bowling pin, ninepin.

**kiyè** *V* *kuiyè*

**klake** *vt* To snap (one's fingers).

**klaksonn nan** *n* Automobile horn, klaxon\*.

**klaksonnen** *vi* To blow the car horn, to hoot, to honk. FARDIN-17: *Yo klaksonnen, yo fè pousyè* They blow their horn and raise dust.

**klarinet la** *n* Clarinet\*.



**klas la** *n* 1. Classroom, schoolroom. *Fini klas* (or) *Fin fè klas* To finish school (not to drop out or quit). 2. Class\*, sort, type.

**klase** *vt* To classify\*. *Al klase bòdro yo* File all the bills.

**klasik** *attrib* Classical\*. *Mizik klasik* Classical music.

**klate** *V* klète

**klavye a** *n* Keyboard (piano, typewriter).

**kle a** *n* 1. Key. *Li pèdi kle vwati'l* He lost his car keys. *Remèd sa a se kle* This remedy is quite good. 2. Bottle opener. 3. Wrench. 4. A hold. *Kle kou* Strangle hold.

**klè** *attrib* 1. Light, pale, fair, clear\*. *Yon ble klè* A light blue. 2. Transparent, sheer. 3. Bright. *Chanm nan klè* The room is bright. 4. Obvious. *Se klè* It's obvious. 5. *Je'm te klè* I was awake. *Rèv je klè* Daydreaming.

**klèman** *adv* Clearly\*.

**klere** *vt* 1. To light, to illuminate, to give light to. *Ase klere je'w sou mwen* Stop staring at me. 2. To polish something and make it shine (table, shoes, etc.). *vi* To shine, to be bright, shiny. *Li gen je klere* He has shiny eyes.

**klere an** *n* Liquor distilled from sugar cane and consumed locally; raw rum.

**kleron an** *n* Bugle.

**kleronnen** *vi* To shout everywhere.

**klèsi** *vt* To clarify\*. *vi* To clear\*up. *V* eklèsi.

**klete** *vt* To lock with a key.

**klète a, klate a** *n* 1. Light of day. 2. Clarity\*, brightness.

**klib la** *n* Club\* (group).

**klima a** *n* Climate\*.

**klin** *attrib* Clean\*, neat.

**klidik la** *n* Clinic\*.

**klips la** *n* (Paper) clip\*.

**klipse** *vt* To clip\* (papers).

**klis la, eklis la** *n* 1. Splinter, fragment. *Gen yon klis anba zong mwen* There is a splinter under my nail. 2. Wicker-work, laths, wooden slats interwoven to make the walls of a house (usu) covered with mud.

**klisay la** *n* Slats that form the walls of a mud house

**klise** *vt* To cover a panel with wicker-work

**klisté** *V* kristè

**kliyan an** *n* Customer, client\*

**kliyantèl la** *n* Clientele\*, customers, practice (lawyers, physician's).

**klòch la** *n* Bell.

**klòchèt la** *n* small bell. The tiny hand bell of the houngan, used along with the *ason* (COURLANDER).

**klòk la** *n* Blister.

**klorat la** *n* Gunpowder caps.

**kloròks la** *n* Bleach. Clorox\*.

**klostra a** *n* Type of cinder-block.

**klòtch la** *n* Clutch\*.

**kloti a** *n* Enclosure\*, barrier, fence.

**klotire** *vt* To fence in, to enclose\*. *Achte filfè, m'a klotire tè a pou ou* Buy some wire, I'll fence in the land for you.

**klou a** <sup>1</sup> *n* Blister, boil, abscess. *Li gen yon gro klou sou bra'l* He has a big blister on his arm. *Mete klou sou abse* To add insult to injury; to make matters worse. *Se klou sou maklouklou* That's adding insult to injury.

**klou a** <sup>2</sup> *n* 1. Nail, tack. *Klou gagit, klou bòkèt* Types of nails. 2. *Klou jiròf* Clove.

**kloun nan** *n* Clown\*.

**kloure** *vt* To nail (down), to pin down. *Soulye kloure* Shoes which are nailed (tacked) rather than sewn.

**klwazon an** *n* Partition, interior wall.

**kò a** <sup>1</sup> *n* 1. Body. *Wete kò'w* (or) *Rale kò'w* Get out of here. *Li kenbe kò'l mal* He has a bad posture. *Fann nan kò yon moun* To go after s.o. with a vengeance. *Nèg sa a gen kò lage* (or) *kò kraz* This man is listless, indolent, slow, apathetic. 2. Corpse, body. 3. Self (*kò* refers to the physical self. It is used to form reflexive verbs). *Kò'm* Myself: *Men li kache kò'l* But he hid himself. *Souke kò'w* Get a move on. *Kò'm pa bon* I feel sick. *Pa bat kò'w* Don't worry. *Pou kò'm, pou kò'l, etc.* By myself, by himself, etc., alone. 4. *Kò kay* Household, inside of a house. *Ou mete moun nan lan kò kay ou epi li trayi'w* You take s.o. into your household and he betrays you.

**kò a** <sup>2</sup> *n* Corn\* (excrescence or induration of parts of the skin on the feet), callus.

**kòb la** *n* 1. Cent, old copper\* penny (From Sp. cobre). 2. Money. *Nonm sa a gen anpil kòb* This man is very rich.

**kobannza** *attrib* Thin, emaciated, feeble.

**kòbèy la** *n* Basket. *Yon kòbèy flè* A basket of flowers.

**kòbiya a** *n* Hearse.

**kòbòy la** *n* Cowboy\*.

**kòche** <sup>1</sup> *vt* To scratch, to scrape, causing a small injury to the skin.

**kòche a** <sup>2</sup> *n* Scratch (wound).

**kòchèt la** *n* A low blow, a foul, a hook in boxing. Same origin as E. *crochet\**. *Tout jwèt se jwèt, kòchèt pa ladan'l* No foul play, please.

**kochi, krochi** <sup>1</sup> *vt* To bend.

**kochi, krochi** <sup>2</sup> *attrib* 1. Bent, curved, crooked. *Zepeng nan krochi* The pin is bent. 2. (adv) *Ou te tande krochi* You misunderstood. *Pale krochi* To say things one should not (for instance about people in power).

**kochma a, krochma a** *n* Nightmare.

**kochon an** *n* 1. Pig, hog. *Kochon maron* Boar. *Manman kochon* Sow. *La kochon* Lard. *Pak kochon* Pig-sty, pig pen. *Vyann kochon* Pork. 2. A dirty person. 3. (fig) *Pyon an kochon* The pawn is blocked (in games).

**kochondenn nan, kochon denn nan** *n* Guinea pig.

**kòd la** *n* 1. Old measure for wood. 2. Rope, cord\*, string. *Sote kòd* To jump rope. *Pa rale'm sou kòd* Don't try to get to me by indirect means. *Kase kòd* To kick the bucket, to die. *Nan pwen fanm manje kòd konsa* This woman will go to bed with any man. *Ou anba kòd* You have been had; you are done for. *Kòd lonbrit* Umbilical cord\*.

**kodak la** *n* Camera, kodak\*.

**kodake** *V* **kodase**

**kodase, kadache, kodake** *vi* To cackle (while getting ready to set and lay eggs). *Poul la ap kadache* The hen is cackling.

**kòde** *vt* To twist, to braid. *vi* To writhe (in pain, for instance), to bend.

**kodenn nan, kodèn nan** *n* Turkey, gobbler.

**kòdòk** *Mango kòdòk* Type of mango.

**kòdon an** *n* Girdle (ecclesiastic). *Kòdon lonbrit* Umbilical cord\*.

**kòdonèt la** *n* Type of hairdo (corn rows).

**kòdonye a, kòdonnye a** *n* Shoemaker, cobbler. *Bòs kòdonye* Shoemaker.

**kòdyòm** *attrib* Correct, OK, good.

**kòf la** *n* 1. Iron box, hull. 2. Trunk (of a car). 3. Trunkfish. 4. *Kòf lestomak, kòtòf lestomak* *Thorax*.

**kofray la** *n* Wooden form in which cement is poured (construction).

**kofre** *vt* 1. To exert very strong pressure on s.o.'s chest; to crush s.o. causing an indentation.

**kòfrefò a** *n* Safe. *V* **kòf**.

**kòhòt la** *n* Group of people who congregate in religious processions.

**kòk la** <sup>1</sup> *n* 1. Rooster. *Kon kòk chante* When the cock crows, i.e. early in the morning. *Kòk san bèh* Person with missing teeth, gap-toothed person Cf.

*mazora. Se pa kaka kòk* That's no chicken shit. *Se sèl kòk ki chante* He is king of the barnyard. *Kòk batay* Game cock. *Bon kòk* Macho. *Kòk savann* Good-for-nothing. 2. Penis, cock\*.

**kòk** <sup>2</sup> *V* **kokoye**

**kokad la** *n* Bow (used to tie the hair on a child's head).

**kokakòk** *n* Children's game played with sand.

**kokakola a, koka a** *n* Coca cola\*, coke\*.

**kòkay la** *n* House, household.

**kokayin nan** *n* Cocaine\*.

**koke, kroke** *vt* 1. To hang (up). *Li tap monte sèvolan'l, sèvolan an koke* He was flying his kite high; it got hung (in a tree). 2. To embrace, to hug. 3. To screw, to fuck (North of Haiti).

**koken an** *n* Swindler, crook, cheat, a sly one, scoundrel.

**kokenn** *attrib* Huge, very big. *Kokenn chenn* Huge, gigantic. *Kokenn gason* Strong man. *Yon kokenn chenn pyebwa* An extremely large tree.

**kokèt la, krokèt la** *n* Croquette\* (mixture of breadfruit and other ingredients, cod, etc.)

**kòki a** *n* Shell, conch, sea shell.

**koklich la** *n* Whooping-cough.

**kòkmò a** *n* Grave-digger and cemetery attendant.

**koko a** *n* Genitals (fem). Cunt (vulg). *Koko tèt* Head.

**kòkòb** *attrib* Clumsy.

**kokobe** *vt* To cripple. Crippled, handicapped, maimed. *n* Cripple. *Kokobe revòlte* This time, he or she revolted (and is not going to take it anymore).

**kòkòday la, akòday la** *n* Friendship, camaraderie, close relationship.

**kokodjaka a** *n* Junk belongings.

**kokolo** *attrib* *Tèt kokolo* Bald.

**kokomakak la** *n* Club, cudgel. Also called *Bwa makak* *Monkey palm*. *Geonoma oxycarpa* Mart.

**kokonèt la, konkonèt la** *n* Coconut\* cookie. (Type of cake the principal ingredient of which is grated coconut).

**kokonm nan, konkonm nan** *n* 1. Native cucumber\*, *Cucumis sativus* L. 2. A bump on the head caused by a blow.

**kokonm zonbi a** *n* Non edible vegetable a variety of which is used medicinally for asthma. It is knotty and whitish. *Datura stramonium* L.

**kokorat la** *n* Insect found by the sea and used as bait by children.

**kòkòt la** *n* 1. Genitals (female). 2. Darling, sweetheart. *Kòkòt ak Figaro* *Inseparable friends.* *Kòkòt, kote ou ye?* *Darling, where are you?*

**kòkòtò** *attrib* 1. Stingy. 2. Nonchalant, lifeless.

**kokoye a, kòk la** *n* 1. Coconut\*. *Pye kokoye* *Coconut tree.* BEAUBRUN/A-10: *Eshe ou te keyi kokoye yo?* *Did you pick the coconuts?* 2. A folkloric dance.

**kòkpye** *attrib* Said of a man who gets nowhere with women, although he may try hard.

**kòkraz** *attrib* Laziness, nonchalance, apathy, fatigue, tiredness.

**kòksavann, kòk savann** *attrib* Good-for-nothing.

**kòksis la** *n* Coccys\* (anat). Coccygeal bone.

**kòktèl la** *n* Cocktail\*.

**kòl la**<sup>1</sup> *n* 1. Collar\*. 2. Necktie. V *Kravat.*

**kòl**<sup>2</sup> V **lakòl**

**kola a** *n* 1. Cola\*, soft drink. 2. Type of delicious fish.

**kolangèt, koulangèt** *interj* Jesus Christ! Oh my! V *langèt.*

**kolbosò** V **kalbose**

**kole**<sup>1</sup> *vt* 1. To paste, to glue. 2. To connect, to put next to. *Kole ak* *Next to, against.* *Chamm li kole ak pa'm* *His room is next to mine.* *Kuis kole* *With thighs close together.* 3. To get s.o. stuck (without an answer or the means to go on).

**kole a**<sup>2</sup> *n* Collar (of shirts, etc.).

**kòlè a, kolè a** *n* Anger, rage, wrath, fury. *An kòlè* *Angry.* *Pa koute kòlè'w* *Don't get upset.* *Pa fè kòlè konsa* *Don't get so terribly angry.*

**kòlèg la** *n* Colleague\*.

**kolèj la** *n* Secondary school. Cf. E. college\*.

**koleksyon an** *n* Collection\* (stamps, coins, but not church collection). *Fè koleksyon* *To collect (stamps, etc.).*

**kolerin nan, kolorin nan** *n* Cholera\* (disease characterized by diarrhea, vomiting, cramps and presence of blood in the stools).

**kòlèt la**<sup>1</sup> *n* Burlap (Type of material with which sacks are made).

**kòlèt la**<sup>2</sup> *n* Collar\*. *Kenbe (pran) yon moun nan kòlèt* *To grab someone by the collar.* *Gran kòlèt=gro zouzoun=gran chabrak=gro zotobre* *Big shot.*

**kòlfòt la** *n* Epoxy.

**kolibèt la** *n* *M'pa nan kolibèt ak ou* *Keep your distance; don't get too familiar.*

**kolibri a, kolobri a** *n* Colibri\* (tiny bird).

**kolik la** *n* 1. Ache in the stomach. Colic\*, a paroxysmal pain in the abdomen or bowels. 2. Menstruation. Cf E. menstrual colic. V *règ.*

**kolizyon an** *n* Collision\*. *Fè kolizyon* *To collide\*; to run into each other.*

**kolkrèm nan** *n* Cold-cream\*.

**kòlmann nan** *n* Type of lamp (Coleman\*: a trade name).

**kolokent la** *n* A person who sucks money from others. This word is often applied to prostitutes and stingy people.

**kolomi** V **ekonomi**

**Kolon** *n* Columbus\*.

**kolonèl la, kolo a** *n* Colonel\*.

**koloni an, lakoloni** *n* Colony\*. *Depi nan tan lakoloni* *Since colonial times.*

**kolonn nan, kolòn nan** *n* Column\*; squad. *Yon kolonn* *A great number of, a bunch of (things), a band of (persons).* *Yon kolonn moun* *A lot of people.* *Senkyèm kolòn* *Fifth column.*

**kolonn vètebral la** *n* Spine, backbone, spinal column\*.

**kòlòròch la** *n* Tiny edible mollusk that clings to rocks by the seaside. *Tèt kòlòròch* *Hard head.*

**kòlòs la** *n* Colossus\*. *Yon kòlòs gason* *A huge man.*

**kòlta a** *n* Coal tar\*.

**kòlte** *vt* To button up. *Li byen kòlte* *He is well covered around the neck.* *Yon rad kòlte* *A dress with a high neckline.*

**kolye a** *n* 1. Necklace. 2. Collar\* (e.g. dog collar).

**kòm** *conj* As, whereas, since. *Kòm li gen lajan, li vwayaje anpil* *Since he has a lot of money, he travels extensively.* *Kòm si, konmsi* *As if, as though.* *Fè kòm si ou dakò* *Pretend you have agreed.* *Kòm ki dire, kòmki dire* *As if.* *Kòm il fo, kòmilfo* *OK, correct.* *Kòm nou dizon* *As we agreed; as agreed.*

**kòm** *prep* As.

**koma a, konma a**<sup>1</sup> *n* Top hat used for formal wear by the higher echelon.

**koma**<sup>2</sup> V **akoma**

**komabo, koumabo** *interj* Exclamation showing surprise, astonishment, amazement. *Komabo! Gade tigason an antre epi li pa di bonjou* *Golly! Look at that boy. He comes in and doesn't even say Good morning.*

**kòman, kouman** *interrog adv* How. *Kouman ou ye?* *How are you?* *Kouman fè...* *How come...* Also: *kijan fè...*

**kòmandan an, konmandan an** *n* Commander\*.

**kòmande, koumande, konmande** *vt* 1. To command\*, to give orders (to), to order. 2. To place an order (for).

**kòmandè a** *n* 1. Commander\*. 2. Bossy person. *L'ap pran pòz kòmandè'l* What a bossy person!

**kòmann nan** *n* 1. Command\*, order. 2. Order (for merchandise). *Plase yon kòmann* To place an order.

**kòmannman an** *n* Commandment\*.

**kòmanse, koumanse, konmanse** *vt* To begin, to start, to commence\*. *Kòmanse yon devwa* To start a homework. *vi* To begin, to start, to commence\*. *Kous la pral kòmanse* The race is going to begin.

**kòmansman an, koumansman an** *n* Beginning, start, commencement\*.

**kòmantè a** *n* Commentary\*, comment\*.

**komapiston** *interj* Golly! (Exclamation denoting surprise, astonishment). Also: *koumabo*.

**kòmè a, konmè a, makòmè, makonmè** *n* 1. A godmother is the 'kòmè' or 'komè' of the godfather and of the parents of the godchild. 2. Maid of honor. 3. Young woman (mostly pej). *Fè yon ti bèl ak ti konmè a* To do something nice for the girl. *Gason makòmè* A sissy.

**komedi a, konmedi a, lakomedi** *n* Comedy\*. *Se te yon komedi* It was nothing serious. *Pope lakomedi* Puppet.

**komedyen an** *n* 1. Comedian\*. 2. Also a person who pretends, puts on, and who is insincere.

**kòmèltèk** *interj* Wow! (Exclamation expressing surprise).

**komès la, konmès la** *n* Trade, commerce\*. *Fè konmès* To do business, to have a store.

**komèsan an, konmèsan** *n* Trader, dealer, merchant\*.

**komèt la, lakomèt** *n* Comet\*.

**komèt, konmèt** *vt* To commit\*. *Komèt yon fot* To make an error. Also: *Fè yon fot*.

**komì an, konmì an** *n* Sales person, vendor in a store, clerk, sales clerk.

**komik** *attrib* Funny, comic\*.

**kòmiflo** *attrib* Correct, decent, appropriate, excellent, comme il faut\*.

**komin nan** *n* Commune\* (county).

**kominal** *V* majistra

**kominikasyon an, konminikasyon an** *n* Communication\*. *Pafwa li pa fasil pou gen kominikasyon nan telefòn* Sometimes it is not easy to communicate on the telephone.

**kominike a, konminike a** <sup>1</sup> *n* Communiqué\*.

**kominike, konminike** <sup>2</sup> *vi* To communicate\* (ak: with), to contact. *M'pa kominike ak Lwi depi twa semèn* I haven't talked with Louis for three weeks.

**kominis la** *n* Communist\*.

**kominote a, konminote a** *n* Community\*.

**kominyen, kominye** *vi* To receive communion\*, to commune\*.

**komisè a, konmisè a** *n* Also: *Komisè gouvènman*. (An officer appointed by the government as its representative in the court system of every major town).

**komisyon an, konmisyon an** *n* 1. Errand; message. *Voye komisyon* To send a message. 2. Commission\* (remuneration). 3. Committee. 4. Genitals. *Natura muliebris* (koko).

**komisyonè a, konmisyonè a** *n* Messenger. Cf. E. Commissionnaire\*.

**komite a, konmite a** *n* Committee\*, council.

**kòmkidire, kòmssidire** As if to say, that is.

**kòm kwa** *conj* As if to say. *Kòm kwa se pa li* As if to say it's not he.

**komòd la, konmòd la** *n* Toilet, water closet, W.C. *Komòd la santi* The toilet stinks. Today this term has been mostly superceded by *watè, latrin*.

**kòm sadwatèt** As it should be, properly, correctly, comme il faut.

**kon** <sup>1</sup> *conj* When, as, as soon as. *Kon'l rive* As soon as he comes. *V* kou.

**kon** <sup>2</sup> *prep* As, like. *Li kon papa'l* He is like his father. *V* kou.

**kòn nan** *n* Horn. *Troke kòn* To fight. *Kòn soulye* Shoe-horn. *Kòn lanbi* Conch shell. *Kòn zo* Cups in which one shakes dice before playing. *Li pran kòn nan pou li* He has been talking a long time. He has monopolized the time.

**konba a** *n* Struggle, combat\*. *V* batay.

**konbat** *vt* To fight, to combat\*.

**konbe** *V* konbyen

**konbèlann nan** *n* Trick(ery) designed to defraud a power company of electric current; fraud, scheme by which one uses a thin rubber hose to siphon gasoline out of a tank. (Cumberland\*, the name of an American who used to work in Haiti for the power company).

**konbinen** *vt* To combine\*.

**konbinezon an, konminezon an** *n* 1. Combination\*. 2. Combine\*, plot, scheming. MORISSEAU-LEROY/D-26: *Se ou'k pou konnen pou ou konprann... si se konbinezon* You are the one who should know if it's a question of a secret plan.

**konbit** *V* koumbit

**konble** *vt* 1. To fill up, to heap up. 2. To surround, to press close. **Konble yon moun** *To crowd someone.* DEJEAN-55: **Pèp la tep konble Jezi pou li koute paròl Bondye a** *The people were crowding around Jesus to hear the word of God.*

**konbyen, konben, konbe** *adv* How much? How many? **Konben liv nou ganyen?** *How many books do we have?* **Di'm konbyen ou achte kay la?** *Tell me how much you paid for the house?*

**kondanasyon an** *n* 1. The (legal) sentence. **Kondanasyon a mò** *Death sentence.* 2. (fig) The cause of your misfortune. **Sa ou fè la a se kondanasyon ou** *Your last move did you in; that's what got you.*

**kondane, kondanne** *vt* To condemn\*, to convict.

**kondanse** *vt* To condense\*. **Lèt kondanse** *Condensed milk.*

**kondi** *V* **kondui**

**kondisip la** *n* Fellow-student.

**kondisyon an** *n* 1. Condition\*. **Ki kondisyon yo?** *What are the conditions?* **A kondisyon...** *On condition that...* 2. State, status. **Lan ki kondisyon machandiz la rive?** *In what condition did the merchandise arrive?*

**kondui, kondwi, kondi** *vt* 1. To drive (a car). 2. To lead, to guide, to direct, to accompany. **Li te kondui maryaj mwen** *He was the best man at my wedding.* *vpr* To behave. **Li kondui'l byen** *He behaves himself.*

**konduit la** *n* Conduct\*, behavior, deportment. **Movèz konduit** *Misconduct\*.*

**kònè a** *n* Corner\* kick (at a game of soccer).

**koneksyon an** *n* Connection\*.

**konekte** *vt* To connect\*, to plug.

**kònen** *vi* To tingle, to wheeze, to buzz; to fuzz. To blow a horn (or other instruments sounding like it). **Bato a ap kònen** *The ship's horn is blowing.* **Gen yon moun k'ap pale'm mal; zòrèy mwen ap kònen** *Someone has been saying bad things about me; my ears are burning (tingling).*

**konesans la, konnesans la** *n* 1. Knowledge, know-how, understanding. 2. Consciousness. **Pèdi konesans** *To faint, to pass out, to lose consciousness, to become unconscious.* **Reprann konesans** *To come to, to regain consciousness, to become conscious.* **San konesans** *Unconscious.* 3. Acquaintance. **Fè konesans avèk** *To make acquaintance with.*

**konesè a** *n* A knowledgeable person, connaisseur\*.

**kònèt la, kònè a** *n* 1. Receiver (telephone). 2. Cone **Yon kònèt krèm** *An ice cream cone.* 3. Paper cup.

**konferans la** *n* Lecture (formal speech). Cf. E. conference\*.

**konfese** *vi* To confess\*. *vt* To confess\* (sins).

**konfesyon an** *n* Confession\*. **Bay yon moun absolisyon san konfesyon** *To be fooled into thinking that a person is an angel because of his or her demeanor.*

**konfi a** *n* Mixture of vinegar, hot pepper, and vegetables used for seasoning after cooking. Also: **piman konfi.** Cf. pikliz.

**konfidans la** *n* Confidence\*. **Li fè'm konfidans** *He confided in me. He told me his secrets.*

**konfimasyon an** *n* Confirmation\* (religious).

**konfimen** *vt* To confirm\* (religious).

**konfiske** *vt* To confiscate\*.

**konfiti a** *n* Marmelade, jam, preserve.

**konfizyon an** *n* Confusion\*.

**konfò a** *n* 1. Comfort\*, luxury. **M'renmen konfò'm** *I love my comfort.* 2. Latrine, toilet, comfort\* station. *V* komòd.

**konfòme** *vpr* To conform\*. **Li konfòme'l** *He got in line; he complied.*

**konfonn** *vt* To confuse, to confound\*.

**konfyans la, lakonfyans** *n* Confidence\*, trust. **M'gen konfyans nan yo** *I trust them.*

**konfye** *vt* To entrust.

**konfyolo a** *n* Scheme, plot.

**kong nan** *n* Conger\*, conger-eel\*. A leptocephalous fish. **Li move kon kong** *Boy! He is angry!*

**kongo a** *n* 1. Congo\*. 2. Dance rhythm. 3. **Pwa kongo** *Congo pea(s).* *Cajanus indicus.* 4. **Abiye tankou kongo belizè** *To be dressed in a grotesque, ugly fashion.*

**kònichon an, konnichon an** *n* 1. Gherkin. 2. Cigarette lighter.

**konje a** *n* Leave, vacation, day off, congee\*. **An konje** *On vacation.*

**konjesyon an** *n* Congestion\*. **Konjesyon serebral** *Congestion of the brain, stroke.*

**konjige** *vt* To conjugate\*.

**konkirans la** *n* Competition. **L'ap fè'm konki-rans** *He is trying to equal, beat, compete with, surpass me. He is trying to match whatever I do.*

**konkou a** *n* Assistance, help, aid.

**konm nan** *n* Roof, peak.

**konma** *V* **koma**

**konmanman, kòmanman** *interj* Jesus-Christ! Oh my!

**konmanse** *V* **kòmanse**

**konmè** *V* **kòmè**

**konminike** *V* **kominike**

**konn**<sup>1</sup> *impers v* It sometimes happens that. The verb 'konn' usually precedes the impersonal verb 'gen' (there is, there are). *Konn gen lagrèl lan Kenskòf* Sometimes there is hail in Kensfòf.

**konn**<sup>2</sup> *aux v* To be in the habit of. *Li te konn vini chak dimanch* He used to come every Sunday.

**konn**<sup>3</sup> *V konnen*

**konnen, konn** *vt* 1. To know. At the end of a sentence or before a personal pronoun, do not use 'konn', use 'konnen'. *Nou konnen yo* We know them. *Jis mwen pa konnen* To the limit; very much. *Yo gra jis yo pa konnen* They are very, very fat. 2. To know how. *M'konn jwe jwèt sa a* I know how to play that game.

**kònòsò a** *n* Connaissanceur\*.

**konpa a** *n* 1. Compass\* (instrument). *Li pèdi konpa'l* He lost his way around; he is disoriented. *Mete yon moun sou konpa'l* To put s.o. on the right track; to make s.o. come to his senses. 2. Musical beat, dance rhythm. *Konpa dirèk* Type of Haitian dance rhythm.

**konpare** *vt* To compare\*.

**konparèt**<sup>1</sup> *vi* To appear\*, to make an appearance in court. *Konparèt devan jij la* To appear before the judge.

**konparèt la**<sup>2</sup> *n* A variety of cake very popular in the city of Jérémie.

**konparezon an** *n* Comparison\*.

**konpayèl la** *n* Companion\*, co-worker, friend, pal.

**konpayi an, konpanyi an** *n* Company\*. *Mesye dam lakonpayi* Ladies and gentlemen.

**konpayon an, konpay la** *n* Companion\*.

**konpè a, monkonpè** *n* 1. One's son's or daughter's godfather. 2. The godmother of a child will call the godfather 'monkonpè'. 3. Friend, pal. *Bròde kon konpè kòk* Elegant (cocky) as Mr. Cock.

**konpetan** *attrib* Competent\*, capable.

**konpetans la** *n* Competence\*. *Ou dwe kenbe konpetans la* You must be up to it; you must be able to meet the requirements.

**konplè a** *n* Suit (of clothes).

**konplete** *vt* To complete\*. *Men moso lan lajan an; ou va konplete'l* Here is part of the money; you will add the rest.

**konplikasyon an** *n* Complication\*. *Gen tròp konplikasyon; m'kite sa* There are too many complications; I give up.

**konplike** *vt* To complicate\*. *Sitiyasyon an trè konplike* The situation is very complicated.

**konpliman an** *n* Congratulation, praise, compliment\*. *Fè konpliman* To congratulate, to praise, to exalt.

**konplis la** *n* Accomplice\*.

**konplo a** *n* Plot\*, conspiracy.

**konplotay la, konplotaj la** *n* Plot\*, conspiracy. *Ou nan konplotay* You're mixed up in a plot.

**konplote** *vi* To plot\*, to conspire.

**konpòte** *vpr* To behave, to demean one's self. *Se pou ou konpòte ou byen* You must behave. *Ou pa dwe konpòte ou mal* Don't misbehave.

**konpòtman an** *n* Behavior.

**konpoze** *vt* 1. To make, to write, to compose\*. *Li konpoze bèl mizik* He writes beautiful music. 2. To mix (drugs, drinks). *Dlo konpoze* A mixture of water, herbs and leaves used for medicinal purposes (popular). *Kleren konpoze* White raw rum mixed with other ingredients. *vi* To take an exam. *M'pral konpoze maten an* I am going to take an exam this morning.

**konpozisyon an** *n* 1. School examination. 2. Mixture (of drinks). 3. Composition\*.

**konprann**<sup>1</sup> *vt* To grasp, to make out, to understand, to comprehend\*. *Mal konprann* To misunderstand. *vi* To believe, to think. *M'te konprann ke...* I thought that... *Li konprann mwen te retounen* He thought I had come back.

**konprann**<sup>2</sup> *n* Understanding. *Fi a san konprann* That woman doesn't know any better.

**konprès la** *n* Compress\*.

**konpromèt** *vt* To compromise\*.

**konpromi an** *n* Compromise\*.

**konsa** *adv* 1. So, such, like that, thus, in this way, in that manner; just like that. *Se toujou konsa* It's always like that. 2. Circa, about, roughly. *Li gen sèz an konsa* She's about sixteen. Sometimes, it's not translated. *Yo di'm konsa al fè rout mwen* They told me to leave.

**konsanti** *vi* To consent\*, to accept, to assent.

**konsantman an, konsantiman an** *n* Accord, agreement, consent\*.

**konsantre** *vt* To concentrate\*. *vi* To concentrate\*. *Konsantre sou sa w'ap fè* Concentrate on what you're doing.

**konsè a** *n* Concert\*.

**konsekan** *attrib* 1. Important, consequential\*. 2. Logical.

**konsekans la** *n* Consequence\*; importance. *San konsekans* Inconsequential\*.

**konsène, konsènen** *vt* To concern\*.

**konsesyon an** *n* Concession\*.

**konsè v la** *n* Preserves.

**konsève** *vt* To store, to preserve, to conserve\*. *Konsève fòs ou* Conserve your strength.

- konsevwa** *vt* To conceive\*.
- konsèy la** *n* Advice, counsel\*. *Pa ban'm konsèy* Don't give me any advice.
- konseye** <sup>1</sup> *vt* To advise.
- konseye a** <sup>2</sup> *n* Counselor\*, adviser.
- konsiderasyon an** *n* Consideration\*.
- konsidere** *vt* To consider\*, to regard.
- konsil la** *n* Consul\*, consular\* officer.
- konsila a** *n* Consulate\*.
- konsiltasyon an** *n* Consultation\*.
- konsilte** *vt* 1. To consult\* (a lawyer). 2. To examine (a patient).
- konsiyen** *vt* 1. To consign\* (merchandise). 2. To forbid access to, to close. *Andre pat vle resevwa moun; li konsiyen pòt li* Andrew didn't want to see anyone; he closed the door to everybody. 3. To confine. *Lyetman an te konsiyen pandan de semèn* The lieutenant was confined for two weeks.
- konsolasyon an** *n* Consolation\*, comfort.
- konsole** *vt* To console\*. *Pitit li mouri, y'ap konsole'l* His child died; they're consoling him. *Madanm ou kite'w; konsole'w* Your wife left you; console yourself.
- konsòn nan** *n* Consonant.
- konsonmen** <sup>1</sup> *vt* To eat (in a restaurant). *Li fin konsonmen* He is through eating.
- konsonmen an, konsome a** <sup>2</sup> *n* Soup, consomme\*, bouillon, broth.
- konspirasyon an** *n* Plot, conspiracy\*.
- konspire** *vi* To plot, to conspire\*.
- konsta a** *n* On the spot check. *Lapolis vin fè konsta* The police came to make a report.
- konstataasyon an** *n* Observation.
- konstate** *vi* To notice, to observe, to ascertain. *M'konstate li pa vini* I noticed that he did not come.
- konstipasyon an** *n* Constipation\*.
- konstipe** *attrib* Constipated\*.
- konstitisyon an** *n* Constitution\*.
- konstriksyon an** *n* Construction\*.
- konstrui, konstri** *vt* To build, to construct\*.
- konsyans la** *n* Conscience\*; knowledge. *M'pat gen konsyans m'te fè sa* I didn't realize I had done that.
- konsyansye** *attrib* Conscientious\*.
- kont** <sup>1</sup> *prep* Against. *M'pa gen anyen kont li* I have nothing against him. *M'kont sa* I object to that; I am opposed to that.
- kont** <sup>2</sup> *adv* Plenty (of), enough. *Nonm sa a gen kont lajan* This man has plenty of money. *Li manje kont kò'l* (or) *Li manje jis kont li* He ate enough (plenty). *Yon sèl se kont* One is enough.
- kont la** <sup>3</sup> *n* 1. Tale, story, fairy tale. 2. Riddle, enigma. *Tire kont* To tell tales and riddles.
- kont la** <sup>4</sup> *n* Dispute, quarrel, feud. *Chèche kont* To instigate a quarrel; to look for trouble. *Nou gen kont* We are quarreling.
- kont la** <sup>5</sup> *n* Account\*. *Rann kont* To account for. *Fè you kont mal taye* To make a settlement (Type of rough and ready compromise made when circumstances are not propitious). *M'sou kont ou* I rely on you; I am your responsibility; I am in your hands. *Ou ap fè manti sou kont mwen* You are telling lies about me. *Pou kont li* Alone; by himself.
- kontab la** *n* Accountant\*.
- kontabilite a** *n* Accounting\*.
- kontak la** *n* Contact\*. *Pran kontak avèk* To get in touch with.
- kontakte** *vt* To contact\*.
- kontamine** *vt* To contaminate\*.
- kontan** *attrib* Pleased, happy, glad, contented\*, cheerful. *Li pat kontan* He was unhappy.
- kontanple** *vt* To contemplate\*, to behold.
- kontante** *vpr* To be satisfied, contented (*de with*). *Kontante ou de sa* Be happy with that; don't ask for more.
- kontantman an** *n* Joy, contentment\*, happiness. *Kontantman fè'l pa kapab dòmi* Happiness keeps him from sleeping.
- konte** *vt* To count\*, to figure out, to reckon. *Konte ze* To count eggs. *vi* To be of consequence. *Lajan sèlman ki konte pou sèten moun* To some people the only thing that counts is money. 2. *Konte sou* To count on, to depend upon, to rely on, to trust.
- kontè a** *n* Meter (electric).
- kontgout la** *n* Dropper.
- kontinue, kontinye, kontinwe** *vt* To continue\*. *Kontinue travay la* Continue the work. *vi* To go on, to get on, to continue\*.
- kontra a** *n* Contract\*. *Pase kontra; siyen kontra* To enter into an agreement; to sign a contract. *Travay sou kontra* To work under contract (not as a regular employee).
- kontradiksyon an** *n* Contradiction\*.
- kontraryan** *attrib* Annoying, objecting. *Nan-pwen moun kontraryan pase'l* Nobody objects more than he does. He's a pain in the...neck.

**kontrarye** *vt* 1. To hinder, to prevent. *Lapli a kontrarye juèt la* The rain prevented the game.  
2. To upset, to put s.o. in a bad mood.

**kontraryete a, kontraryezon an** *n* Hindrance, problem, nuisance, disappointment. *M'tapral nan sinema; m'vin gen yon kontraryete. M'pa ale ankò* I was going to the movies, but a problem arose. So I didn't go. *An zing de kontraryete* Moody, in a bad mood.

**kontravansyon an** *n* Traffic ticket.

**kontre, rankontre** *vt* To meet, to encounter\*, to find. *Kibò m'kontre'w yè?* Where did I meet you yesterday? *Se byen jwenn byen kontre* Both foes are ready for each other (or) I'm ready for you.

**kontrè** *V okontrè*

**kontrebann nan** *n* Contraband\*, smuggling. *Fè kontrebann* To smuggle.

**kontredi** *vt* To contradict\*.

**kontremèt la** *n* Foreman, contractor.

**kontribisyon an** *n* Tax office. Also: **biro kontribisyon**.

**kontròl la** *n* 1. Control\*, supervision. 2. Verification, check.

**kontrole** *vt* To check, to examine, to control\*, to verify, to oversee.

**kontrolè a** *n* 1. Controller\*, supervisor, inspector. 2. Argumentative person, busibody, meddler. *Ou trò kontrolè* It's none of your business.

**kontwa a** *n* Counter\*.

**konvenk** *vt* To convince\*.

**konvenki** *attrib* Convinced\*. *Li pat konvenki* He was not convinced.

**konvèsasyon an** *n* Conversation\*.

**konvèti** *vt* To convert\*.

**konviksyon an** *n* Belief; the act of being convinced.

**konvnab** *attrib* Acceptable, suitable, convenient\*.

**konvnans la** *n* Decency. *Li san konvnans* He has no manners.

**konvni** *vi* 1. To suit, to fit. 2. To be convenient\*.

**konvoke** *vt* To summon (legally).

**konwè, kouwè, kon wè, kou wè** *conj* As, as...as. *Fi a bèl konwè lakansyèl* That woman is as beautiful as a rainbow.

**konyapis la** *n* Master cocksman. (Also applied to women).

**konyen** *vi* To have sexual intercourse. *vt* To fuck (to screw). Also: *raze, koupe, pran, plimen, taye*. In the North: *kroke*.

**kopi a** *n* Copy\*, duplicata.

**kopye** *vt* To copy\*. *Kopye sou* To copy from.

**koralen an** *n* Small boat used near coral reefs. Native canoe used by fishermen along the Haitian coast.

**koray la** *n* Coral\*.

**kore** *vt* 1. To steady, to tie, to fasten (so something won't fall), to hold in place, to wedge, to stop a wheel with an object, to prop, to strengthen. 2. To stuff (with food). *Mwen byen kore* I have fortified myself by eating a good meal.

**kòrèk** *attrib* Correct\*, proper, 'comme il faut', good and proper, appropriate. *Profèsè a di devwa ou pa kòrèk* The teacher said your homework was not correct. *Tifi a kòrèk* That girl is O. K. *Pa kòrèk* Incorrect. 2. (adv) Correctly\*, properly. *Fè afè'w kòrèk* Act properly.

**koreksyon an** *n* Correction\*.

**kòrèkteman** *adv* Correctly\*, properly, comme il faut.

**koressponn** *vi* 1. To correspond\*. 2. *Koressponn avèk* To answer to s.o. for. *Si ou fè sa, se avè'm w'a koressponn* If you do that, you'll have to answer to me for it (you will have to face me).

**koridò a** *n* Passage, aisle, hall, hallway, corridor\*. *Li gen lespri koridò* He has a one-track mind, usually on sex.

**korije** *vt* 1. To correct\*. 2. To punish, to reprimand.

**kòripsyon an** *n* Corruption\*.

**kòronp** *vt* To corrupt\*, to deprave.

**kòronpi** *attrib* Corrupt\*. *Dlo kòronpi* Stagnant, filthy, foul water.

**kòròsòl la** *n* Soursop. *Annona muricata* L.

**kòryas** *attrib* Old and tough, hard. *Vyann nan rete trò lontan sou dife; li vin kòryas* The meat was cooked too much; it became tough. Cf. E. coriaceous\* (of or like leather).

**kòs** *V ekòs*

**kòsaj la, kòsay la** *n* Upper part of a dress, separate from the skirt, blouse, corsage\* (bust). *Kòsaj li te bèl* Her blouse was beautiful. (fig) *Pòl ap chèche antre nan kòsaj mwen* Paul is trying to play up to me (or) to get on my good side. *Wete nan kòsay* To get rid of (an undesirable person, a former friend or associate).

**kòse a, kòsè a** *n* Corset\*.

**kostim nan** *n* Suit (of clothes). *Kostim sa a tròp pou mwen* (or) *Kostim sa a vale'm* This suit is too big for me.

**kostimdeben an, kostim de ben an** *n* Bathing suit, swimsuit.

**kostime** *attrib* To wear a suit. *Msyè te byen kostime* He had a nice suit on. Cf. E. costume\*.



**kòt la** <sup>1</sup> *n* 1. Rib. 2. Draw-sheet. (usu) 'kòt kabann'. 3. Rag, kotex. 4. **Kòt fanmi** *The entire family with all its members.*

**kòt la, lakòt** <sup>2</sup> *n* Coast\*. **Moun lakòt** *People from the coast as opposed to 'moun mòn' (peasants in general), and moun Pòtoprens (inhabitants of the capital).* **Fi a te fè lakòt** *That woman used to make the rounds.*

**kòtakòt, kòt a kòt** *attrib* Side by side.

**kote** <sup>1</sup> *adv* 1. Where. **M'a chita kote m'vle** *I will sit down where I want.* **Kote m'kale'l se lan naje** *Swimming is the one thing I do better than he does.* **M'pa konnen kote yo ye** *I don't know where they are.* 2. Where? (Other variants are: ki kote? bò ki kote?) **Kote ou prale?** *Where are you going?* **Ki kote li soti?** *Where does he come from?*

**kote** <sup>2</sup> *rel pron* Where, in which, from which. **Kay kote li tap viv la** *The house where he was living.*

**kote a** <sup>3</sup> *n* 1. Side. **Pa dòmi sou kote ou gen blesi a** *Do not sleep on the side where the wound is.* 2. Place; room, space. **Nan pwen kote isi a pou mete lòt liv** *There is no room here for you to put more books.* 3. Venue. **Y'ap chèche yon kote pou fè reyinyon an** *They are looking for a venue to convene the meeting.* **Yon kote** *A place, somewhere.* **Yon lòt kote** *Somewhere else.* **Okenn kote** *Nowhere.*

**kote, kot** <sup>4</sup> *prep* Beside, near, next to; in comparison to. **M'al chita kote'l** *I went to sit down next to him.* The forms 'bò kote' and 'bò kot' are also used. 'A kote' and 'sou kote' mean 'next to', 'at the side of'. **Ou pa anyen kot (bò kot) nonm sa a** *In comparison to this man, you are nothing.* **M'pral kot Pòl** *I am going to see Paul, to talk to him.*

**kòtfè a** *n* Cliff by the shore.

**kotizasyon an** *n* Collection (of money), share, contribution. **Bay kotizasyon** *To contribute, to make a subscription.*

**kòtòf** *Kòtòf lestomak.* *V* kòf.

**koton an** *n* Cotton\*. **Cheve koton** *Nappy hair.*

**kou a** <sup>1</sup> *n* 1. Blow, stroke, hit (*V* kout). **Bay kou** *To beat, to hit.* 2. Time. **Kou sa a** *This time.*

**kou a** <sup>2</sup> *n* Course\*, class. **M'gen yon kou anglè a midi** *I have an English class at noon.*

**kou a** <sup>3</sup> *n* Neck. **Nwa kou** *Nape of the neck.* **Kou yon boutèy** *Neck of a bottle.* **Kou rèd** 1. *Stiff neck.* 2. *Stingy, avaricious.*

**kou, kon** <sup>4</sup> *prep* Like, as. **Li naje kou pwason** *He swims like a fish.*

**kou, kon** <sup>5</sup> *conj* 1. As. **Piti kou'l piti** *Small as he may be.* 2. When, as soon as. **Kou'l midi** *As soon as it's noon.* 3. As well as. **Fann kou gason** *Women as well as men.*

**koub la** *n* Curve\*. **Kase koub** *To make a curve.*

**koubaba, koubabi, kobèbè** *interj* Jesus-Christ! Oh my!

**koubati a** *n* Pain in the back, lumbago.

**koube** *vt* To bend. *vi* To bend (one's self), to bow, to curve. (fig) To give way, to bend over.

**koubouyon an** *n* Type of fish soup.

**kouch la** *n* 1. Layer. 2. Childbirth, (syn) "a-kouchman". 3. Baker's plank. **Pen ou sou kouch, lanmori ou sou gri** *You have no worries, you are a lucky person.*

**kouchadò a** *n* Sleepyhead.

**kouche** *vi* 1. To lie down. 2. To go to bed. **Kouche deyò** *To sleep out.* 3. To set (sun).

**kouchèt la** *n* 1. Diaper. 2. Bunkbed (on a ship, etc).

**kouchkouch la** *n* Couscous\*. (Made with a special flour from the root of dry manioc).

**koud** <sup>1</sup> *vt* To sew.

**koud la** <sup>2</sup> *n* Elbow.

**koudam nan** *n* Shot, gunshot.

**koudèy la** *n* Glimpse, glance.

**koudyay la, koudjay la** *n* 1. Animated public dancing, cavorting, feasting, revelry, sometimes during political rallies. 2. The name of a dance. It signifies 'fast' or 'agitated' (COURLANDER).

**koujin** *V* **kuizin**

**koukou a** *n* Owl, cuckoo\*. **Lèd kou koukou** *Ugly as a cuckoo.*

**koukouman** *V* **akoukouman**

**koukoun nan** *n* Cunt, pussy, natura muliebris.

**koukourouj, koukourouy** *Fè koukourouj* : Expression used in the game of 'hide and seek' (lago kache) meaning that everyone playing will go and try to find the person(s) in hiding, when the person who was 'it' (bouche) was unable to find him (them). **Fè koukourouj deyè yon moun** *To go all out after s.o.*

**koukout** Darling. Also: *cheri koukout.*

**koukouy la** *n* Firefly, firebug. **Chak koukouy klere pou je'l** *Each man for himself.*

**koulan** *attrib* 1. Flexible, agreeable (person). 2. **Ne koulan** *Slipknot, running knot.*

**koulangèt, koulanbwèt, koulègèt** *interj* Oh God! Oh my! (Exclamation denoting surprise). **Koulangèt manman'w!** (or) **Langèt manman'w!** *Mother fucker!*

**koulant la** *n* Stinkweed. *Eryngium foetidum* L.

**koule** *vt* 1. To sink (a boat). **Soumaren an koule twa bato** *The sub sank three boats.* 2. To filter (coffee). 3. **Koule beton** *To pour cement.* *vi* To flow (blood, river); to be leaky (container); to

trickle, to drain (water); to duck, to go to the ground. *Se koule a ki sove'l* It's the fact that he ducked that saved him. To sink, to go down (boat); to flunk an exam. *Li koule nan konpozisyon an* He failed the examination. Examples and expressions: *Koule tèt* To pour water over one's head to cool off. *Fè cho; al koule tèt ou* It's hot; go pour water on your head. *Mango a koule* The mango dropped off before ripening.

**koulè a** *n* Color\*.

**kouleba** *adv* To capacity. *Chaje kouleba* Loaded, filled to capacity. Also: *kou Legba*. (V)

**koulèv la** *n* Snake. *Koulèv andòmi* Type of snake found in Haiti.

**koulibèt la** *n* Blabbering.

**koulin nan** *n* A long machete.

**koulis la** *n* Slide (sliding).

**koulout, ti koulout** *attrib* Very stingy. *Ou trò ti koulout* You are pinching pennies. You are very stingy.

**koulwa a** *n* Corridor, passage, aisle, hall, hallway.

**koulyea, kounyèa, kou nou ye a** *adv* Now, immediately. *M'te grangou; koulyea vant mwen plen* I was hungry; now I'm full.

**koumabo** *interj* Wow! (Exclamation of surprise and admiration).

**koumanman, komanman** *interj* Oh hell!

**koumanse** *V* **kòmanse**

**koumansman** *V* **kòmansman**

**koumapiston** *interj* Wow! What a surprise!

**koumasyal la** *n* Court marshal\*.

**koumatiboulout** *interj* Oh God!

**koumbit la, konbit la** *n* Cooperative bee among country folk. *V* **kòve**.

**kouman** *attrib* Bow-legged, knock-kneed. *Pye kouman* Bow-legged.

**kounouk la** *n* Tiny hovel, wretched hut, 'dirty hole', straw hut, shack.

**kounyèa** *V* **koulyèa**

**koup la** <sup>1</sup> *n* 1. Cut (cards). *Se koup mwen* (or) *Se mwen ki pou koupe* It's my cut (turn). 2. Cut (of a suit). 3. Haircut.

**koup la** <sup>2</sup> *n* 1. Cup\*, goblet. *Yon koup chanpay* A cup of champagne. 2. Cup\*, trophy (in sports).

**koup** *V* **kroup** <sup>3</sup>

**koupab** *attrib* Guilty. *Deklare yon moun koupab* To convict s.o.

**koupe** *vt* 1. To cut, to nip off, to snip; to clip (hair). 2. To cut (to dilute). 3. To have intercourse (with). 4. To interrupt (a speaker). 5. To

cut (in a card game). 6. To cut off (a telephone conversation). Examples and expressions: *Koupe asosye* To make a formal contract of partnership (or simply) To become partners. *Kouto a koupe anpil* The knife is very sharp. *Li tèt koupe ak papa'l* He is the spitting image of his father. *Mango sa a se koupe dwèt* This mango is delicious. *Koupe pye* To stop going somewhere (or) Not to set foot anymore somewhere. *Chemen koupe* (or) *Chemen dekoupe* Shortcut. *An'n koupe fache* Let's break off (our friendship). (Children's talk). *Tout diskisyon koupe sèk* The discussion was abruptly terminated.

**koupè a** *n* Cutter (of wood, sugar cane, etc.)

**koupèdgoj la** *n* Bandit, assassin, throat-cutter.

**koupi** *V* **akoupi**

**kouple a, kouplè a** *n* Verse, refrain (of a song).

**koupon an** *n* 1. Coupon\* (lottery, etc.). 2. Cutting, fabric necessary for a dress or suit.

**koupye a, poupye a** *n* Purslane. *Portulaca oleracea* L.

**koupyon an** *n* Rump (animal's).

**kouran an** *n* Current\* (electric, water, etc.). *Ou toujou bezwen nan gran kouran* You always want to be in the (big) act, in important circles.

**kourandè a** *n* Draft. *Pa chita nan kourandè a* Don't sit in the draft. *Pòch mwen gen kourandè* I am 'broke'.

**kouray la, kouraj la** *n* Courage\*; strength. *Pran kouraj* Take heart. *M'pa gen kouraj pou'm leve* I don't have the strength to get up. *Pran kouraj ou ak de men* Get yourself together and resolve to act (get going).

**koure a** *n* Boar. Also: *koure kochon, mal kochon*.

**kouri** <sup>1</sup> *vi* 1. To run, to run away. *Kouri dèyè* To run after, to make after. *M'ap kouri sou senkant an* I'm approaching 50. *Ou pa ka kouri ak mwen* You can't run with me. *Vant kouri* (or) *Vant mennen* Diarrhea, running stomach. *Lè m'wè kalite desè sa a, bouch mwen kouri dlo* When I saw that delicious dessert, my mouth was watering. 2. To go fast (ship, car). *Ala oto kouri* This car is a speedster. 3. 'Kouri' is sometimes used as auxiliary. *Kouri ale* To go somewhere fast. *Kouri antre* To come in running. *Kouri travèse* To run across.

**kouri a** <sup>2</sup> *n* Stampede, panic causing everyone to run out fast. *Te gen yon kouri lavil la, lè bonm nan eklate a* There was a panic downtown when the bomb exploded. It was everybody for himself.

**kouròn nan** *n* Crown\*.

**kouronnen** *vt* To crown\*.

**kous la** *n* 1. Run. *Tout kous* At full speed. *Li pati yon kous* He dashed away. Also: *kous-kouri*. 2. Race (competition). 3. Errands. *M'gen kèk kous pou'm fè maten an* I have some runs to make this morning.

**kousen an** *n* Cushion\*. **Kousen otomobil** *Car seat*.

**kousikui a** *n* Short circuit\*.

**kouskouri a** *n* Running, dash. **Pete yon kous-kouri** *To dash (out), to start running*.

**kout**<sup>1</sup> *attrib* Short, small.

**kout**<sup>2</sup> *n* From Fr. 'coup de'. Blow. **Kout kouto** *Knife gash*. **Kout lang** *Slander*. **Kout pye** *A kick*. **Bay kout pye** *To kick*. **Koupe kout je** *To snub noticeably, to give a scornful look*. **Kout kat** *Rounds, sessions (cards)*. **An'n fè de kout kat** *Let's play a few hands of cards*. **Bay kout ba** *To renege on one's word, to sock it to s.o., to deceive, to let s.o. down*. **Bay kout tèt** *To drop one's head from time to time when dozing off*. **Kout dan** *Bite*. **Bay yon kout men** *To give a hand (help), to land a helping hand*. **Bay kout pitit** *To bear a child by a man other than the husband*. **Bay yon kout ponya** *To lend money at a usurious rate*. **Pran kout ponya** *To borrow at a usurious rate*. **Fè kout san** *To have a stroke (as a result of anger)*. **Kout tan** *Severe weather, sudden storm*. **Yo te fè de kout zo** *They shot some dice*.

**koutay la, koutaj la** *n* 1. Commission. 2. Illicit gain.

**koute**<sup>1</sup> *vt* To listen, to hear. **Ti zwezo tape koute** *The birds were listening*. **Li pat koute konsèy mwen** *He didn't heed my advice*. **Pa koute kòlè ou** *Don't give vent to your anger, let it cool off*.

**koute**<sup>2</sup> *vi* To cost\*. **Sa a koute de dola** *This one costs two dollars*.

**kouti a** *n* Sewing, needle-work, dressmaking, seam. **Roz al nan kouti** *Rose is learning needlework, learning to sew*.

**koutim nan** *n* Custom\*, habit.

**koutiryè a, koutiryèz la** *n* Seamstress.

**kouto a** *n* Knife. **Li rale kouto sou mwen** *He pulled a knife on me*. **Ti bout kouto** *A small knife; a piece of knife with a short blade*. **Kouto digo** *Sickle*. **Kouto bouche** *Cleaver*. **Kouto de bò** (or) **Kouto famasi** *Hypocrite, false two-faced person*.

**koutwazi a** *n* Courtesy\*.

**koutye a** *n* Broker, real estate agent, middleman.

**kouvan an** *n* Convent\*. **Antre nan kouvan** *To enter a convent*.

**kouve** *vi* To sit, to brood (hen). **Poul la ap kouve** *The hen is sitting (on eggs)*.

**kouvè**<sup>1</sup> *attrib* Overcast, covered\* (sky).

**kouvè a**<sup>2</sup> *n* Place setting. **Mete kouvè** *Set the table*.

**kouvèti a** *n* Cover\*; sheet, bedclothes; lid; toilet seat top.

**kouvreli a** *n* Bedspread.

**kouvri** *vt* 1. To cover\*. 2. To cover\* (or) to mate with (animals).

**kouwa a** *n* Strap; fan belt.

**kouwè** *V konwè*

**kouyadinay la** *n* Stupidity.

**kouyan an** *n* 1. Intimate friend. 2. A person who hobbles, limps.

**kouyan kouyan, gouyan gouyan** *adv* Hobbling along, limping along.

**kouyanbiz la** *n* Friendship; familiarity. **M'pa nan kouyanbiz ak ou** *Keep your distance; don't get too familiar*.

**kouyè** *V kuiyè*

**kouyon an** *n* Stupid fool, dumb person. Cf. *It coglione*.

**kouzen an** *n* Cousin\* (male). **Kouzen jèmen** *First cousin*. **Kouzen soujèmen** *Second cousin*. **Rwa pa kouzen'l** *(He thinks that) not even the king is his cousin. He's nothing but a big show-off*.

**kouzin nan** *n* (Female) Cousin\*.

**kòve a** *n* 1. Work group in the country. *V koumbit*. 2. Hard labor, forced labor; any difficult and painful task. **W'ap fè'm fè kòve** *You're making me work very hard*.

**koyibe** *vt* To prohibit\*, to eliminate. **Yo koyibe'l nan juèt la. Li pa fouti jwe ankò** *They put him out of the game. He can't play anymore*.

**koyo a** *n* An awkward person, particularly as far as women are concerned. Sometimes applied to a cuckold.

**kòz la, lakòz** *n* Cause\*, motive, reason. **Se li ki te kòz ke...** *It was he who was responsible that...* **Pou kòz** *For reason of, because of*. **Pou kòz maladi** *Because of an illness*. **Avoka move kòz!** *You are always defending the wrong cause!* **Ou fèt pou ou responsab kòz ou** *You are responsible for your action*.

**koze**<sup>1</sup> *vi* To chat, to talk, to converse. **Nou rete koze lontan** *We were chatting a long time*. **Koze ak** *To chat with*.

**koze a**<sup>2</sup> *n* 1. Chat, talk, conversation. 2. Situation, event. **M'pa konn anyen lan koze sa a** *I don't know anything about this matter*. 3. Story. **Vin tandè yon koze** *Come and listen to this story (gossip)*. Cf. *kozman*.

**kozè a** *n* Big talker.

**kozman an** *n* Story. **M'vin ba ou yon kozman** *I come to tell you a story* (or) *I come to tell you what happened*.

**krab la** *n* 1. Crab\*, land-crab\*. **Krab mal zòrèy** *A type of crab that sticks to rocks, poles, etc., near the seashore*. **Dan crab** *Claws*. **Anvi krab** *Hairlip*. **Fè ti Jezi nan po krab** *To be a little Jesus (sham innocence)*. **Ou mare kon yon krab** *You are encumbered, mixed up and awkward like a crab*. 2. Yaws.

(A skin disease usually appearing on the sole of the feet). *Pye ou pa gen krab, depeche ou* You don't have yaws in your feet, so hurry up.

**krabanbara** *n* Tarantula (spider). Also named: *Krabarenyen, areyeakrab, zarenyen krab.*

**krabarenyen** *V areyeakrab*

**krabè a** *n* *Ti krabè* Rickety child, small, puny, insignificant.

**krabinay la, kabinay la** *n* 1. Rubble. *Machin nan kraze; li fè krabinay* The car crashed; it was reduced to bits of rubble. 2. Insignificant person.

**krabinen** *vt* To smash to pieces; to disfigure.

**krabye a** *n* 1. Heron. One of the commonest of West Indian birds. 2. An emaciated and tall person.

**krache** <sup>1</sup> *vi* To spit, to expectorate. *Piga ou krache atè a* Don't spit on the ground.

**krache a** <sup>2</sup> *n* 1. Spit, saliva. *Li se papa'l krache* He's the spitting image of his father. *Krache'l gen san* His saliva is tinged with blood. 2. *Yon ti krache* A little bit.

**krake** *vi* 1. To chatter. *Dan'l ap krake* His teeth are chattering. 2. To creak. *Planche a ap krake* The floor is creaking. *vt* To crack\* (one's fingers).

**kran an** *n* 1. Notch, peg. 2. Guts (courage). *Mete kran* On with it; do it.

**kràn nan, krann nan** *n* Skull. Also: *kràn tèt.*

**krann** *adv* Firmly.

**kranp** *V lakranp*

**kranpon an** *n* Spike, cleat (on shoes used in sports).

**krapday la** *n* Piece, portion, a little something.

**krapo a** *n* Frog, toad. *L'ap fè hòlè krapo* He is angry for nothing.

**krapodin** *An krapodin* Crouching. Cf. akoukouman.

**kraponnay** *V kaponnay*

**kraponnen** *V kaponnen*

**kras** <sup>1</sup> *attrib* Stingy, penurious. *Ala moun kras!* God, but they are stingy!

**kras la** <sup>2</sup> *n* 1. Dirt, filth. *Kras vant* Last-born child. *Kras nan dan* Tartar on teeth, or small particles of food on the teeth. 2. Bit, speck, crumb. *Ti kras* A tiny bit. *Se pa ti kras hòb li depanse* He spent a lot of money. *Pa kras* At all. *Ou te di ou ap vini, ou pa kras vini* You said you would come; you didn't show up at all.

**kraste a** *n* Stinginess, avarice.

**kravat la** *n* Necktie, cravat\*. *V kòl.*

**kraz** *attrib* *Kò kraz* Indolent, pooped, not energetic.

**kraze** <sup>1</sup> *vt* 1. To chew (up). *Vale san kraze* To swallow whole. 2. To run down, to run over. 3. To break to pieces, to smash, to shatter, to crush, to squash, to demolish. *Kraze ak dan* To grind with the teeth. *Kraze yon kay* To demolish a house. *Kraze (tiye) mouch* To swat flies. *Kraze rak* (or) *Kraze raje* To disappear, to get lost, to go away (and hide) in view of danger. *Li tap kraze yon dòmi* He was sound asleep. *L'ap kraze yon manje* He is savouring his food. *Kraze brize* To vandalize, to break up to pieces. *Nan pwen moun kraze brize konsa* There is no one who breaks up things more than that person does. *Ou te mèt kraze brize, yo pap obeyi ou* No matter what (the hell) you do, they won't obey you.

**kraze** <sup>2</sup> *attrib* Shabby, exhausted, down (person).

**kraze a, ti kraze a** <sup>3</sup> *n* A little change, a bit of money. *Ban'm yon ti kraze* Give me some money.

**krè** Variant of the verb 'kwè' used in some regions.

**krebete, grebete a** *n* Scrawny, one who is insignificant, unimportant, small; (usu) refers to children. Often: *ti krebete.*

**krèch la** *n* Manger, crib.

**kredi** *n* Credit\*. *Vann kredi* To sell on credit. *Achte kredi* To buy on terms. *Bay kredi* To allow (s.o.) to purchase on terms.

**krèk la, krèt la** *n* Clitoris. *V langèt.*

**krèm nan, krenm nan** *n* 1. Cream\*; pomade (facial cream). 2. Ice cream\*, popsicle.

**kremas la** *n* An alcoholic beverage.

**kremòl** *attrib* Apathetic, slow, not on the ball, wishy washy. *Ou lan kremòl* You can't get going; you are fooling around.

**krenn** *vt* To fear. *Li krenn papa'l* He is afraid of his father. Cf. pè.

**krent la** *n* Fear.

**krentitid la** *n* Fear.

**krepi** *vt* To roughcast (a wall).

**krepin nan** *n* 1. Funnel, measure. 2. Filter in a car.

**krepisay la** *n* Roughcasting.

**krepsòl la** *n* Rubber usually used to make soles for shoes and balls for children.

**kreson an** *n* Water cress\*, Nasturtium aqua-ticum L.

**krèt la** *n* 1. Crest\*, comb of a cock (cock's comb). 2. As E. 'crest', 'krèt' is also used to designate the 'clitoris'. *V krèk.*

**kreten** *attrib* Slow learner; stupid fool, moron. Cf. E. cretin\*.

**krètkòk la** *n* Cockscomb\* (flower).

**krètkrèt la, kwètkwèt la** *n* Red-legged thrush, a type of tiny bird.

**kretòn nan** *n* 1. Type of ornamental plant. 2. Type of fabric for dresses.

**kretyen an, kriken** *n* 1. Christian\*. 2. Human being, person (as in many Romance languages and dialects). *Kretyen vivan* *Living soul.*

**kreve** *vt* 1. To puncture, to burst. *Li te fè aksidan, je'l kreve* *He had an accident, his eyes were ruptured.* 2. To deflower, to seduce (a virgin). *Se li ki kreve tifi a* *It's he who (first) got the girl's cherry.*  
*vi* 1. To burst, to blow out. *Karotchou a kreve* *The tire is flat.* 2. To be almost cooked (beans, etc.). *Pwa a poko kreve* *The beans are still raw (they have not reached the stage called "kreve" in cooking).*

**krèvèt la, chevèt la** *n* Shrimp.

**krèy, makrèy** *Yon krèy* *A lot of, many.* *Yon krèy timoun* *A lot of children.*

**kreyatè a** *n* Creator\*.

**kreyati a** *n* Creature\*.

**kreye** *vt* To create\*.

**kreyòl** <sup>1</sup> *la* *n* Creole\* language. MORISSEAU-LEROY-1: *M'ap ekri yon liv kreyòl* *I am writing a book in Creole.*

**kreyòl** <sup>2</sup> *attrib* Indigenous, native.

**kreyon an** *n* Pencil. Cf. E. crayon\*. *Fè pwent kreyon an* *Sharpen the pencil.* *Kreyon adwaz* *Special pencil used for writing on a slate.*

**kri** <sup>1</sup> *a* *n* Scream, shout. *Li pouze yon kri* *He screamed.*

**kri** <sup>2</sup> *attrib* 1. Raw, not cooked. 2. Violent, crude\*.

**kribich la, ekribich la** *n* Shrimp. *Kribich chode* *Person with very light skin* (pej).

**krich la** *n* Earthen (water) jug, pitcher without handles, and with a thin neck.

**krichon an** *n* Small table with several holes in which earthenware jugs are placed.

**krik** (onom) *Li mourì san di krik* *He died without uttering a word.*

**krik... krak** Formula used as a preamble. The storyteller will say "krik". The audience will answer "krak", and the storytelling takes place. *Pou yon krik yon krak, li fache* *For any little thing, he becomes angry; i.e. for no reason at all.*

**kriken** *V* kretyen

**krikèt la** *n* Cricket\* (insect).

**krim nan** *n* Crime\*.

**kriminèl la** *n* 1. Criminal\*. 2. (attrib) *Bal kriminèl* *An ultra riské, libertine dancing party.*

**kriminen** *vt* To incriminate\*.

**krinolin nan** *n* Material for hoop skirt, crinoline\*.

**krinyè a** *n* Mane. Long hair; (usu) refers to women.

**krip krip** (onom) Crunch, crunch. Describing and imitating the sound of crisp food being chewed and eaten.

**kripya** Avaricious, stingy, penny pincher.

**krisifi a** *n* Crucifix\*.

**krisifye** *vt* To crucify\*.

**krismarin nan** *n* Sariana maritima. Plants that grow near the seashore.

**kristal la** *n* Crystal\*, glass, glassware.

**kristè a, klistè a** *n* 1. Enema, clyster\*. Common word is 'lavman'. The recipient for enema is commonly called (named) **bòk**. 2. *Bay kristè, bay klistè* *To drive (someone) crazy, to pester, to haunt, to bother.*

**kritike** *vt* To criticize\*. To find fault (with).

**kriye** *vi* 1. To be in tears, to cry\*, to shed tears, to weep; to cry out. *V rele. Kriye, kriye'n medam* *Cry, ladies, cry; weep your hearts out.* 2. To squeak. *Si rou charyo a kriye, li merite grese* *If your wagon wheels squeak, they need to be greased.* 3. *Kriye pike* *To bawl (loudly).*

**kriyèl** *attrib* Ruthless, cruel\*.

**kriz la** *n* 1. Crisis\*. 2. Fit of anger. 3. Sudden seizure, attack of nerves. *Li fè yon kriz* *He had a seizure.*

**krizokal la** *n* Imitation precious metals used as jewelry (gold, silver, etc.). Costume (fake) jewelry.

**kròbòt, kwòbòt** *vt* To bend (nails, etc)

**kroche a** *n* Crochet\*.

**kròchèt la, kòchèt, kwòchèt, kròchèt** *n* 1. Hook (to close a door). 2. Tripping.

**kròchi** *V* kochi

**kròchma** *V* kochma

**kròchte** *vt* To close, to shut a door tight with a hook.

**kròk la** *n* 1. Fork of a plant, or a tree. A small one is used as part of a slingshot (fistibal). 2. Hook, huge, monstrous tooth, fang. *Yon gro kròk dan* *A very big tooth.* 3. Triangular wooden collar placed around an animal's neck to make it extremely difficult for it to cross hedges, etc. 4. Difficulty, encumbrance. *Gade yon kròk ou mete nan kò ou* *Look at how much trouble you're causing yourself.* 5. *Li ban'm yon kròk* *He did me a dirty trick. He tripped me.* 6. *Zepeng kròk* *Safety pin.*

**krokay la** *n* Embrace.

**kroke** *V* koke

**kròkmò a** *n* Gravedigger who also buries the dead.

**krokodil la** *n* Crocodile\*.

**krokro a** *n* Type of fish.

**kròs la, kòs, kòf** *n* Butt end of a gun. *Li frape yo ak kròs fizi a* He struck them with the butt end of his rifle.

**kròt** *attrib* Ill-kempt, not combed, curly, woolly, kinky, dirty. *Tèt mwen kròt* My hair is kinky.

**kroup<sup>1</sup> la** *n* Croup\* (illness).

**kroup<sup>2</sup> la, koup** *n* Croup\* (of a horse). *Lan koup* Behind (on the back of the horse).

**krout la** *n* 1. Crust\*. 2. Grated bread crumbs. 3. Scab. *Maleng nan geri, li kite krout* The sore healed but it left a scab.

**kui a, kwi** *n* Leather, hide. *Kui tèt* Scalp. Also: **po tèt**.

**kuipe, tuipe, kwipe, tchipe** *vi* To smack one's lips audibly for several seconds to show disdain, indifference, or contempt. *Pa kwipe; m'pa fè ou anyen la a pou'w fache* Don't smack your lips at me; I didn't do anything to make you angry. (Typical Creole word).

**kuis la, kwis** *n* Thigh.

**kuit, kwit, krit** *vt* To cook, to bake, to stew. *Kuit tròp* To overcook. *Lè diri ap kuit* When the rice is being cooked. *Manje a manke kuit* The food is not done.

**kui v la** *n* Copper.

**kuiyè a, kiyè, kouyè** *n* Spoon. *Ti kuiyè* Teaspoon. *Gro kuiyè* Tablespoon. *Mwen ba li de kuiyè* I gave him two spoons. *Vye tonton sa a chich kou do kuiyè fè* That old man is as stingy as nails (like the back of an iron spoon). *M'kenbe kiyè'm long ak li* I keep my distance from him.

**kuizin nan, lakuizin, lakizin, koujin** *n* Kitchen\*. *Ale nan kuizin nan, ou a wè manje pa ou* Go in the kitchen (and) you'll see your food.

**kuizinyè a, kuizinyèz la** *n* Lady cook.

**kuizinyèz** *V* **kuizinyè**

**kwa a, lakwa** *n* 1. Cross\*. *Fè kwa* To resolve never to repeat the act. 2. Torment, suffering. *Ala de kwa m'ap pote* Boy, what troubles (problems) I'm having; what a cross I'm bearing.

**kwachaf la** *n* Crankcase (automobile).

**kwachyòkò a, kwachyòkò** *n* Kwashiorkor\* (sickness caused by malnutrition).

**kwadi a** *n* Group, squad\* working with picks. The synonym "esquad" is also making headway. *M'wè yon kwadi moun. Pa gen kote pou pike zepeng* I saw a crowd of people. There was no room to stick a pin.

**kwaf la, kwèf** *n* Caul, secondina. *Li fèt ak kwaf* He was born lucky, with a silver spoon in his mouth. *To be born with a caul.*

**kwafè a** *n* Hairdresser, barber.

**kwafèz la** *n* 1. Hairdresser (applied to women). 2. Vanity (dresser).

**kwafi a** *n* Hairdo, coiffure\*.

**kwak, kwake** *conj* Although, altho, tho. *V byenke. Li vini, kwak li te malad* He came, although he was sick.

**kwak sa** *conj* Nevertheless, in spite of that. *Nou fè prese, kwak sa nou rive an reta* We hurried, nevertheless we arrived late.

**kwann nan, kwenn** *n* Porkrind, pig skin with some fat left on to be cooked.

**kwape** *vt* To rebuff. To reject completely.

**kwasans la** *n* Puberty. *Fè kwasans* To reach puberty, to start menstruating. *Pèdi kwasans* To stop menstruating (temporarily or permanently).

**kwatchòkò** *V* **kwachyòkò**

**kwayans la** *n* Belief, conviction, creed, faith.

**kwaze** *vi* To pass in opposite directions. *vt* To cross\* (arms, animals).

**kwazelèuit** Word used in a quadrille dance.

**kwazman an** *n* Crossing\* (of animals, or of telephone conversations when someone else is on the line).

**kwè, krè** *vt* To believe. *M'pa kwè sa* I don't believe that. *vi* 1. To be a believer. *Tou sa ki kwè ap sove* All those who believe will be saved. 2. To think. *M'kwè l'ap vini* I think he is coming.

**kwen an** *n* Corner, angle. *Kwen kay* A tiny, little house or a room. *Kwen bouch* Commissure, corners of the lips. *M'rete tròp nan kay la; se pou m'al wè kote lari fè kwen* I have stayed too long in the house; I have to take to the street now.

**kwense** *vt* To squeeze; to push into a corner, to jam; to arrest. *DEJEAN-59: Yo pral kwense ou tout kote* They are going to drive you into a corner. *M'kwense semenn sa a* I'm broke this week.

**kwi a, tchwi a** *n* Bowl, container consisting of half of a "kalbas" or gourd. *Pran kwi* To go begging. *Kwi pòv* Beggar's wooden bowl.

**kwipe** *V* **kuipe**

**kwire a, kuiyre** *n* Spoonful.

**kwit** *V* **kuit**

**kwòbòt** *V* **kròbòt**

**kwochèt** *V* **kròchèt**

**kyòlòlò, dlololo** *attrib* Weak, watery coffee. *V* **dlo**.

**kyoul** *V* **tyoul**

kyoule V rekile

# L

l<sup>1</sup> *pers pron* He, she, it (Contraction of li). *Si'l vle ale* If he wants to go.

l<sup>2</sup> *poss adj* His, her, its. *Papa'l* His (her) father.

la<sup>1</sup> *def art* Determiner used postpositively, as in Romanian, Swedish, and many African languages, after a noun or phrase; roughly equivalent to the English definite article. V a, an, nan. *Tab la* The table.

la<sup>2</sup>, la a *adv* There, here. *Jouk la* Up to there, as far as there. *La menm* Immediately, on the spot. *Se la pou ou la* You have to be there. *M'la* Here I am. I am getting along. I'm still here (there).

la<sup>3</sup> a *n* Bacon, lard\*, grease. *Lò ou fri la, li fè luil* When you fry bacon, you extract oil (grease).

la<sup>4</sup> *adv* Alive, living (still around). *Papa ou la toujou?* Non, *papa'm mouri* Is your father still alive? No, my father died.

la yo *def art plur* The. *Liv la yo* The books.

laba, laba a *adv* 1. There, over there, down there, (down) yonder. 2. Abroad, in those (foreign) places.

labab V bab

labalèn V balèn

labank, bank la *n* Bank\*.

labanyè a, banyè a *n* Banner\*, standard. *Nan madigra moun ki pote labanyè toujou devan* During the Mardi Gras parade, those who carry the banners are always in front. *Pote labanyè* To excel, to be recognized as the best.

labapen an *n* Name of a plant (*Artocarpus incisa*) which was once mistaken for the breadfruit plant. V veritab.

labatwa a *n* Slaughterhouse, abattoir\*.

labenediksyon V benediksyon

labèt la *n* Type of card game.

labib, bib la *n* The Bible\*.

labim V abim

labitasyon V abitasyon

lablanchèt la *n* (pej) Woman with a very light skin. Also *kribich chode*.

laboratwa a *n* Laboratory\*.

laboryèz *attrib* Hard-working (fem).

labou a *n* Mud, dirt.

laboulòk V boulòk

laboure *vt* To plow.

labouè a *n* Farmer.

labouyi a, bouyi a *n* Porridge, pap, pudding. (fig) Anything that can be mashed and contains a liquid. *Gen labouyi mayi, labouyi lamidon, labouyi bannann* There is ground corn porridge, starch, and banana porridge. *Li fè aksidan; oto pase sou figi'l, figi'l tounen labouyi* He had an accident. A car ran over his head. His face looked like pap.

labrin nan, labrenn *n* Dusk, twilight, crepusculo. V fènwa. *Mari te sòti a labrin diswa, lè solèy tap kouche* Mary had gone out at dusk, when the sun was setting.

labsent V absent

labveritab V veritab

lach *attrib* 1. Loose, lax\*. 2. Coward(ly).

lachanm nan *n* House of Representatives (House of Deputies, Lower House).

lacharite, lacharit, charite a *n* Alms, charity\*. *Fè lacharite, bay lacharite* To give alms.

lachas, chas *n* Hunting, hunt.

lache *vt* 1. To loosen, to slacken, to untie. 2. To let down, to diminish. *Lafyèw la lache'm* My fever has abated, has diminished.

lacho a *n* Lime (chalk). Cf. Founacho *Lime-kiln*.

lachte a *n* Cowardice. *Fè lachte* To commit an act of cowardice.

ladan *prep, adv* In, therein, inside. *M'mete ladan'l solèy Dayiti* I put in it Haiti's sunshine. *Ou antre nan kay sa a deja?* Non, *m'panko antre ladan'l* Did you go into the house? No, I didn't go in yet. *Mete ladan* To include.

ladelivrans V delivrans

lademann *n* Formal proposal of marriage. *Fè lademann* To make the formal request of the parents so as to obtain official permission to marry.

ladènyè, ladennyè *n* Last trick (at a card game).

ladesant, la desant *n* 1. Descent\*. 2. Stay. *Fè ladesant* To stay somewhere (in a friend's house, for instance) during a trip. *M'ap vwayaje, m'ap fè ladesant kay kouzen'm, m'pa pral a lotèl* I'm going to take a trip; I'll stay at my cousin's (house). I won't stay in a hotel.

ladoba *Fè ladoba* To walk with the head and shoulders bent forwards.

ladoudous V doudous

ladrès, adrès la *n* Address\*, skill, adroitness, tact. *Li gen ladrès* He is skillful.

ladwann nan, ladwàn nan *n* Customs, customs house.

**ladyablès la, dyablès la** *n* She-devil, witch; wife of the devil.

**lafanmi** *V fanmi*

**lafendimonn** End of the world.

**lafèy la** *n* Newspaper.

**lafimen an** *n* Smoke.

**lafliksyon an, afliksyon an** *n* Affliction\*.

**Lafrans, Frans** *n* France\*. *Lafrans se yon gran peyi* France is a great country. *Fè lafrans* To flirt, to kid around, to put on airs, to be snobbish. *An Frans* In France. (In some contexts, e.g. when used with the preposition **an, la** is omitted). *Farin Frans* Imported white flour. **Fig Frans** fig.

**lafchèch** *n* Freshness (of the air), cool(ness).

**lafrechè a** *n* Prostitute.

**Lafrik** *V Afrik*

**lafwa** *n* Faith. Conviction, determination. *M'a bat ou ak lafwa* I will give you a real thrashing. Cf. fwa a.

**lafyant la** *n* Feces, excrement, shit.

**lafyèw la, fyèw la, lafyèb** *n* Fever\*, temperature. *Lafyèw lèt* Milk fever. *Lafyèw pete lan bouch li* His lips have fever blisters. *Lafyèw frison* Fever with shivers. *Lafyèw palidis* Malaria. *Lafyèw skalatin* Scarlet\* fever. *Lafyèw jòn* Yellow fever. *Lafyèw tifoyid* Typhoid.

**lagad** *n* The army; guard\*. *Li antre lan lagad* He went into the army. *Moute lagad* To stand guard.

**lagal la, gal la** *n* Scabies.

**lage** *vt* To untie, to loosen; to free, to release, to let loose, to let go, to let out; to desert, abandon, to dump, to drop (s.o.) off. Examples and expressions: MORISSEAU-LEROY/A-71: *Li lage kò'l nan dlo* He jumped into the water. "*Lage kò (lan)*" also means "to let one's self go (into something)". *Lage men'm, m'pa prale avè ou* Let go of my hand; I'm not going with you. *Lekòl lage avan katrè* School let out before four o'clock. *Ou lage nan prizon* You were freed from jail. *Lage'm lavil* Drive me downtown. *Nou lage yon boulin* We dashed off. *Li lage sa* He died. *vi* 1. To go to ruin, on evil ways. *Tifi a fin lage* The girl let herself go; (she lives her life). She went on evil ways. 2. To get soft. *Tiye dife a kou vyann nan lage* Put out the fire when the meat gets soft.

**lagè a** *n* War\*, warfare\*. *Fè lagè* To wage war. *Deklare lagè* To declare war.

**lago a** *n* Tag (children's game). *Lago kache, lago bouche* The game of hide and seek. *Ki moun ki bouche?* Who is it? *Y'ap fè lago kache* They're playing hide and seek. Also **kachkach**.

**lagon an** *n* Lagoon\*, swamp.

**Lagonav** Island of Lagonave. *Ban'm van pou m'al Lagonav* Leave me alone, please. *L'al Lagonav* He has lost his virility.

**lagonni an, agoni an** *n* Death throes, agony\*.

**lagonni, lagoni, agoni** *vi* To be in death throes.

**lagoum nan** *n* Mucous in a horse's mouth.

**lagratèl la** *n* 1. Jelly fish. 2. Type of plant similar to poison ivy.

**lagrèl la, lagrenn nan** *n* Hail.

**lagrenn** *V lagrèl*

**lagrikilti** *V agrikilti*

**lagròt** *V gròt*

**laj<sup>1</sup> la, lay la** *n* Age\*. *De timoun sa yo gen menm laj men yo pa menm otè* Those two children are the same age, but they are not the same height. *Ki laj ou?* How old are you? *Yo pap ba'l laj li* He doesn't look his age.

**laj<sup>2</sup>** *attrib* 1. Wide, broad, large\*. *Kay la trè laj* The house is broad. *Vin pi laj* To broaden. 2. Generous.

**lajan an** *n* Money. *Manman lajan* Capital (money). *Fòk ou travay pou ou fè lajan* To make money you have to work. *Yon gro lajan* A considerable sum. *Moun lajan* Rich people.

**lajantri** *V ajantri*

**lajè a** *n* Width, breadth. *Bouch li louvri tout lajè* His mouth is wide open.

**lajenès** *n* Youth (childhood).

**laji, elaji** *vt* To spread, to widen, to enlarge\*, to broaden. *vi* To become wider.

**lajistis, jistis la** *n* Justice\*, legal tribunal. *M'pral lajistis avèk ou pou'm konnen si ou pap renmèt mwen lajan'm* I'm going to take you to court to see if you won't give me back my money.

**lajonis, jonis la, lajonnis** *n* Jaundice\*.

**lajounen an, jounen an** *n* Daytime, day. *Gro lajounen* In broad daylight. *Lajounen yo ret anba fèy* In the daytime they stay under the leaves.

**lajwa** *V jwa*

**lak<sup>1</sup> la** *n* Lake\*.

**lak<sup>2</sup> la** *n* 1. Trap. *Ou ap eseye pran'm nan lak* You are trying to trick me (or) to take me in a trap (or) to trap me. 2. Bait. *V delake*.

**lakadans** *V kadans*

**lakal** *V kal*

**lakalmi** *V kalmi*

**lakanpay, lakanpany** *n* The countryside. *L'ap bat lakanpany* He is dying. He is in the throes of death.



**lakansyèl la** *n* Rainbow. MORISSEAU-LEROY/D-23: *Tout lannuit nou pral reve lakansyèl* We'll dream of rainbows all night long.

**lakapital** *V* kapital

**lakat** *n* *Pèdi lakat* To become disoriented, to lose control of one's self. *Pinokyo pèdi lakat, li mete bege* Pinocchio lost control of himself, and started to stammer.

**lakataw** *n* Thunder. *Lakataw fê taw, nan Ginen tande'l* The thunder is growling; you can hear it as far away as Africa (Haitian riddle).

**lakay** *n* Home, house, at the house of. *Depi maten m'chita lakay mwen* I have been sitting at home all morning. *M'pral lakay papa'm* I'm going to my father's house. *M'pral lakay* I am going home. *V* kay.

**Lakayè** *V* Akayè

**lakèt** *V* kèt

**lakilbit la** *n* Somersault. *Fè lakilbit* To do a somersault.

**lakilti a, kilti a** *n* 1. Culture\*. 2. Farming, agriculture\*. *Tout richès yon peyi se nan lakilti li ye* All the wealth of a nation lies in its agriculture.

**lakizin** *V* kuizin

**lakobat, akrobat la** *n* 1. Acrobatics\*, performing of stunts. 2. Acrobat\*.

**lakòl la, kòl** *n* Glue, paste. *Tablèt lakòl* Type of sticky peanut or coconut brittle. *Kòl fòt* Glue.

**lakolèt la** *n* Collection (in a church). Also *kèt*.

**lakoloni** *V* koloni

**lakomèt** *V* komèt

**lakomin nan** *n* Town hall, city hall.

**lakominyon an** *n* (Holy) Communion\*.

**lakonpayi** *Mesye dam lakonpayi* Ladies and gentlemen.

**lakòt** *Li fê lakòt* She is a prostitute. *V* kòt.

**lakou** <sup>1</sup> *a* *n* 1. Yard, courtyard\*, enclosure. *Bale lakou a* To sweep the yard. *Li se gran tifi nan lakou madan plètil* She looks naive, but she is more "experienced" than you think she is. 2. A group of houses, usually facing a common courtyard, housing related families constituting a unit, a small hamlet into itself, with adjacent cemetery, etc. *Gro lakou* Huge household, one big family. 3. Group of shacks built along a narrow crooked alley inside a city block, for instance "lakou Brea", in Port-au-Prince.

**lakou** <sup>2</sup> *Fè lakou* To court, to try to seduce.

**lakoubèt** *Fè lakoubèt* To bow; to bow excessively, to lower one's self.

**lakoutim, koutim** *n* Custom\*, habit, usage. *Se lakoutim* That's the custom. *Se you move koutim* It's a bad custom.

**lako, lakòz** *n* Reason, cause\*. *Pòl ki lakòz sa rive* It's Paul who caused that to happen.

**lakanp la, kranp la** *n* Cramp\*.

**lakre a, lakrè a** *n* Chalk.

**lakuizin** *V* kuizin

**lakwa** *V* kwa

**lakwann, laskwann** *interj* The heck with you!

**lalèp, lèp la** *n* Leprosy\*.

**lalin nan** *n* 1. Moon. *Lalin klere aswè a* The moon is bright tonight. 2. Type of fish. 3. Menstruation, period. *Fi a gen lalin li* The woman is having her period.

**laliy** <sup>1</sup> *nan, liy nan* *n* Taxi, cab (no regular route or line\*). *Fè laliy* To drive a cab. MORISSEAU-LEROY/D-25: *M'jete'm nan laliy* I went into the taxi (driving) business. I became a cab driver.

**laliy** <sup>2</sup> *Fè laliy* To watch one's figure.

**lalo** *Mare yon lalo* To obtain magical powers for a specific purpose.

**lalout la** *n* Scarecrow; effigy, dummy.

**lalwa** <sup>1</sup> Variant of "lwa". *Fè lalwa* To command, to give orders. *Gen lalwa* To have the right to.

**lalwa** <sup>2</sup> *a* *n* Aloe\*. Aloe vera L. A bitter plant with hemplike fibers, and huge, pointed and prickly leaves. *Pa gen anyen ki pi annè pase lalwa, men li fê konfityi* There's nothing more bitter than lalwa and yet they make a fine jam from it.

**lalwèt la** *n* Uvula\*. *Lalwèt teta* A garrulous person, an incessant babbler. *Li abiye tankou lalwèt boure* She's dressed like a stuffed bird (usually said of a badly dressed, large woman).

**lam** <sup>1</sup> *V* lanm

**lam** <sup>2</sup> (veritab) *V* veritab

**lamadèl** *Fè lamadèl* 1. To drive around in search of passengers before the bus definitely leaves. 2. To walk back and forth.

**lamama a** *n* Money.

**lamanten an** *n* Sea-cow. Lamantin\*.

**lamarye a, lamaye a** *n* Bride.

**lamayòt la; lamayèt la** *n* At fairs, an object in a box which will be shown to you for a price.

**lame a** *n* Army\*. *You lame* A large quantity of.

**lamè** <sup>1</sup> Mother, elderly woman. Used mostly as a title. *Kot lamè?* Where's mother? The same for "lepè" *V*.

**lamè** <sup>2</sup> *V* lanmè

**lamedsin** *n* Medical science.

**lamegrè** Leanness; lean person.

**lamenfòt** *Pote lamenfòt* To bring help, reinforcements.

**lamenm, la menm** *adv* On the spot, immediately.  
PRESSOIR-42: *Pou'l ta manje yo tou, la menm* So that he would also eat them on the spot.

**lamès** V **mès**

**lamidon** V **lanmidon**

**lamitye**<sup>1</sup> V **amitye**

**lamitye**<sup>2</sup> **a, amitye, lanmetye, lanmitye** *n* Spanish moss, a medicinal, parasitic (epiphytic) plant (Cuscuta americana).

**lamizè** V **mizè**

**lamò** V **lanmò**

**lamòd** V **mòd**

**lamwa a, amwa a** *n* Tall wardrobe, closet.

**lan**<sup>1</sup>, **nan** *prep* In. Cf. ladan. PRESSOIR-11: *Nan fon je bèl demwazèl la* In the eyes of the beautiful dragonfly.

**lan**<sup>2</sup>, **nan** *def art sing* The. *Plim nan* The pen. V **a, la, an.**

**lan**<sup>3</sup>, **lant** *attrib* Slow. (“lant” is used with some Creole words that are feminine in French).

**lanavèt** *Fè lanavèt* To shuttle, to travel back and forth.

**lanbe** *vt* 1. To lick. 2. To flatter.

**lanbè a** *n* Flatterer, licker, sucker; indecisive person.

**lanbi**<sup>1</sup> **a** *n* Conch, conch shell, the beautifully colored spiral shell of the *Strombus gigas* used as a horn or left on tables for decorative purposes. It is more famous than the gastropod itself (which is a delicacy) because it denotes a “call to revolt”.

**lanbi**<sup>2</sup> Apocope for “lanbisyon” used in the expression “*gen (gro) lanbi*” To become too ambitious\*, presumptuous.

**lanbisyon** V **anbisyon**

**lanbouchi a, anbouchi a, bouchi a** *n* Embouchure\*, mouth of a river.

**landmen** V **lelandmen**

**landrèt, landwat** *n* Face or right side of a fabric or material as opposed to ‘lanvè’ (the back side).

**lane** V **ane**

**lanèj la, nèj la** *n* Snow. DEJEAN-44: *Rad li te blan kouwè lanèj* Her dress was white as snow.

**lanèt la, lannèt la** *n* Bird of prey. Cf. E. Lanneret\*.

**lanfè a, anfè a** *n* Hell, inferno\*. *Mezanmi! Kijan fè l'fè cho konsa? Gen lè pòt lanfè ouvè* Boy, oh boy! What makes it so damn hot? It feels like hell's doors are open.

**lang nan** *n* 1. Tongue. *Li gen lang sal. Li pale moun mal* He is foulmouthed. He speaks evil of people. 2. Language\*. *Kreyòl se yon bèl lang* Creole is a beautiful language.

**langaj la, langay la** *n* 1. Term used when the **houngan** speaks in “tongues” i.e. some language reminiscent of the language spoken by the ancestors in Africa. *Pale langaj* Cabalistic terminology, to speak the ritual words of a Vodou service. 2. Crazy talk or simply unintelligible speech. Language\*.

**langè a** *n* Foul-mouthed, slanderous, one who has a bad tongue.

**langèt la** *n* Clitoris. V **krèk**. *Langèt manman ou!* (Ultra vulgar insult). Cf. E. *Mother fucker*.

**langèz, landjèz** *attrib* Foul-mouthed, slanderous (used for females).

**langichat la, langchat, langlichat** *n* Thorough-wart. Eupatorium odoratum L.

**langous la, langouch la** *n* Crayfish, langouste\*. V **roma**.

**lani** V **lanni**

**lanj** V **anj**

**lanjelis la, anjelis la** *n* Twilight, dusk, Angelus\*.

**lank**<sup>1</sup> **la** *n* Ink. *Lank la rouji pòch chemiz la* The ink made the shirt pocket red.

**lank**<sup>2</sup> **la** *n* Anchor\*. *Leve lank* To weigh anchor. *To leave, to get moving. Jete lank* To drop the anchor.

**lankriye a, ankriye a** *n* Inkwell.

**lanm nan, lam nan** *n* 1. Wave (sea). 2. Blade, sword.

**lanman an** *n* Nightshade, a very common medicinal plant. Solanum nigrum L.

**lanmè a, lamè a, mè** *n* Sea, ocean. *M'rantrè Jeremi pa mè* I came to Jérémie by sea. *Bò lanmè a* On the shore, sea side. *Sale kon lamè Jakmèl* Very salty.

**lanmèd, nanmèd, mèd** *interj* Fuck you!

**lanmen** Handshake. *Bay lanmen* To shake hands.

**lanmès** V **mès**

**lanmidon an, lamidon an** *n* 1. Starch. 2. Manioc flour.

**lanmò a, lamò a** *n* Death, demise. *Restan lanmò* This is said of a person who has cheated death.

**lanmori a, mori a** *n* Codfish.

**lanmou an, amou an** *n* Love. *Fè lanmou* To make love. V **damou**.

**lanmyann** *interj* The heck with you! Go to the devil!

**lanni an, lani an, ani an** *n* Anise\*. Foeniculum vulgare Mill. Cf. anetwale.

**lannuit la, lannwit, nannuit, nannwit** *n* Night, at night, during the night. *V* nuit.

**lanp la** *n* Lamp\*, night lamp, lampion, light. *Lanp oto* Headlight. *Lanp lui* Oil lamp. *V* gridap. *Tiye lanp, limen lanp* To put out, put on the light. *Lanp la mouri* The light is out. *Lanp kerozin* Kerosene lamp. *V* bòbèch.

**lanpa a** *n* Lampas\* (a mouth disease of horses).

**lanprè a, lanperè, lanpèrè** *n* Emperor\*.

**lans** <sup>1</sup> **la** *n* Lance\*.

**lans** <sup>2</sup> **la** *n* 1. Handle. 2. Creek, bay.

**lansan an, ansan an** *n* Incense\*. *Yo boule lansan pou chase move espri* They burned incense to chase away evil spirits.

**lanse** *vt* 1. To throb, to hurt (pain) intermittently. *Dan an ap lanse'm* I have a stinging pain in my tooth which comes and goes. I feel twinges of pain. 2. To lasso.

**lantèman** *V* antèman

**lantì a** *n* Lentil\* (s).

**lantiray** *V* lantouraj

**lantouraj la, lantiray, antouray** *n* Fence, enclosure, hedge. *Cf.* E. Entourage\*.

**lanvè a** *n* Reverse, wrong side, back of material (cloth, etc.). *Cf.* landrèt. (adv) *Li mete rad li lanvè* He put on his clothes inside out (wrong side). *Je lanvè* Squint eyed. *Alanvè* Inside out.

**Lapannkòt la** *n* Pentecost\*.

**laparans la, aparans** *n* Appearance\*.

**laparèy** The same. *L'ap rann ou laparèy* He's going to do the same to you (that you did to him).

**laparòl** *Gen laparòl* To have the floor. *Bay laparòl* To recognize (in parliamentary procedure). *Pèdi laparòl* To become speechless. *Pran laparòl* To address (a group), to start talking.

**lapat** <sup>1</sup> *n* Paw. *Bay lapat* Give (me) your paw. *Mete (poze) lapat sou* To lay hands on, to grab. *Cf.* pat.

**lapat** <sup>2</sup> **la** *n* A type of glue, paste\*.

**lapatitye a** *n* Pharmacist, druggist.

**lapè** <sup>1</sup> *V* pè a

**lapè** <sup>2</sup> *n* Fear, scare, fright.

**lapèch la, pèch** *n* Fishing. *Li fè bòn pèch jodi a* He had a good catch today. *M'pral lapèch* I am going fishing.

**lapen an** *n* Rabbit.

**lapenn nan, lapèn** *n* Sadness, (mental) pain\*, grief, sorrow. *Fè lapenn* To cause sorrow, to grieve; to distress. *Sa fè'm lapenn anpil* It grieves me immensely. *Ala lapenn!* How sad! *M'pran*

*lapenn prepare'l pou ou* I took the trouble to prepare it for you. *Sa pa vo lapenn* It's not worthwhile, it's not worth the trouble.

**laperèz** *n* Fear. *Bay laperèz* To make someone be afraid, to scare.

**lapès la, pès** *n* Pest\*.

**lapèsonn nan** *n* The individual in question.

**lapeti** *V* apeti

**lapipi a, lapepi** *n* Pip\* (contagious disease of birds, in particular, poultry). *Lapipi a pa dire sou poul la* The hen got rid of the pip.

**laplaj** *V* plaj

**laplanch** *Fè laplanch* To float on one's back in the water.

**laplas** <sup>1</sup>, **plas la** *n* Public square. *Plas dam* Piazza\*, square. *Sou plas la* In the main square.

**laplas** <sup>2</sup> **la** *n* 1. Shortened form of **komandan laplas**. The military man in charge of the town with full powers. 2. Chief assistant to the **houn-gan**, similar to a master of ceremonies.

**laplenn nan, laplèn, plèn** *n* Plain\*.

**lapli a, laplui a** *n* Rain. *Lapli tonbe san rete* It's raining nonstop. *Dlo lapli* Rain water. *Sezon lapli* Rainy season. *Lapli a tonbe a gro droum* (or) *A gro gode; a roulo* It's raining cats and dogs.

**lapolis** *n* Police\*, police station.

**Lapolòy** *n* Poland\*. *Chaje kon Lapolòy* To be really loaded down. To be carrying heavy loads. *Cf.* chaje kon Legba.

**laponyèt** *Bat laponyèt* To masturbate. (syn) “*fè dye sèl mevwa*”

**lapòs la** *n* 1. Postal\* service, post\* office. *Mete you lèt lapòs* To mail a letter. *M'ap rive lapòs* I am going to the post office. 2. Holes in one's stockings.

**lapotitye a** *n* Pharmacist, druggist.

**lapoud** *V* poud

**lapousinyè a** *n* Pleiades (stars). *Li gran pase lapousinyè* He's very, very old.

**laprit** *interj* *Ale ou laprit!* (or simply) “*Laprit!*” *Go to hell!*

**lapriyè** <sup>1</sup> **a, priyè a** *n* Prayer\*. *M'konn you priyè ki trè bon* I know a prayer which is very good.

**lapriyè** <sup>2</sup> *vi* To pray\*.

**lapròptay** *n* *Fè lapròptay* To clean up.

**laprosesyon an, posesyon an** *n* Procession\*.

**larad la, rad la** *n* Harbor. Deep sea.

**laraj** *V* raj

**laras** *V* ras

- larat la** *n* Spleen (anat).
- larèn nan, larenn, renn** *n* Queen. *Fann sa a se renn bouzen* (or) “*manman bouzen*” *This woman is a real whore.*
- lareverans, reverans** *n* Greetings; respect.
- larezon** *V* rezon
- larezone, larezonnen** Happy New Year. *Fo m'al swete'l larezone* *I have to go wish him a Happy New Year.*
- lari a, ri a** *n* Street. *Pran lari* *To go out.* *Se yon ri senp* *It's a one-way street.* *Li lè pou m'al wè kote lari fè kwen* *It's time for me to go out on the street, out of the house.* *Lari a blanch* *The street is empty.* *Fò ou vire apre sis ri* *You must turn after six crossings (blocks).*
- larim nan** *n* Nasal mucus from a runny nose. *Timoun nan te gen “de ran dlo de ran larim”* *The child was really crying.*
- larivyè** *V* rivyè
- laronn nan** *n* 1. Round\*, circle. 2. Round\* (game). *V* lavironn.
- larontèz** *n* Shame. (syn) ront.
- laroujòl la** *n* Measles.
- larouy la, rouy** *n* Rust\*.
- larouze a, laroze a** *n* Dew. *Choukèt larouze* *Member of the rural police force.*
- laròz, ròz** *n* Menstruation.
- las<sup>1</sup> la, as la** *n* Ace\* (in card games). *Li gen you las* *He has an ace.*
- las<sup>2</sup> la, as la** *n* Asthma\*.
- lasal la** *n* Living room, salon\*. *V* sal.
- lasante** *V* sante
- lase** *vt* To lace\*.
- lasèldedo** *Sou lasèldedo* *Lying on one's back.*
- Lasenjan an** *n* The feast of St. John\* (June 24).
- lasèt la** *n* Shoe string, shoe laces.
- lasi a** *n* Wax; ear wax (cerumen), rheum. *Lasi nan je* *Yellow mucus secreted by the glands in the eyes.* *Je lasi* *Bleary eyed.*
- lasibab la** *n* Leftover (food, etc.).
- lasigal, sigal la** *n* Cicada\*.
- lasini an, lazini an** (North), **lasnik la** *n* (Arsenic\*) poison. *V* asenik.
- lasirèn, sirèn nan** *n* The siren\* (myth).
- lasisin** *Fè lasisin* *To tantalize, to tease someone while eating by letting him know that what you are eating is delicious.*
- laskwann** *V* lakwann
- lasosyete** *V* sosyete
- laswè** *V* suè
- lasyans la, syans la** *n* Science\*.
- lasye** *V* asye
- latanye a, latanyen an** *n* Latania\*, Bourbon palm; macaw tree.
- latcha a** *n* Ass (butt). (syn) **bounda.**
- latè** *V* tè
- laten an** *n* Latin\* (language).
- lateny nan, lateng** *n* Ringworm (usually on the scalp).
- lateras** *V* teras
- latètopye, delatètopye** *adv* From head to toe.
- latou, la tou** *adv* On the spot, immediately. *Latou, li mouri* *He died on the spot.*
- latoudin nan, latoudlin** *n* Dizziness. *M'gan latoudin* *My head is spinning.*
- latounay la** *n* Dizziness. Cf. toudisman.
- Latousen an** *n* All Saints\* day.
- latranblad la, tranblad la** *n* Trembling\*. *Lapè fè'l gen latranblad* *Fear gives him the shakes.*
- latrin nan** *n* W.C., toilet, latrine\*, outhouse.
- latristès** *V* tristès
- latriye** *You latriye* *A large number of, a large quantity of, a lot of.* *E latriye* *And so forth.*
- lavabo a** *n* Washbowl.
- lavalas la** *n* Flood, torrent, torrential rain.
- lavalay** *V* valtay
- lavandyè a, lavandyèz la** *n* Washerwoman. FARDIN-17: *Lavandyè pran chemen larivyè* *The washerwoman goes to the river.* *V* lesivyè.
- lavandyèz** *V* lavandyè
- lavant la, vant la** *n* Trading, sale. *Kòman lavant la te ye jodi a?* *How was trading today?* *An vant* *For sale.* *Fè bon lavant* *To make good sales.*
- lavaris la, avaris la** *n* Avarice\*.
- lave** *vt* To wash, to clean. *Lave tèt* a.) *To wash one's head.* b.) *To brain wash.* c.) *To become dead drunk.* d.) *To insult.* e.) *A ritual for removing a lwa from a person's head (COURLANDER).* *Lave je* a.) *To wash the newborn baby's eyes with a two per cent solution of silver nitrate, one drop in each eye.* b.) *Eye opener.* *Ou ap pran you ti lave je?* *Are you taking a swallow?* *Lave pase* *To wash and iron.* *Lave lang sou yon moun* *To speak evil about someone.*
- laverans, reverans** *n* *Fè laverans* *To greet someone with respect, to bow with reverence\*.*

**laverite** V **verite**

**lavèy la** n The night before, eve. Cf. E. Vigil\*.

**lavi a, vi a** n Life. *Anvi, an vi* Alive. *L'ap fè vi'l* He gets along, he earns a living. *Ban'm you ti lavi* Give me a little something to live on. *Rann you moun lavi di* To make it hard for someone; to give someone a hard time.

**laviktwa** V **viktwa**

**lavil la** n In town, to town, town. V vil. *M'pral lavil* I'm going into town. *Li te lavil lò lapli a kòmanse* She was downtown when the rain started.

**lavironn nan** n Runaround, turn, pirouette, a complete turn made while participating in certain children's games. *Fè lavironn* To keep making turns.

**lavironn dede** n Children's game in which they turn around and around.

**lavman an** n Enema. V klistè.

**lavoum** interj Go to the devil! The heck with you!

**lavwa** Gen *lavwa* To have the right to talk. *Ou pa gen lavwa* Keep quiet.

**Lavyèj, Lavyèy** n Virgin\* Mary.

**lay<sup>1</sup> la** n Garlic. *Allium sativum*. *You dan lay* A clove of garlic.

**lay<sup>2</sup>** V **laj**

**laye<sup>1</sup>** vt To winnow. V vannen.

**laye<sup>2</sup> (kò)** vt To stretch out.

**ni**<sup>4</sup>...**ni** *conj* Both... and; Either... or; Neither... nor (usually with **pa**). *V ou...ou Ni granmoun ni timoun, tout moun ap peye kat yo anvan yo antre Both old and young everyone will pay for his ticket before going in. Li pa fè ni de ni twa Without further ado, without doing anything else. Ni Josèf ni Pòl pa vini Neither Joseph nor Paul came. Kilès ki mouri lan de yo? Ni youn ni lòt Which one of the two died? Neither one.*

**ni tou, nitou** *conj* But also, further, apart from that. Furthermore. *Ou di'm ou se mekanisyen. Se pa vre. Nitou ou pa kapab fè travay sa a You tell me you're a mechanic. It's not true. Furthermore, you can't even do that work.*

**nich la** *n* 1. Nest. 2. Doghouse. 3. Mistress. *Tonbe nan yon nich foumi To fall into danger (Cf. E. to fall into a hornet's nest.). Ti zwazo fè nich nan branch bwa The little bird builds its nest on the tree branch.*

**niche** *vt* To lick\*, to lap. *V* lanbe.

**niche a** *n* Licker\*, lapper, sucker. *V* lanbè.

**nil** *attrib* Worthless, good for nothing, awkward, useless; void. *Fè match nil The score is tied. Fè mouvman nil To make a useless effort (movement).*

**nim nan** *n* Type of African mahogany grown in Haiti.

**nimero a, limero a** *n* Number\*, lottery number, measure, size. *Ki nimero kostim ou pote? What size suit do you wear? Owè jeografi a nan paj nèf, nimero twa Open the geography book on page nine, number three. Chak fi li jwenn, li promèt yo maryaj. Msye se you nimero He promises to marry every girl he meets; but he's a foreflusher (character). M'konn nimero'l I know what he can do (pej). Fè (or) "pase" you nimero telefòn To dial a telephone number.*

**Nini** *n* Nini (a proper name). *Se bounda Nini Who cares? It's nothing. It doesn't amount to a hill of beans.*

**nivo**<sup>1</sup> **a** *n* Level (including "level", mason's tool). *A nivo (or) o nivo Horizontal, on the same level. Ki nivo l'ap rive What level will it reach? Si you mason pa gen nivo'l li pa ka travay If the mason doesn't have his level, he can't work.*

**nivo**<sup>2</sup> *attrib* Novel, fresh, brand new. *Kafe nivo Coffee that is brand new; the first bag of the harvest season. It is not so strong as regular coffee. Nan sezon sa a, ap gen anpil mayi nivo In this season there will be much new corn.*

**nivre, annivre** *Bwa annivre* Tephrosia toxicaria Pers. Plant claimed to be an aphrodisiac.

**nò a, lenò** *n* North\*. *Nan nò In the North. Moun nan nò pa pale menm jan ak moun nan sid People in the North speak in a different way from those in the South. Gen lapli nan nò jis tan moun pa sa sòti It rains (so hard) in the North till people can't go out.*

**nòde a** *n* Northeast\* wind, nor'easter. *Kan nòde soufle, lanmè move When the nor'easter blows, the sea becomes rough.*

**nofraj la** *n* Shipwreck. *Fè nofraj To sink, to go under (ship).*

**nòkaout** *vt* To knock-out\* (in boxing).

**nòmàl** *attrib* Normal\*.

**nominasyon an** *n* Appointment to a position.

**non**<sup>1</sup> **an** *n* Name. *Li pote non'l He lives up to his name. Yo ba li you ti non "koukou" paske li lèd They nicknamed him "koukou" because he is so homely. Ti non, non jwèt, non gate Nickname. Bay non To give a bad name, to slander.*

**non**<sup>2</sup> *adv* No. **Ou ap vini? Non** Are you coming? No. **Pran bwat la pou mwen. Non, m'pa kapab** Take the box for me. No, I can't.

**non**<sup>3</sup> *adv* No (Expletive. Often used to strengthen the negation already expressed by 'pa'. Sometimes best left untranslated. "Non" is also used not as a negation, but rather for emphasis only). **Vini non** Come, won't you. **Pa kriye non!** Don't cry! **Pa mize nan chemen non** Don't loiter on the road. **Mwen pa renmen sa non** No, I don't like that.

**nonbrit** *V* lonbrit

**nonk la, monnonk la** *n* Uncle\*. Cf. matant. We find "nuncle" even in Shakespeare. **Li se nonk mwen, frè manman'm** He's my uncle, my mother's brother.

**nonm nan, lòm, òm** *n* Man; husband. Pl. **lezòm. Nonm deyò** Lover (of a married woman). **Monte chwal a òm** To straddle a horse. **Nonm sa a se tout tan m'ap di'l: pa vin isit la ankò** That man - I keep telling him: Don't come here again. **Ou pa bezwen pale, nonm mwen okipe'm byen** You don't have to speak, my husband takes care of me very well.

**nonmen, lonmen** *vt* To name, to appoint, to confer a title on someone; to mention, to cite (a name). **Presidan an nonmen'l minis** The president appointed him a cabinet minister. **Pa nonmen non'm souple** Please don't mention my name.

**nonpli, non pli** *adv* Neither, not..either. **Nonpli tou li pa vini** Nor did he come.

**nonsèlman, non sèlman** *conj* Not only. **Non sèlman yo chante, yo danse tou** They not only sing; they dance too.

**nòrwa a, nòwa a** *n* Northwest\* wind. Cf. "Sirwa" Southwest wind; "nòde" Northeast wind. **Nòrwa a move jodi a** There's a bad northwest wind (blowing) today.

**nòs la** *n* Wedding, wedding party. **Nòs la ap fèt samdi** The wedding will take place on Saturday.

**nosan** *attrib* Innocent\*. Rare. Cf. Neap. **nuzende** 'id'.

**nòstròm** Our man so and so.

**nòt la** *n* Note\* (musical); note (message, record); mark(s), grade(s) in school. **Pandan mèt la ap pale, pran nòt** While the teacher is speaking, take notes. **Pran nòt de sa** Make a record of it. **Li pibliye you nòt sou journal** He published a note in the newspaper.

**notab la** *n* Dignitary, (Notable\*) person, person of importance, outstanding personage. **Pi gro notab nan vil la mourì. Ki moun ki kab ranplase'l?** The greatest personage in the town died. Who can replace him?

**note** *vt* To record; to notice, to note\*.

**notè a, nòtè a** *n* Notary\*. **M'pral kay notè pou'm sa regle afè tè'm nan** I'm going to the lawyer (notary) to straighten out my property.

**nou**<sup>1</sup>, **n** *pers pron* 1. We, us. 2. You (plur. only). **Nou konn sa** We know that (or) You know that.

**nou**<sup>2</sup>, **n** *poss adj* 1. Our. **Papa nou** Our father. 2. Your (plur. only). **Pitit nou** Your child.

**nouga a, nounga a** *n* Nougat\*. *V* tablèt.

**noumenm** *pers pron* 1. Ourselves. 2. Yourselves.

**nouri** *vt* To feed, to nourish\*. **M'byen nourì, m'pa santi feblès** I'm well nourished. I don't feel any weakness.

**nouris la** *n* Nursing mother; wet nurse. **Zepeng nouris** Safety pin. **Lè you abitan nouris, li toujou vlope kou'l ak mouchwa** When a peasant is a (child's) nurse, she always wraps her neck with a kerchief.

**nourisan** *attrib* Nutritious\*, nourishing\*. **Pa gen anyen ki nourisan kon lèt** There is nothing so nourishing as milk.

**nouriti a, lanouriti** *n* Food. Nourishment\*. *V* manje. **Si timoun yo te jwenn plis nouriti, yo ta pi gro** If the children had more nourishment, they would be bigger.

**nouvèl la** *n* (Piece of) News. MORISSEAU-LEROY/D-8: **Voye nouvèl la Nouyòk** Send the news to New York. **Bay nouvèl** To inform. **Ban'm nouvèl manman ou** How is your mother? **Ki nouvèl?** What's new?

**nouvo** *attrib* New\*, recent. **Gen nouvo pè nan legliz la** There's a new priest in the church.

**Nouyòk, Nyouyòk** *n* New York\*.

**novanm** *n* November\*. **Lapli tonbe tout mwa novanm nan** The rain fell during the whole month of November.

**now** *adv* No\*. **Now, m'pa kapab** No! I just can't. **Now, m'pap aksepte sa** Nossuh, I can't accept that.

**noyo a** *n* Kernel, pit (seed).

**nuaj la, nyaj, nway** *n* Cloud. **Syèl la chaje ak nuaj; lapli pral tonbe** The sky is full of clouds, it's going to rain. **Nuaj sigarèt** Cigarette puff (smoke).

**nui, nwi** *vt* To harm, to hurt, to cause a nuisance\*, to tease, to torment, to bother, to annoy. **Ret trankil, pa nwi'm** Be quiet; don't bother me.

**nuit la, lannuit, nwit** *n* Night. **Li pase nuit blanch** He had a sleepless night. **Li pa dòmi lannuit** He doesn't sleep at night. **Tout lannuit** All night long.

**nuzans la, nwizans** *n* Nuisance\*, trouble, problem, damage; teasing, vexation. **Se you nuzans pou mwen** It's a worry for me.

**nuzib, nwizib** *attrib* Annoying, pestering, vexing, nagging, teasing, harmful (causing damage). **Chat la nuzib, pa kite'l la a** The cat is pestering (harmful); don't leave her there.

**nwa**<sup>1</sup> **a** *n* Nut, walnut, cashew (nut). *Po nwa* Nutshell.

**nwa**<sup>2</sup> **a**, **fènwa a** *n* *M'pap mache nan nwa pou kont mwen* I won't walk in the dark alone. *Nan fènwa* In the dark.

**nwa**<sup>3</sup>, **nwè** *attrib* Black. “**nwè**” is stronger than “**nwa**”. Usually means very black or jet black. *Fè nwa* It is dark. *M'wè ou an nwa. Ou te gen moun mouri?* I saw you wearing a black dress. *Did some relative of yours die? Nwè kon lank* Pitch black. Also *Nwè kon dèyè chodyè*.

**nwakou a**, **nwa kou** *n* Nape of the neck.

**nwal** *V* **nwèl**

**nwasi** *vi* To blacken, to darken.

**nway** *V* **nuaj**

**nwaye**, **neye** *vi* To drown, to get drowned. (Both forms are used everywhere). *M'wè ou ap antre nan dlo fon, si ou pa konn naje ou ap neye* I see you're going in deep water; if you don't know how to swim, you'll drown.

**nwazèt la** *n* Nut.

**nwè** *V* **nwa**

**nwèl la**, **nwal** *n* Christmas.

**nyapad** There isn't... There aren't..

**nye** *vt* To deny\*; to abandon. It has also the meaning of 'reject'. *Ou pa kab nye ou pat di sa* You can't deny you said it. *Poutèt li fè kòz sa a, tout fanmi'l nye'l* On account of his terrible deed his entire family disowned him.

**nyè** *attrib* Simple, foolish, stupid, ridiculous, silly.

**nyès la** *n* Niece\*. *Nyès mwen an pral marye* My niece is going to get married.

**nyezri a** *n* Foolishness.

**nyouz la** *n* News\*. *Monchè, ban'm ti nyouz ou* What's new with you?

## O

**o**<sup>1</sup> *interj* Oh#! *Interj.* of surprise.

**o**<sup>2</sup> *interj* *Pitit o, sa ou ap fè konsa?* Son, what's this I heard that you've been doing?

**o**<sup>3</sup> At, to. *O gadavou* At attention.

**ò** *An ò* Golden. *V* lò a.

**obeyi** *vt* To obey\*.

**obeyisan** *attrib* Obedient\*, obliging.

**obeyisans la** *n* Obedience\*.

**obligasyon an** *n* Obligation\*.

**obligatwa** *attrib* Obligatory\*, compulsory.

**oblijan** *attrib* Obliging\*. *Ou mal oblijan; ou pa vle rann mwen sèvis* You are mean; you won't help me at all.

**oblje**, **bije**, **blije** *vt* To oblige\*. To be obliged\*, to be constrained, forced, required.

**obsèvasyon an**, **opsèvasyon** *n* Scolding, reprimand, reproach. *M'fè'l obsèvasyon* I reprimanded him.

**obsève** *vt* 1. To observe\*. 2. To reprimand, to scold.

**ochan** *n* Salutation, honors, national hymn. *Bèl ochan pou jeneral* A musical greeting for the general.

**òd** *V* lòd

**odas la**, **lodas** *n* Daring, boldness, audacity\*. *Ou gen odas di ou pat fè sa* You have the gall to say you didn't do it.

**odasye** *attrib* Shameless, insolent, impudent, dishonest, insistent in telling a lie. (Said of one who is insistent, regardless of incontrovertible evidence to the contrary; one who has a “nerve” or a lot of courage. *Si ou pa odasye ou pa reyisi nan lavi* If you don't go after the impossible, you won't get anywhere. “**Odasyèz**”: Applied to females.

**odè a**, **lodè** *n* Odor\*, scent, smell; bad smell; perfume. *V* sant, santò. There are good and bad smells. *Bon odè* Fragrance.

**odeyid la** *n* Used clothing that are sold.

**òdinè** *attrib* Vulgar, coarse, ordinary\*, of inferior quality.

**odle a**, **òdeli a** *n* Orderly\* to an officer, aide de camp.

**òdonans la** *n* 1. Aide de camp, soldier, orderly to an officer. 2. Doctor's prescription.

**òdone** *vt* To order, to command.

**odyans la**, **lodyans** *n* Jokes, chatting, chit-chat, talk, conversation; stories (true or otherwise). *Bay odyans* To chat, tell stories.

**odyansè a** *n* 1. A fine conversationalist who knows and tells many stories. 2. One who is a big talker and does nothing.

**òf** *Off*\*. To be absent from work. *Li òf jodi a* He is off\* today.

**ofanse** *vt* To offend\*.

**òfelen an**, **òflen** *n* Orphan\*.

**ofèt** *adv* Actually, in fact\*.

**òfèv la** *n* Jeweler.

**ofiamezi**, **fiamenzi** *As*; progressively.

**ofis la**, **lofis** *n* Scullery, supply room; pantry, kitchen cabinet. Office\*.

**ofisyè a** *n* Officer\* (in the army).

**ofisyedetasiliv la** *n* Registrar of vital statistics.

**ofisyèl** *attrib* Official\*. By extension “official car”. MORISSEAU-LEROY/D-26: *Li pa gan lè pou'l ap roule nan ofisyèl* He can roll around in the official car any time he wants to.

**ofisyèlman** *adv* Officially\*.

**ofrann nan** *n* Offering\*.

**ofri** *vt* To offer\*.

**òg la** *n* Organ\* (musical instrument).

**ogadavou** At attention (Milit).

**ogan an** *n* The metal percussion device that accompanies the Arada drums. Traditionally, a forged iron bell, but it may be a hoe blade or any other piece of resonant iron or steel (COURLANDER).

**ògàn nan** *n* *Gen gran ògàn* To have a loud voice.

**òganizasyon an** *n* Organization\*.

**òganize** *vt* To organize\*.

**ogatwa a, rogatwa, wogatwa** *n* Oratory\*, altar.

**ògèy la, lògèy** *n* Pride, anger, arrogance, conceit. *Se ògèy ki tiye'l* Pride killed him. *Li refize; l'ap fè ògèy* He refused because his pride was hurt.

**ògeye** *attrib* Haughty.

**ogmantasyon an** *n* Increase, raise. *Yo bay ogmantasyon mwa sa a* There is an increase in salary this month.

**ogmante** *vt* & *vi* To step up, to increase, augment\*.

**Ogoun** *n* Vodou deity.

**ojis** *adv* Exactly, precisely; to tell the truth. *Ojis, sa ou vle?* What do you want exactly?

**OK** *adv* O.K.\* V oke.

**oka** V anka

**okabine** <sup>1</sup> **a, kabine a** *n* Feces, excrement.

**okabine** <sup>2</sup> *vi* To have a bowel movement. *Malad la pa okabine ditou* The patient didn't have a bowel movement. V poupou.

**Okap** *n* City of Cape-Haitian.

**Okay** *n* Third largest city in Haiti. It is a seaport in the South.

**okazyon an, lokazyon** *n* Occasion\*, chance, opportunity, means of transportation. *M'a voye lajan an ba ou semèn prochèn; pral gen you okazyon* I'll send you the money next week; there's a fine occasion (It happens that somebody is coming there next week). *Se you okazyon* It's a bargain.

**oke** *adv* O.K.\*; all right. Also: Interjection. Universal Americanism.

**okenn, ankenn** 1. *indef adj* No, (not) at all. *Okenn lapli pa tonbe* There was no rainfall. *Ankenn moun, pèsom moun* Nobody, anybody. *Ankenn bagay* Nothing, anything. 2. *indef pron* No one. *Ankenn pa vini* No one came.

**òkès la** *n* Orchestra\*.

**òkèt** V ròkèt

**okipasyon an, lokipasyon** *n* Occupation\*, work, business. FARDIN-12: *Li ta vle gen okipasyon* He would like to find a job.

**okipe** *vt* To occupy\* one's self with, to manage, to look after, to busy one's self with, to take care of, to pay attention to. MORISSEAU-LEROY/A-7: *Antigòn gan rezon'l pou'l okipe kadav frè'l* Antigone has her reasons to want to take care of her brother's body. *Pa okipe moun* Don't bother about people. *Just do your thing. M'okipe* I am busy.

**okontrè, o kontrè** On the contrary\*.

**okouran** Informed, current\* (with), aware (of). *Eske ou okouran maryaj Bouki?* Do you know about Bouqui's wedding? *Mete okouran* To inform, to acquaint.

**oksijene** *attrib* *Dlo oksijene* Hydrogen peroxide.

**oktòb** *n* October\*.

**okton an** *n* Office messenger, low rank employee.

**ola** *Mete ola* To stop, to put an end (to).

**olande, olandè** *n* Dutchman, Hollander\*. *Adj* Dutch.

**ole** 1. With cream. *Kafe ole* Coffee with cream. V lèt. 2. *Kòk ole* A not completely ripened (hardened) coconut. The milk in it makes a delightful beverage. “Ole” means that a fruit is not yet ripe. 3. (fig) Green (inexperienced).

**oliv la** *n* Olive\*. *Luil doliv* Olive oil.

**òlòj la** *n* Clock. V pandil.

**òloje a** *n* Watch repairman, clock repairman.

**ololoy** *interj* Wow!

**òlrayt** O.K. All right\*.

**òltègèt** Go away! Get lost!

**olye** *conj* In stead of, in place of. *Olye li travay tankou Franswa, l'ap koze* Instead of working like Francis, he is chatting.

**òm** V nonm

**oma** V roma

**omlèt la, lonmlèt, lanmilèt** *n* Omelet\*.

**omwen, omwens** At least.

**on** V yon

**òn** V lonn

**onbrèl la** *n* Parasol.

**onè a, lonnè, onnè** *n* Honor\*; (Used also as a greeting before entering. The answer is usually respè.)

**onèkte** *V* onètte

**òneman an** *n* Ornament\*.

**onèt, onnèt** *attrib* Honest\*, upright, honorable, polite. BEAUBRUN/A-13: *Mwen se you fi onèt* I'm an honorable woman.

**onètte a, onèkte** *n* Honesty\*, complaisance, politeness, good breeding.

**onivo** *V* nivo

**onjenikon** *V* andjenikon

**onnpepli** Extremely. Cf. Ròdpòte.

**onondipè a** *n* Sign of the cross. (In the name of the Father...) *Lò n'ap antre legliz, nou fè onondipè* Upon entering the church, we make the sign of the cross. (syn) **sinakwa**

**onorab** *attrib* Honorable\*.

**onore** *vt* To honor\*.

**ons la** *n* Ounce\*.

**onz, ronz** *num* Eleven. In card games the knave or jack.

**opa** 1. Word used in the game of marbles. 2. In step. *Mache opa* To be in step.

**opalè a** *n* Loudspeaker.

**operasyon an** *n* (medical) Operation\*.

**operatè a** *n* Operator\* (telephone). Projectionist (of movies).

**opere** *vt* To perform surgery, to operate\*; to be operated on, to undergo surgery. More frequently used is “fè operasyon”.

**opinyon an** *n* Opinion\*.

**opital** *V* lopital

**oplita** *adv* At the latest.

**opozan an** *n* Opponent\*.

**opoze** (*vpr*) To oppose\*, to be against. *M'opoze'm a sa* I am opposed to that.

**opozisyon an** *n* Opposition\*. *Mete opozisyon* To be opposed to, to veto.

**opresyon an** *n* Asthma, breathlessness.

**opwen** To the point where. Also: opwenke.

**òr** *conj* Now, but, well. The **r** is pronounced by careful speakers for purposes of clarity or emphasis.

**oran** Fresh, bold.

**orespè, orespe** “Excuse my French”, with due respect\*.

**orevwa** Goodbye, “bye bye”. *Di orevwa* To bid farewell.

**orezon an** *n* Prayer. *Di orezon* Say a prayer.

**ose, rose** *vt* *Ose zepòl* To shrug one's shoulders.

**osekou** *interj* Help! *V* anmwe.

**oserye** *adv* Seriously. *Pran... oserye* To take... seriously.

**osijède** *conj* About, concerning.

**osinon, osnon** *conj* Or, or rather, or at least, otherwise.

**ositou** *conj* As a matter of fact, furthermore, well, therefore, thus, also\*.

**oslè a, zosle** *n* Jacks (Goat knee bone used in children's game). *Jwèt osle* Knuckle bone game.

**osnon** *V* osinon

**osti** *V* losti

**ostre** *attrib* 1. Haughty, high-hat. 2. Angry, mad.

**oswa** <sup>1</sup> *conj* Or, or rather.

**oswa** <sup>2</sup> *Yè oswa* Last night.

**otan** <sup>1</sup> 1. That's enough. 2. As you were (milit).

**otan** <sup>2</sup> As much as, as. *Otan... otan* As... as. *Otan li gen lajan, se otan li mechan* He is as bad as he is rich.

**otantik** *attrib* Real, genuine, authentic\*.

**ote** *V* rote

**otè** <sup>1</sup> **a, lotè** *n* 1. Author\*. *Ki otè liv sa a?* Who's the author of that book? 2. Cause. *Se li ki lotè sa* He's responsible for that.

**otè** <sup>2</sup> **a, rotè, wotè, larotè** *n* 1. Height. 2. High place. *Moun ki ret nan otè* People who live on the hills.

**otèl la, lotèl** *n* Hotel\*.

**oto a** *n* Car, auto\*, vehicle, automobile\*.

**otobis la** Bus\*.

**òtograf la** *n* Spelling.

**òtolan an, zòtolan, zètolan** *n* Meadow lark, garden bunting, bobolink. Common ground dove bobolink (*Columbina passerina*).

**otomatik** *attrib* Automatic\*.

**otomobil la** *n* Automobile\*, car.

**otòn nan** *n* Autumn\*, fall.

**otopsi a, topsi** *n* Autopsy\*.

**otorite a, lotorite** *n* Authority\*, official authorities\*; armed officials. *Te gen anpil otorite lan seremoni an* There were many government officials present at the ceremony.

**otorizasyon an** *n* Authorization\*, permission.

**otorize** *vt* To authorize\*.

**otreman** *adv* Otherwise.

**ou** <sup>1</sup> *pers pron* You, yourself, one. Unlike E. “You”, which is plural in form but may be used to address one or more persons, **ou** is used when addressing one person only. **Ou menm** *You, yourself*. As E. ‘you’, ‘**ou**’ can be used to mean ‘one’ (Fr. *on*, It. *uom*, Germ. *man*, etc.) “**Ba ou**” “to you” is often written **barou**. **M’ba ou chemiz la. Ou pa pran’l. Poukisa?** *I give you the shirt, and you don’t take it, why? M’pap bliye, m’ap pote kòb la pou ou* *I won’t forget; I’ll bring the money for you.* ‘**Wou**’ and ‘**w**’ are variants of ‘**ou**’.

**ou** <sup>2</sup> *poss adj* Your (second pers. sing). **Lajan ou** *Your money*. Also: **lajan’w**.

**ou** <sup>3</sup>, **oubyen**, **ouswa** *conj* Or, (or) rather; **ou ... ou** Either ... or. **Ou byen** *Or else, or rather.* **Ou byen ... ou byen** *either ... or.*

**oubli a** *n* Oversight.

**oubyen** *V ou*

**oumenm** *pers pron* You, yourself.

**oundjenikon** *V andjenikon*

**oungan an, houngan, rougan, gangan, ngan, ngangan** *n* Vodou priest who is sometimes also a magician or physician. MORISSEAU-LEROY/D-28: **M’pral pale gangan’m pou yo** *I’m going to complain to my houngan about them.* African word.

**oungfò a, hounfò** *n* Vodou temple or shrine.

**oungsi a, onsi, hounsi** *n* Female apprentice or consecrated assistant to the Vodou priest (**houngan**).

**oungsi bosal, hounsi bosal** *n* The lowest grade of the **hounsi** (COURLANDER).

**oungsi kanzo** *n* The highest grade of the **hounsi**.

**ouswa** *V ou*

**out, daou** (pop) *n* August\*.

**ouvè** *vt* To open. *V ouvri.* **Ouvè jeografi a nan paj twa** *Open the geography book on page 3.* *attrib* 1. Overly frank and above board. 2. Fresh, impertinent. **Sa’k fè ou ouvè konsa?** *Why are you so fresh?*

**ouvèti a** *n* Opening.

**ouvri, louvri** *vt* To open, to unlock, to turn on. **Ti zèl yo louvri** *Their wings spread.* **Depi jou te louvri** *Since sunrise.* *V ouvè.*

**ouvriye a** *n* Workman.

**ovèròl la, ovèòl** *n* Overhaul\* (car, motor).

**ozabwa** *attrib* Desperate, troubled.

**ozanj, ozany** *attrib* Ultra happy, in heaven, overjoyed.

**oze** *vi* To dare. **M’pa oze di’l sa** *I don’t dare tell him that.*

**ozetazini** In the U.S.A.

## P

**pa** <sup>1</sup> *prep* By, per, from. **Youn pa youn** *One by one.* **Pa aksidan** *By chance.* **Aprann pa kè** *To learn by heart.* **Pa dèyè** *From behind.* **De pa de** *Two by two.* **Pa bak** *Backwards.* From Fr. *part*.

**pa** <sup>2</sup> That of, the one of, the property of. “**Pa**” helps to form the emphatic possessive adjective and the possessive pronouns. **Pa mwen; pa’m** *My; mine.* **Pa ou** *Your; thine, yours.* **Pa li, pa’l** *His, her, its; his, hers.* **Pa nou, pa’n** *Our; ours.* **Your, yours (plur).** **Pa yo** *Their; theirs.* **Soulye pa’m** *My own shoes.* **Ban’m pa’m san dous** *Don’t put any sugar in mine.* **Se pa nou li ye** *It’s ours.* From Fr. *part*.

**pa** <sup>3</sup> **Fè pa** *To give a chance, to concede a favor, to have compassion for.* **Fè pa’m** *Give me a chance.* **Isit nan pwèn moun pa** *Around here there is no favoritism.* **Menm lan lanfè gen moun pa** *Even in Hell you’ll find people on your side (partisan).* **L’ap pase pa’l** *He’s having his troubles.* From Fr. *part*.

**pa** <sup>4</sup> *interj* Sometimes “**pa**” has the same meaning as “**apa**”, “**nèspa**”, “**se pa**”. **Ki bò ou aprann sa? Pa ou ki te di’m sa!** *Where did you learn that? Was it not you who told me that!* **Pa vre?** *Is it not true? Is it not so?* **Pa pito** *Wouldn’t it be better to...; What if..., And if...* **Pa pito n’ale?** *Wouldn’t it be better if we go away?*

**pa** <sup>5</sup> *adv* Not, do not, does not, don’t. **Pa ditou** *Not at all.* **Pa di = pa vle di** *Does not mean.* **Pa janm** *Never.* **Li pa ri** *He does not laugh.* From Fr. *pas*.

**pa** <sup>6</sup> **a** *n* Step. **Pazapa** *Step by step, slowly.* **M’pa vle wè’l (a) de pa** *I have a strong dislike for him.* **Pandan l’ap danse li pèdi pa** *He got out of step while dancing.* **Mache opa** *To be in steps.* From Fr. *pas*.

**pacha a, bacha** *n* An important peasant, a wealthy landowner. Cf. E. Pasha\*. *V don.*

**pachat la** *n* Escapade.

**pachiman** *vt* To ruin, to make a mess of, to botch. Ruined, in bad shape.

**padesi a, padsi** *n* Raincoat, overcoat.

**padon an** *n* Pardon\*, forgiveness. **Mande padon** *To excuse one’s self, to ask for forgiveness.*

**padonab, padonnab** *attrib* Pardonable\*.

**padonnen, padònen** *vt* To pardon\*, to forgive.

**pafè** *attrib* Perfect\*.



**pafen an** *n* Perfume\*. V losyon, odè.

**pafouten an** *n* Whiskers, sideburns.

**pafwa** *adv* Sometimes, occasionally, from time to time.

**paj la** *n* Page\*. *Li alapaj* He's up to date.

**Pak<sup>1</sup> la** *n* Easter.

**pak<sup>2</sup> la** *n* Pigsty, corral, playpen, park\*. *Pak kochon* Pigpen. *Pak chwal* Horse stable. *Pakanpak* Thru and thru. *Bal la travèse pyebwa a pakanpak* The bullet went thru the tree from one side to the other.

**pake<sup>1</sup> a, pakè** *n* Package\*, parcel. *Faktè a pote you pake pou ou* The mailman brought a package for you.

**pake<sup>2</sup>** *vt & vi* To park\* (a car).

**pakèt la** *n* Package\*, parcel, bundle. *Pa pakèt* In bundles. *Yon pakèt* A great deal of. *Yon pakèt moun* A large number of people. *Mare pakèt ou* Pack up (and go). Cf. pake.

**pakin nan** *n* Parking\*.

**pako** V **poko**

**pakoti a** *n* Cheap wares. *Fè pakoti* To deal in goods of inferior quality.

**pal** *attrib* Pale\*. *You ble pal* A pale blue.

**palab la** *n* Conversation, chatter, endless talk.

**palabrè a** *n* Chatterbox, big talker.

**paladò a** *n* Talker, prattler. (*adj*) Talkative.

**palan an** *n* Slaughterhouse. Cf. labatwa.

**palavire a** *n* Slap; a box in the ear. *Pèdi palavire* To dare, to forget one's self (and do something).

**pale** *vt* 1. To talk, to speak, to chat, to utter. 2. To warn. *vi* 1. To speak. 2. To be of importance, consequence. Cf. E. Money talks. Examples and expressions: *Se pa pale* That's for real. Don't even talk about it. That's for sure. *Apa ou pa pale ankò?* Why are you silent? *Pale moun mal* To speak evil (behind people's back). *Pale pou* To tell on. *Pale nan zòrèy* To whisper in someone's ear. *Pale sou lang* To lisp.

**palè<sup>1</sup> a** *n* Palace\*. Very big house. Residence of the president of Haiti. *Kay sa a se you palè* That house is a mansion (large and sumptuous).

**palè<sup>2</sup> a** *n* Talker.

**palèt<sup>1</sup> la** *n* Palate\*.

**palèt<sup>2</sup> la** *n* 1. Thigh (of pig, sheep etc.) 2. Long wooden scoop (spoon) used to stir pots. 3. A noise-making device made of paper glued to the string of a Haitian kite which vibrates when the kite is flying.

**palfwenye a** *n* Vagrant, vagabond, low-class.

**pali** *vi* To turn pale\*.

**palidis la** *n* Malaria.

**palisad la** *n* Wooden barrier or fence; wall.

**palmante** *vi* To discuss, to parley\*.

**palmaskriti a** *n* Palma Christi\*, palm-oil.

**palmis la** *n* Royal palm\* tree. *Roystonea regia* Cook. *Chou palmis = Kè palmis* Stem, stalk of the palm tree. *Fèy palmis* Palm leaves. "Palmis" ou "Tonton Nò"? Heads or tails? (On one side of many Haitian coins, one finds the head of President Nord Alexis, popularly called "Tonton Nò"). *Zwazo palmis* Type of bird living in palm trees.

**palpitasyon an** *n* *Li gen palpitasyon* He has an abnormal noisy heart beat.

**palto a** *n* Coat, jacket. V levit, vès.

**pambitch, panmbitch** *n* Palm Beach\*, cloth, material.

**pami, nanpami** *prep* Among, amid, amidst, in the midst. V nan mitan.

**pan<sup>1</sup> an** *n* Peacock.

**pan<sup>2</sup> an** *n* Side of a bed frame.

**pàn nan** *n* Breakdown, defect, disability. *Pran pàn* To have a breakdown (machine). *Oto'm an pàn* I have car trouble. *Leve pàn* To fix the trouble, to get started after a breakdown. *Nou pran pàn gaz* We're out of gas. *Pàn kaotchou* Flat tire.

**panama a, palama a** *n* Panama\* (hat), straw hat.

**panari a, pannari a** *n* Whitlow, felon (inflammation of a finger, a toe, etc.).

**panche** *vt & vi* To lean (over).

**pandan, pannan** *conj* While; *prep* During.

**pandil la** *n* Clock. V òlòj.

**pandye** *vi* To hang, to suspend\*, to dangle. *Rete pandye nan bouch you moun* To listen to s.o.'s speech with undivided attention.

**panik la** *n* Panic\*.

**pankat la** *n* Placard, sign, poster.

**panko** V **poko**

**panmen** *vi* To have spasms\*, to faint.

**pann nan<sup>1</sup>** *n* Belly, stomach (of cow, pig, etc.).

**pann<sup>2</sup>** *vt & refl* To hang, to hang up. *Legliz pa chante lantèman you moun ki pann tèt li* The church will not celebrate the last rites of a person who hanged himself.

**pannan** V **pandan**

**Pannkòt** *n* Pentecost\*.

**pano a, panno a** *n* 1. Wall of a house. 2. Rudimentary substitute saddle made of straw or dried banana leaves. *Apik panno* Very steep.

**panpan** *Fè gran panpan* To be a big show-off, to act as a big shot.

**pans la** *n* Belly, stomach, gut, paunch\*.

**panse** <sup>1</sup> *vi* To think, to believe, to conceive.

**panse** <sup>2</sup> *vt* To dress (a wound).

**pansman an** *n* Grooming; dressing down; what you put on the wound to help it heal.

**pansyon an** *n* 1. Lodgings, boarding house. *Li an pansyon* He's in a boarding house. 2. Pension\* (retirement).

**pansyonè a** *n* Boarder (in a school).

**pant la** *n* Slope. *File you move pant* To be on a bad course (track).

**pantalèt la** *n* Panties\* (for women). (syn) **kilòt**.

**pantalon an** *n* Pants\*, trousers, breeches. *Janm pantalon* Trousers leg. V kanson.

**pantan** *attrib* Startled; stupefied, surprised. V *sezi*. *M'tap fè you ti kabicha, li fè'm pantan* I was taking a little snooze when he startled me. *M'al pantan sou li* I was startled to meet him unexpectedly.

**panten an** *n* Puppet, insignificant person.

**panti a** *n* Iron brace of a door (hinge).

**pantouf la** *n* Slipper. **Pantouf espion** (Soft) slippers made of one piece of leather and blue denim material.

**pantoufouye a** *n* Type of aggressive shark.

**pàntyè a** *n* Cupboard. Cf. E. pantry\*.

**pànye a, panyen an** *n* Basket, hamper; nest-box. Cf. E. Pannier\*.

**panyòl la** *n* Of the Dominican Republic; Spanish\*; Spaniard\*. *Nan panyòl* Land where Spanish is spoken. Usually refers to the Dominican Republic. *Gen panyòl nan kay la* Hush! The person we're talking about is here. Watch what you're saying. The expression “**ir al Francé**”, for “to the Western part of the Island, i.e. Haiti”, is quoted by Carlos Esteban Deive in “**Vodu y Magia en Santo Domingo**”, page 387.

**panzou a** *n* 1. Slap on the hand in a children's game called “**koupe panzou**”. “**Bay panzou**” means to give a slap on the hand to cause what's in it to fall; also to bring about a coup d'état. 2. Vetch (or) tare (small plant of the bean family).

**pap** <sup>1</sup> Contraction of **pa + ap** = Am not, is not, are not; shall not, will not, won't.

**pap** <sup>2</sup> **la** *n* Pope\*. *Pap seyè* Potentate. *Li se sèl pap lan kay la* He is the dominant (main) figure in the house.

**pap** <sup>3</sup> **sis** Not to succeed, to fail. *Ou pap sis* You'll not succeed.

**papa a** *n* 1. Dad, daddy, father, progenitor. Title of respect. *Papa\**. *Papa'm ak manman'm* My

parents. *Papa!* (May be used as an exclamation of amazement). 2. Type of large drum (COURLANDER). 3. Just as “manman”, “**papa**” may serve as an augmentative prefix before some nouns. The word then means ‘huge’.

**papalwa a** *n* Vodou priest. Same as **oungan**. From the Yoruba word ‘babalao’ (COURLANDER).

**papay la** *n* Papaya\*.

**papi, papit** *n* Dad, daddy.

**papiyon an** *n* Butterfly, moth.

**papiyòt la** *n* Paper roller, curler. Cf. bigoudi.

**papòt la** *n* Threshold (of a door). Doorstep.

**papou** *attrib* Refers to one who needs a haircut badly. *Ou trò papou, al kay kwafè* You need a haircut; go to the barber shop.

**papye a** *n* Paper\*; paper money; official legal papers\*. *Papye sable* Sandpaper. *Papye tè* Land title, title to real estate. *Papye tenbre* Special type of stamped, sealed paper used for official government documents. *Pase papye* To sign a legal instrument such as a marriage certificate, a deed.

**parabòl la** *n* Parable\*. *Pale an parabòl* To beat around the bush; to speak indirectly. V *paroli*.

**parachit la** *n* Parachute\*.

**parad la, laparad** *n* Parade\*.

**paradi a** *n* Heaven, paradise\*.

**paraj la** *n* Neighborhood, place; vicinity.

**paralize** *vi* To paralyze\*; paralyzed\*.

**paralizi a** *n* Paralysis\*.

**paran an** *n* Relative, kin; (rarely) parent\*(s).

**parantay la** *n* Family, relatives.

**parapli a** *n* Umbrella.

**parapò, parapòt** *prep* Because of.

**parasòl la** *n* Parasol\*, umbrella.

**paravan an** *n* Screen, folding-screen.

**parazit la** *n* Parasite\*.

**pare** *vt* 1. To ward off, to face, to extend. Cf. E. Parry\*. 2. To prepare, get ready. Examples and expressions: *Pare (you) kou* To ward off a blow. *Pare lapli* To take shelter; to take cover from the rain. *Tan an pare* It is threatening to rain. *Pare men ou* Extend your hand. *Pare lajan ou* Get your money ready. *Li pare* He is ready.

**parenn nan** *n* Godfather; best man (at a wedding).

**parès la** *n* Laziness.

**parese** *attrib* Lazy, idle. V *paresez*.

**paresez** *attrib* Lazy (applied to females). *Paresez kon chat plenn* Lazy as hell.

**piresol, parasòl** *n* White manjack. *Cordia sulcata* DC.

**pirespre** *adv* On purpose. *V* espere.

**parèt** *vi* To appear\*, to seem; to show one's self, to come on. *Li pa parèt tèt li* He did not show.

**parèy** Such a ...; similar, like. *Li pa mantè parèy ou* He's not a liar like you. *San parèy* Unmatched. CELESTIN-MEGIE/1-154: *Yon kòkraz san parèy*.

**parèyman** *adv* Likewise, the same to you (as an answer to "best wishes"). *Menmman parèyman* It's the very same thing.

**pari a** *n* Bet. Cf. E. **pari\*** mutual betting. *V* paryaj.

**Pari** *n* Paris\*.

**parokèt la, pèrokèt** *n* Type of bright colored fish.

**paròl la** *n* Words, saying, statement, talk; sentence; speech. **Paròl** is also a Vodou term. *M'pa gen de paròl* I'm not two-faced. *I keep my promises.* *Paròl granmoun lontan* The sayings of long ago. *The wisdom of the ages.* *V* laparòl.

**paroli, pawoli** *n* Parable\*. *Pale an paroli* To speak in parables.

**parwas la, pawas** *n* Parish\*.

**paryaj la** *n* Bet. More pop. for **pari**.

**parye** *vi* & *vt* To bet.

**pas**<sup>1</sup> *la* *n* 1. Pass\* (in sports, at cards). 2. Ford, passage\* way. (fig) Situation, difficulty. Cf. E. He has come to a pretty pass\*. *L'ap pase yon pas* (or) *Li tonbe lan you pas* He's in a bad situation.

**pas**<sup>2</sup> *n* Granted. *Pas pou de, men twa, se tròp* I'll concede you two, but three is too much.

**pasab** *attrib* Passable\*, so so. *Sa a manyè pasab* At least this one will do.

**pasaj la, pasay** *n* 1. Misery, annoyance; tribulation. 2. Passage\*, passageway. *V* traka. *Ala pasay pou moun kokobe* What trials and tribulations the poor cripples go through. *Pasaj dalyans* A method for divining a guilty person by means of a ring suspended on a string (COURLANDER). *Pitit la lan pasay* The baby is coming out (is being born).

**pasaje a, pasajè** *n* Passenger\*; fare.

**pasan an** *n* Loop (in trousers to hold the belt).

**pase**<sup>1</sup> *vt* 1. To pass\*. 2. To lay, to put. *Pase men'w sou zepòl mwen* Lay your hand on my shoulder. 3. To take effect (laxative). 4. To iron (clothes, hair). 5. *Pase maladi* To experience a sickness. 6. *Pase bè sou pen* To butter one's bread. 7. To befall. 8. To sift, to sieve. 9. To give, to administer (a beating). 10. To show (a movie). *vi* 1. To pass, to go through. 2. To die. 3. To pass\* (card game, sports). 4. To succeed (at an exam). 5. To occur, to come about, to happen. 6. To pass\* by, to stop by, to go by. Examples and

expressions: *Pase chaple* To say the rosary. *Pase cheve* To curl (do one's hair with a hot instrument). *Pase mizè* To suffer from bad treatment or from poverty. To have a hard time. *Sa kap pase?* What is going on? *Sa'k pase'l?* What has happened to him? *Pase nan betiz* To make fun of, to ridicule. *Pase pou* To pass for. *Yo tèlman sanble, youn kab pase pou lòt* They resemble each other so much, that one can pass for the other. *Dlo sèlman ki pou fè swaf mwen pase* Only water will quench my thirst. *Maladi a pòko pase* The sickness is not over. *Pase sou sa* Disregard that, pass over that. *Medsin nan pòko pase'l* The laxative hasn't taken effect yet. *M'te grangou talè a; konnyea grangou a pase* I was hungry a moment ago; now I'm not hungry anymore. *L'ap pase pa'l* He's having his troubles. *Lagè sivil ameriken se you bagay ki pase lontan* The American Civil War took place many years ago. *Oto a pase sou li* The car ran over him. *M'a pase wè ou a midi* I'll stop by to see you at noon. *Pase twal mouye* To mop, to dust with a wet towel. *Nou pase kondisyon* We came to an agreement under specific conditions. *Nouris la tèlman fè kolè, lèt pase'l lan san* The nursing mother was so angry, that the breast milk got into her blood. *Pase bale* 1. A method for divining a guilty person by the use of a specially prepared chair (COURLANDER). 2. To sweep.

**pase**<sup>2</sup> *Past\**, last. *Mwa pase* Last month.

**pase**<sup>3</sup> *conj* 1. Than, more than; instead of. *Pi ... pase* (or) *pli ... pase* More ... than. *M'gran pase ou* I am older than you. *Li gen senkant an pase* He is more than fifty years old. 2. For, because. *Pase pou* Instead of, rather than.

**pase**<sup>4</sup> *V* paske

**pasipala** *adv* Here and there.

**paske, pase** *conj* Because.

**paspatou a** *n* Passkey\*.

**paspò a** *n* Passport\*.

**paspouki** *Fè paspouki* To play favorites. *M'ap trete tout kandida yo menm jan; m'pap fè paspouki pou pèsonn* I'm going to treat all applicants in the same fashion. I'll do no special favors.

**pastè a** *n* Parson, pastor\*, (Protestant) minister.

**paswa a** *n* Strainer, sieve, colander.

**pasyan** *attrib* Patient\*.

**pasyans la** *n* Patience\*.

**pasyante** *vi* To be patient\*. To wait patiently\*.

**pasyon an** *n* Passion\*. *Pale san pasyon* To speak impartially.

**pat**<sup>1</sup> *la* *n* Paw, foot; hand (of a banana stalk). *Li mete pat men li sou tab la* He puts his great big hand on the table. *Grese pat* To grease the palm (to bribe). *Pat men* Large hand, hand. *Pat pye* (or) *Pat zago* Big foot. *Bay you moun youn pat gagann* To grab s.o. by the throat. Cf. lapat.

**pat**<sup>2</sup> **la** *n* 1. Dough. 2. Shoe polish (Paste\*). 3. **Pat tomat la** *Tomato paste\**. 4. (*attrib*) Thick. **Labouyi mayi a pat** *The corn porridge is thick.*

**pat**<sup>3</sup>, **pat pou pat** *Even. Nou pat pou pat* *We are even.*

**pat**<sup>4</sup> *Did not. Contraction of pa + te. Auxiliary of the negative past. Li pat vini* *He did not come.*

**pataje** *vt* To share, to divide.

**patans la** *n* Departure\*. **An patans** *About to depart, outward bound. Bato a an patans* *The ship is about to depart. Lalin an patans* *The moon is waning.*

**patant la** *n* License, permit. Cf. E. patent\*.

**pataswèl la** *n* Slap, blow. **Nan goumen Jak pran you pataswèl nan figi li ki fè'l pa wè pandan yon moman** *While fighting, Jack received a blow which temporarily blinded him. Sp.*

**patat la** *n* Sweet potato\* **Patat blanch** *White potatoes, as opposed to patat jòn. Patat peze* *Fried, pressed sweet potatoes. Gro patat, patat si* *Fat person. Pen patat* *Type of sweet potato cake. Patat jòn* *Yam (sweet potato, orange colored)*

**patati patata** (*onom*) And so on, and on.

**patch la** *n* Patch\* (on a tire tube).

**patche** *vt* To patch\* (tire tube).

**pate a** *n* Patty\*, pastry\*, meat pie.

**patekwè a** *n* Parvenu (one who did not think that he would reach such heights). Also said about s.o. who is boasting about some new acquisition.

**paten an** *n* Skate, roller-skate. **Monte paten** *To skate.*

**pati**<sup>1</sup> **a** *n* 1. Part\*, bit, portion. **Fè pati** *To belong, to take part in.* 2. Male organ, genitals. 3. Game. 4. **Yon pati** *Some, a group of.*

**pati**<sup>2</sup> *vi* To depart\*, to leave, to go away, to get away; to go off. **M'tande you rèl pati** *I heard a cry. Revolvè a pati* *The gun went off. Kò'l pati kochi* *His body was tilting. Tèt li pati* *He went crazy.*

**patinaj la, patinay** *n* Skidding. **Oto a fè patinaj nan labou a, li pa ka kontinue** *The car is skidding in the mud, and it can't move ahead.*

**patinen** *vi* To slide, to skid. *vt* To handle too much. **Ase patinen vyann nan** *Don't touch the meat so much.*

**patipri a, pati pri** *n* Partiality\*. **Pa fè patipri** *Don't take sides. Don't play favorites.*

**patiray la** *n* Pasture\*.

**patisipe** *vi* To participate\*, to take part, to partake.

**patisri a** *n* Pastry\*.

**patizan an** *n* Follower, disciple. Partisan\*.

**patko** *V* **poko**

**patoje** *vi* To wallow, to splash and flounder (in puddles, mud, etc.). **Patoje nan labou** *To splash and wallow in mud.*

**patouy** *V* **patrouy**

**patri a, lapatri** *n* Fatherland, nation.

**patriyòt la** *n* Patriot\*.

**patron an** *n* 1. Employer, boss. 2. Pattern\* (sewing). 3. Patron\* saint.

**patrouy la, patouy** *n* Patrol\*. **Fè patrolouy** *To patrol\*.*

**paveni an** *n* Newly-rich.

**paviyon an** *n* Flag; the court of the **hounfo** (COURLANDER). Cf. E. pavillion\*.

**paweze** *vi* To parade.

**pawoli** *V* **paroli**

**pay**<sup>1</sup> **la** *n* 1. Chaff; straw, any dry combustible plant. 2. Misery, trouble. **Pay chapo** *Straw for making hats. You sak pay* *A mattress made of straw. You kay pay* *A straw house.*

**pay**<sup>2</sup> *attrib* Very light.

**payas la** *n* Straw mattress. Cf. pagliaccio\*.

**payaya a** *n* Worthless, insignificant person.

**paydefè a** *n* Steel wool.

**paye** *V* **anpaye**

**payen an** *n* Pagan\*.

**payèt la** *n* Spangle, paillette\*. **Bay payèt** *To show off to someone else.*

**pazyal la** *n* **Fè yon pazyal** *To take a walk. Cf. Sp. Pasear, Dominican dialect pazial.*

**pe**<sup>1</sup> **a** *n* Altar in a Vodou temple.

**pe**<sup>2</sup> *To shut up, to be quiet, to hush. Pe bouch ou* *Shut your mouth. Pe la!* *Shut up!*

**pe**<sup>3</sup> **“Pe”** is an auxiliary form of the progressive present used in the South. Elsewhere **ap, ape.**

**pe**<sup>4</sup> **pa** *Cannot, can't. One of the rare cases in which “pa” follows the verb.*

**pè**<sup>1</sup> **a, lapè** *n* Peace\*. **An pè** *In peace. Kite'l an pè* (or) *Kite'l trankil* *Leave him alone.*

**pè**<sup>2</sup> **a, lapè** *n* Pair\*, couple. **Lapè pijon vann you dola** *A pair of pigeons sells for a dollar.*

**pè**<sup>3</sup> **a, monpè** *n* Priest, clergyman. **Pè savann** *Bush priest. Pèdfami* *Father of a family. Pè Letènèl* *n* God.

**pè**<sup>4</sup> *vt* To fear, to dread. *vi* To be afraid, to be scared. **Fè pè** *To frighten (s.o.). Li pa pè pap* *He fears nobody. Li pè kon chat* *He is scared as a cat.*

**pè**<sup>5</sup> **savann** *n* Bush priest.

**peape** V **pezape**

**pèch**<sup>1</sup> **la** n Peach\*. *Pye pèch* Peach\* tree.

**pèch**<sup>2</sup> V **lapèch**

**peche**<sup>1</sup> **a** n Sin. *Fè peche* To commit a sin.

**peche**<sup>2</sup> vt & vi To fish.

**pechè** **a** n 1. Fisherman. 2. Sinner.

**pechinen, penchennen** vt To pinch\*. V **penche**, **pichkannen**.

**pèd la** n Loss. (variant of **pèt**<sup>2</sup>). *Ou lan pèd* You lost.

**pedal la** n Pedal\*.

**pedale** vi To pedal\*.

**pedan** attrib Pedant\*, vain, pretentious braggart, show-off.

**pèdi** vt To lose. To be lost. *Pèdi pa* To slip. *Pèdi pye* a) To lose one's footing in deep water. b) To lose one's social position, or influence. *Pèdi ròl* To act in an unbecoming manner. *Yon granmoun ki goumen ak timoun pèdi ròl li* When an adult fights with a child, he is out of place. *Pèdi konesans* To lose consciousness. *Pèdi bann* a) To become impotent. b) To be out of place, out of one's element.

**pèdisyon an** n 1. Amenorrhoea (loss of menstruation). 2. Debauchery. *Fi a (tonbe) lan pèdisyon* The woman has become a whore; she is leading a life of debauchery.

**pèdri a** n Partridge\*.

**pèfid** attrib Treacherous, deceiving.

**pèkal la** n Type of material; cambric, muslin, percale\*.

**pèkseswa** V **kikseswa**

**pektoro a, pekto** n Pectoral\* (chest muscle).

**pèl**<sup>1</sup> **la** n Pearl\*. *You bèl kolye pèl* A beautiful string of pearls.

**pèl**<sup>2</sup> **la** n Shovel, spade. *You pèl dan* A large tooth.

**pela** attrib Bald, with a shaven head (applied to cocks). From Spanish **pelado**.

**pèlen an** n Snare, trap. *Pèlen tèt* A trap with a noose. "Pèlen Tèt", a play by Franké-tienne.

**pèlenpenpen** V **grenn**

**pelerinaj la, pelerinay** n Pilgrimage\*.

**pèlren an** n Pilgrim\*.

**peman an** n Payment\*. *Jodi a se jou peman* Today is payday.

**pèmèt** vt To permit\*, to enable, to allow, to let. (vpr) To dare, to have the audacity to. *Apre sa'k pase a, kouman ou fè pèmèt ou vini isit ankò? After what happened, how did you dare come here again? Radyès pèmèt* Shameless insolence.

**pèmisyon an** n Permission\*.

**pen**<sup>1</sup> **an** n Bread. *Pen griye* Toast. *Pen mayi* Corncake. *Pen patat* Type of sweet potato cake.

**pen**<sup>2</sup> **an** n Pine\*. *Pinus occidentalis* L. *Bwa pen* Pine wood.

**penalite a** n Penalty\* (in soccer).

**penba** *Manman penba* Sly, malicious woman.

**penbèch** attrib Frivolous, a woman with easy morals.

**pench**<sup>1</sup> **la** n Pinch\*.

**pench**<sup>2</sup> **la** n Children's game played with pebbles or bones in which the winner pinches the loser saying "Pismiding dira mon konpè chapon, roti, beka, bakasin, ponn pongonn, al ponn" (MAN-GO DYESIFÒ, Haiti Progrès, October 8, 1986).

**penche, pencheng** vt To pinch\*. V **pechinen**.

**penchennen** V **pechinen**

**penda** n Loose, frivolous woman.

**peng** attrib Stingy, tight-fisted, avaricious. V **ava**, **chich**, **kras**.

**pengwen an** n Penguin\* plant, wild pine. *Bromelia. Zannana kon pengwen* Each and everyone, haphazardly; **tutti quanti**.

**penib** attrib Painful\*.

**penich la** n (Penny), pennies\*. *M'pa gen yon penich* I am broke, penniless.

**penisilin nan, pelisilin** n Penicillin\*.

**penitans la** n Penance\*, penitence\*. Also Vodou term.

**penje a** n A form of wrestling that is seen at Rara time (COURLANDER).

**penkle** V **pentle**

**penn** vt To paint\*.

**penntiklous la** n Parasite.

**penpan** V **anpenpan**

**penpennen** vi To struggle (barely making a living).

**pens la** n 1. Tongs, pincers\*, pliers. *Travay la difisil anpil; se pens ak pikwa* This job is very hard work. 2. Bobby pin, clothes pin; hair pin. 3. Tuck (in sewing).

**pense**<sup>1</sup> **a** n A pinch\* (a small amount that you can hold between two fingers).

**pense**<sup>2</sup>, **penche** Children's game in which winners pinch losers. V **pench**.

**pensèt la** n Small pincers\*, tongs, tweezers.

**penso a** n Paint brush.

**pent**<sup>1</sup> **la** n Painter\*.

**pent** <sup>2</sup> *la* *n* Pint\* (measure).

**pent** <sup>3</sup> *attrib* Mottled, speckled, a type of color.  
*Kòk pent* Speckled rooster.

**pentad la** *n* Guinea-hen, Guinea-fowl. (fig) Shy and cowardly.

**pentadin nan** *n* A crossing between a hen and a Guinea-fowl.

**pentia a** *n* Paint\*; painting\*. *Se papa'l an penti* He is a spitting image of his father. (syn) *Se papa'l krache*.

**pentire** *vt* To paint\*, to color.

**pentle, penkle** *attrib* Of various colors. *Kòk pentle* Rooster of various colors.

**peny nan** *n* Comb.

**penyen** *vt* & *vi* To comb (one's self). *Penyen lage a*. To let one's hair down. *b*. To become negligent, to abandon one's self. (Usually applied to women who have abandoned themselves to loose morals).

**pèp la** *n* People\*, populace\*.

**pepe** *Bon pepe* He who pays his debts regularly.

**pèpèt** <sup>1</sup> *la, pèpèt, pèt* *n* Fart. *Pèpèt mayi a* Popcorn.

**pèpèt** <sup>2</sup> *vi* To fart. Also **pete**.

**pepinyè a** *n* Nursery (hort).

**peple** *vi* To reproduce, to beget children, to populate\*.

**pere, pèrèz** *attrib* Shy (animal), timid, fearful.

**pèrèz la, laperèz** *n* Fear, phobia.

**peri** *vi* To perish\*, to be destroyed, to be killed.  
*Dènye sòlda yo peri nan batay la* Every single soldier died in that battle. *Tout machandiz yo peri nan batiman ki koule a* All merchandise was lost in the boat that sank. *M'ap peri, mwen sou kont ou* Things are really bad, I am in your hands. I am counting on you for help.

**perik la** *n* Wig. Also **fo cheve**.

**peripesi a** *n* Hardship.

**peristil la, perestil** *n* The roofed court of the hounfò (COURLANDER).

**pèrokèt** *V* **parokèt**

**sibreka a, soubreka** *n* Second in charge on a ship.

**sid**<sup>1</sup> **la** *n* South\*. *Nan sid* In the South. *Moun sid* Southerner. *Moun nan sid, langaj yo pa menm ak pa moun nan nò* The speech of the people in the South is not the same as that of those in the North. *Sid ès* Southeast. *Sid wès* Southwest.

**sid**<sup>2</sup> **la** *n* Cider\*.

**sidorye a** *n* Pillow case. (Rare). *V tètoreye*.

**sife, sifè** *indeed, yes, truly, in fact, it's true.* *Sife, li pa manti* No, he's not lying.

**sifi** *vi* To suffice\*, to be enough, sufficient\*.

**sifilis la** *n* Syphilis\*.

**sifle** *V soufle*

**siflèt** *V souflèt*

**sifoke, sivoke** *vi* To suffocate\*, to gasp for air, to choke.

**sig a** *n* Cigar\*.

**sigal** *V lasigal*

**sigalye a** *n* (Rare) Cigar\* maker.

**sigarèt la** *n* 1. Cigarette\*. 2. Spool (of thread).

**sigè** *vi* To go away. Cf. Spanish 'sigue'.

**sigjere, sijere** *vt* To suggest\*.

**sigjesyon an, sijestyon an** *n* Suggestion\*.

**sije a** *n* Subject\*. *Frè'l la se move sije* His brother is a bad character.

**sijte** *vi* To overcast (in sewing).

**sik**<sup>1</sup> **la** *n* Circus\*.

**sik**<sup>2</sup> **la** *n* Sugar\*. *Sik rouj* Brown sugar. *Jan fè sik* John is diabetic.

**sikdòy la** *n* Type of candy.

**sikilasyon an** *n* Traffic (street).

**sikile, sekile** *vi* To get about (news, person). To keep moving, to move on, to circulate\*. *Jan-dam nan di foul la: Sikile* The policeman said to the crowd: Get going. *Doktè a di jenòm nan: Se*

*pou ou sikile (al nan fi)* The doctor said to the young man: You got to put yourself in circulation (go find some girls).

**siklis la** *n* Pedal-pusher, cyclist\*.

**siklòn nan** *n* Hurricane, storm, cyclone\*.

**sikonsi** *vt* To circumcise\*.

**sikonsizyon an** *n* Circumcision\*.

**sikonstans la** *n* Special circumstance\*, situation. *Se sikonstans ki fè'l arive fè sa* It's life that brought him to this point, (that made him do that).

**sikre** *vt* To sweeten.

**siksè a** *n* Success\*.

**sikui a** *n* Circuit\*.

**sikyatri a** *n* Psychiatry\*.

**sila**<sup>1</sup>, **sila a** *demons adj* This, that. *Istwa sila* That story.

**sila**<sup>2</sup>, **sila a** *demons pron* This, that; this one, that one. He (who). *Sila a yo* These, those. *Sila ki* He, who.

**silabè a** *n* Reading primer. Cf. E. Syllabary\*.

**silans la** *n* Silence\*, quiet. *Silans!* (interj) Quiet!

**silema** *V sinema*

**silvoupè, sivoupè** If you please, please. *V souple*.

**simagri a, simagre a** *n* Grimace, gesture, affection; an affected demonstration. *Pouki sa ou ap fè tout simagri sa yo devan glas la?* Why are you making all those faces at the mirror? Cf. makakri.

**siman**<sup>1</sup> **an** *n* Cement\*.

**siman**<sup>2</sup> *adv* Surely\*.

**simante** *vt* To cement\*.

**simaye** *vt* To scatter.

**Simbi** *n* Water spirit. *Simbi nan dlo, kote ou ye?* O spirit of the water, where are you?

**simen** *vt* To sow; to scatter, to strew. *Simen sab sou rout la* To strew sand on the road. *Simen baton* To shower with blows, with a stick. *Simen pitit* To sow wild oats. To have children here and there.

**simenkontra a** *n* Wormseed (Chenopodium ambrosioides).

**simidò a** *n* The singing leader of a **koumbit** (COURLANDER).

**simityè a, simikyè, semityè, simtyè** *n* Cemetery\*. Graveyard, burial-ground.

**simwa a** *n* Poinsettia. (For six months of the year this plant bears bright blooms, and for the remaining six months it has shiny green leaves).

**sinakwa** *V siydekwa*

**sinema a, silema a** *n* Cinema\*, movie house. “Movies” is usually “**film**”, “**fim**”. *Sa se sinema That’s not real. It’s hypocrisy, pretense, make-believe. Se sinema gratis It’s a free show! It’s a laugh.*

**sinik** *attrib* Cynical\*.

**sinis la** *n* Gray rooster. < Sp.

**sinistre a** *n* Disaster victim. *Lèt sinistre Milk sent to disaster victims.*

**sinon** *conj* Otherwise.

**sioka** *V* **sizoka**

**sipèb** *attrib* Superb\*, haughty.

**siperyè** *attrib* Excellent, very good; of superior\* quality. Comparative is “**pi siperyè**” *Better, finer, best, superior. M’achte de soulye ki siperyè I bought some excellent shoes.*

**sipèstisyon an** *n* Superstition\*.

**sipèvizè a** *n* Supervisor\*.

**siplis la** *n* Torment, torture.

**sipliye, soupriye** *vt* To beg, entreat, insist. Not for ‘beg pardon’ = **mande padon**.

**sipò a** *n* 1. Prop, pole. 2. Support\*. *Sipò moral Moral support.*

**sipòtan** *attrib* *Gen san sipòtan To bear up with, to be tolerant.*

**sipòte** *vt* To endure, to stand, to support\*, to uphold.

**sipoze** <sup>1</sup> *vt* To suppose\*; to assume, to surmise.

**sipoze** <sup>2</sup> 1. Supposed\* to. 2. Supposing that, just suppose that.

**sipozisyon an** *n* Supposition\*.

**sipozon** Let’s suppose\*.

**siprann, souprann** *vt* To surprise\*. To take by surprise\*; to catch in the act. *V bare, sezi. M’siprann tigason an ap fimen I caught the boy smoking. San’m pa atann, li ban’m yon kou siprann When I least expected it, he dealt me a surprise blow.*

**siprime** *vt* To have an adverse effect on one’s growth (particularly during puberty). Not to have one’s (monthly) period. *Yo di yon jènfi va siprime si’l manje tròp sitron They say that a girl will stop menstruating, if she makes too great a use of lemons.*

**sipriz la** *n* Surprise\*.

**siray la** *n* Shoe-polish.

**sire** *vt* To shine, to wax. *Sire soulye a Shine the shoe. Tèt li byen sire, ou a di se you glas His hair is so shiny, it looks like a mirror. Pantalon an trò sire, lave’l These pants are too dirty, wash them.*

**sirèn nan** *n* Siren\* (horn).

**sirèt** <sup>1</sup> **la** *n* Sugar candy. *Ti machann sirèt Candy peddler. Metye’l se fè sirèt He’s a confectioner.*

**sirèt** <sup>2</sup> *attrib* Sourish\*. *Dan’m vin sirèt My teeth are sensitive to the wind; they are sourish, on edge.*

**siri a** *n* Saw-mill\*, lumber mill.

**sirik la** *n* 1. Water crab. 2. (fig) Stingy, tightwad.

**siro a** *n* Syrup\*. *V kann, myèl. Gen plizyè kalite siro: siro kann, siro myèl, siro bètrav, etc. There are several kinds of syrup: sugar cane, honey syrup, beet syrup, etc. Siro myèl Honey. Bay siro To turn the rope slowly in jump rope.*

**sirolin** Syrupy; silky; sweet, velvety, smooth.

**sirote, siwote** *vt* To savor, to absorb, to drink slowly (with pleasure).

**siro a, siwa a** *n* Southwest\* wind. Cf. *nòde, nòrwa.*

**siwèl la, siwèl la** *n* Purple monbin, Spanish plum. *Spondias purpurea L.*

**siryen an** *n* Syrian\*, Arab merchant.

**sis** <sup>1</sup> *num* Six\*. When followed by a vowel sound: **siz** as in **sizan, sizòm, sizè.**

**sis** <sup>2</sup> *Ou pap sis You won’t succeed.*

**sisèptib** *attrib* Touchy, easily offended.

**si Spann** *vt* & *vi* To quit; to suspend\*, cease, stop, discontinue.

**sispèk** <sup>1</sup> *attrib* Suspicious\*, suspect\*, guilty-looking.

**sispèk** <sup>2</sup> *vt* To suspect\*.

**sispekte** *V* To suspect\*, to be suspicious\* of.

**sistèm nan** *n* 1. System\*. 2. Habit.

**sistre** *attrib* Cheater, parasite. *Moun sistre People who live at the expense of others.*

**sitadèl la** *n* Citadel\*.

**sitan, si tan** *adv* So much. *Sitantè As a matter of fact.*

**sitasyon an** *n* Court citation\*, legal summons.

**site** <sup>1</sup> **a** *n* Safety, security\*. Cf. *Surety\*.*

**site** <sup>2</sup> **a** *n* Housing project.

**site** <sup>3</sup> *vt* 1. To summon (*in court*). 2. To cite\*, to quote, to mention. *Site yon non To mention a name.*

**sitèlman, si tèlman** *adv* So, so much. *Li sitèlman manje He eats so much.*

**sitèn nan** *n* Cistern\*, water tank.

**sitiran** *attrib* Tolerant, complacent.

**sitirans la** *n* (Excessive) Tolerance, complacency.

**sitire** *vt* To condone, to tolerate.

**sitirè a** *n* One who condones, forgives too often, or is overtolerant.

**sitirèz la** *n* Same as 'sitirè' but applied only to women.

**sitiyasyon an, sityasyon, sitirasyon** *n* Situation\*.

**sito** *conj* As soon as.

**sitou** *adv* Especially, mostly. *M'renmen frui anpil, sitou mango ak pòm* I like fruit a lot, especially mangoes and apples.

**sitron an** *n* Lime, Lemon. Citrus aurantifolia (L.) Swingle. *Ti sitron* Shorty, a man of short stature.

**sitronad la, sitronnad** *n* Lemonade.

**sitronèl la, sitronnèl la** *n* Citronella\*.

**sitrouy la** *n* Type of vegetable similar to a pumpkin, gourd.

**sitwayen an, sitoyen an** *n* Citizen\*.

**sitwe a** *n* Southwester\* (wind).

**siv la** *n* Chives\*, Welsh onion. *Allium schoenoprasum* L.

**siveyan an** *n* Watchman, overseer, foreman; monitor (school).

**siveyans la** *n* Surveillance\*.

**siveye, souveye** *vt* To watch (over); to oversee; to spy on.

**sivil<sup>1</sup> la** *n* Civilian\*.

**sivil<sup>2</sup>** *attrib* Civil\*, civilian\*. *V ak<sup>3</sup> Maryaj sivil* Civil ceremony (wedding). *Marye sivil* To wed (civil ceremony only).

**sivilizasyon an** *n* Civilization\*.

**sivoke** *V sifoke*

**sivyè a** *n* Stretcher. *V branka*.

**siwa** *n* Southwest\*.

**siy nan** *n* 1. Sign\*. 2. Signal, nod. 3. Omen. 4. Birthmark. *Fè you siy* To signal, to nod, to wink, to make a sign, to beckon.

**siyad la** *n* A light contact, brushing against.

**siyal la** *n* Signal\*.

**siyale** *vt* To signal\*, to mention.

**siyalman an** *n* Description (e.g. of a presumed murderer).

**siyati a** *n* 1. Signature\*. 2. (pop) Surname, family name. *Li poze siyati* He signed. *Mete siyati ou anba papye a anvan ou voye'l ale* Sign at the bottom of the document before you forward it.

**siyay la** *n* The wake of. *Fann lan siyay yon moun* To go after s.o., to pursue, to follow in the traces of (s.o.).

**siydekwa a, siydelakwa, sinakwa** *n* Sign of the cross\*. (syn) **Onondipè**.

**siye<sup>1</sup>, suiye, souye** *vt* To wipe, to dust. *Pote sèvyèt pou'n siye bouch nou* Bring us (some) napkins to wipe our lips. *Siye pye* A little dance (an unassuming party). *M'pral nan yon ti siye pye* I'm going to a little dance (party). *Siye bèk ou atè!* Forget about it! (said to a person to convey the idea that because of his misbehavior he will never be allowed the same privilege again).

**siye<sup>2</sup>** *vt* To saw. *Siyè yo siye pyebwa a pou yo fè bèl planch* The sawyers sawed the tree to make beautiful boards.

**siye<sup>3</sup> (ak), siyen ak** *vi* To associate with. *M'pa siye ak moun konsa* I don't associate with people such as these.

**siyè a** *n* Sawyer (woodcutter).

**siyekole a** *n* Humdinger.

**siyen** *vt* To sign\*. *Li konn yon sèl bagay, siyen non'l ase* He barely knows one thing: how to sign his name. *Kouman ou siyen?* What's your family name? (pop).

**siyifi** *vi* To mean, to signify\*.

**siyon an** *n* Signal\*, sign\*. *Fè yon siyon* To signal\*, to make a sign (to beckon).

**siyonnen** *v* To follow in the wake of.

**siz** *V sis*

**sizo a** *n* 1. Chisel\*. 2. Scissors\*. 3. Type of insect. 4. Magnificent frigate bird (*Fregata magnificens*). *V fregat*.

**sizoka, sioka, sianka** *conj* (Pop) Whether, if, in the event that, in case\* that; just in case\*. *V anka*.

**sizyèm** *num* Sixth\*.

**skandal la, eskandal** *n* Scandal\*, uproar. *Fè skandal* To make a scene.

**skandalize, eskandalize** *vt* To scandalize\*.

**skelèt la, eskelèt** *n* Skeleton\*.

**skiltè a** *n* Sculptor\*.

**skilti a** *n* Sculpture\*.

**skòpyon an, eskòpyon** *n* Scorpion\*.

**skout la, eskout** *n* (Boy) Scout\*.

**skrin nan** *n* Screen\*.

**so<sup>1</sup> a** *n* Fall (drop); jump, leap. *M'pran you so* I fell off (a horse, etc.). *Fè you so rive* (or) *Fè yon kout pye rive...* To go somewhere (or) To take a run over... *Bay you so kabrit* (in a fight) To pull and drop s.o. flat on his face.

**so a<sup>2</sup>** *n* Pail, bucket.

**so a<sup>3</sup>** *n* Seal\*; postmark. *Mete so* To seal, to attach a legal seal.



**sò**<sup>1</sup> **a** *n* Fate, lot. *Moun pa janm kontan sò yo* People are never satisfied with their fate.

**sò**<sup>2</sup> Miss (Usually, used before a name). *Sò Mari* Miss Mary.

**sò**<sup>3</sup> **V sè**

**sobtyè a, soptyè** *n* Wooden ice-cream maker, ice-cream freezer.

**sodo a** *n* Waterfall, cascade. There is a place in central Haiti called 'Sodo' (Saut d'eau) that has a beautiful waterfall, where thousands and thousands of people go annually seeking miraculous cures.

**sòf**<sup>1</sup> *prep* Save\*, except. Cf. eksepte. *Nou travay chak jou sòf dimanch* We work everyday except Sunday.

**sòf**<sup>2</sup> **si** *conj* Unless.

**sofa a** *n* Sofa\*.

**sòkèt la** *n* Socket\*.

**sòl la** *n* Sole\* (a fish).

**solay la** *n* Foundation; (raised) floor.

**sòlda a** *n* 1. Soldier\*. 2. Tiny mollusk called in E. the 'hermit crab'.

**solèy la, sole a** *n* Sun, sunshine. *Jouk sole te kouche* Til sunset. *Solèy boule'l* He got a sunburn.

**solid** *attrib* Sturdy, solid\*, firm, substantial, strong. *Gason sa a se yon pent solid* That man is a fine painter.

**solisyon an** *n* Solution\*.

**soloba a** *n* Snack, bite, breakfast.

**sòm nan**<sup>1</sup> *n* Psalm\*.

**sòm nan**<sup>2</sup> *n* Sum\*.

**somèy la, sonnèmèy** *n* Sleep. *Gro somèy* Deep sleep. *M'te pran yon ti somèy midi* I took a little afternoon nap. *Li te ant somèy e revèy* He was still half asleep.

**somon an** *n* Salmon\*.

**somye a** *n* Bed spring, box spring. *M'gen matla men m'pa gen somye: fò'm achte youn* I have a mattress, but I don't have a spring; I have to buy one.

**son an**<sup>1</sup> *n* Sound\*, noise.

**son an**<sup>2</sup> *n* Sawdust. *Li fè you zorye ak son* He made a pillow out of the sawdust.

**s'on** It's; is a (se yon). *S'on bon egzanp* It's a good example.

**sonde** *vt* 1. To test, to check; to probe, to sound\*. 2. To test s.o. with the stethoscope.

**sonèt la, sonnèt la** *n* Small hand-bell, dinner bell, doorbell.

**sonj la** *n* Dream. *M'wè ou nan sonj* I dreamed about you.

**sonje, chonje** *vi* To recollect, to remember; to think of. *M'pa sonje ki paj* I can't remember what page. *Fè'm sonje pou m'ale* Remind me to go. *vt* 1. To remember. *N'ap sonje ou anpil* We'll miss you. *Ou pa sonje'm* You forgot all about me.

**sonm, somb** *attrib* Dull, sombre\*, sad, dark.

**sonmèy** **V somèy**

**sonn nan, sond lan** *n* Stethoscope, sounding\* instrument.

**sonnen** *vt* ☞ *vi* To ring; to sound\*.

**soptyè** **V sobtyè**

**sore a, sowe a** *n* Bum, good for nothing.

**sorosi a, asorosi, sosi a** *n* Bitter medicinal plant used to make infusions for stomach aches, fever. Momordica charantea L.

**sòs la** *n* Gravy, sauce\*, juice. *Sòs pwa* Bean soup with the beans removed. *Pwa an sòs* Bean soup (with the beans in it). *Sòs tomat* Catsup. *Sòs pike* Hot sauce. *Sòs mango* Mango juice. *Ou lan tout sòs* You meddle into everything.

**sosi** **V sorosi**

**soxis la** *n* 1. Sausage\*. 2. Poison for dogs.

**sosison an** *n* Large sausage\*.

**sòsyè a, chòchye, choche** *n* Witch, sorceress\*; wizard, sorcerer\*. **V bòkò.**

**sosyete a, lasosyete** *n* 1. Society\*. *Mesye dam lasosyete, bonswa* Ladies and Gentlemen (and people) everybody, good evening. 2. Combine, group, company.

**sòt**<sup>1</sup>, **sot** **V sòti**

**sòt**<sup>2</sup> *attrib* Dummy, foolish, dumb, stupid, illiterate, silly. *Pa fè sòt avè'm* Don't get funny with me. *Moun sòt di sa li konnen; moun lespri konnen sa'l di* Stupid people say what they know; smart people know what they're saying. *Sòt tankou panyen pèse* Stupid as a jack-ass.

**sote**<sup>1</sup> *vi* To jump (over). *Ou mèt sote ponpe!* Nothing doing! *vt* 1. To skip. *Manje sote* To eat at irregular intervals. 2. To fry, to saute\*. 3. To blast. *Sote tèt* To behead. *Yo sote pon an* They blasted the bridge. 4. To jump. *Sote kòd* To jump rope.

**sote**<sup>2</sup> To be startled, surprised. *Fè you moun sote* To startle s.o.

**sòti**<sup>1</sup>, **soti, sòt, sot** *vi* 1. To go out, to get out, to step out. 2. To come from. 3. To become, to come out as. 4. To have just (in this case 'sòti' is used as an auxiliary). Examples and expressions: *Nou sot manje* We just ate. *Ou sòti sove'm* You just saved my life. *Ou pa sa fè san soti nan ròch* You can't get blood out of a turnip. *Soti...al* From...to...(From one place to another). *Soti*

**deyò** *To get out (news).* **Soti...rive** *From..to (place, time, etc.).* (The forms 'sot' et 'sòt' cannot be used at the end of a sentence).

**sòti** <sup>2</sup>, **soti** *Stroll, outing.* **M'ap fê you soti** *I am going out for a while.*

**sotiz la** *n Foolish act, foolishness, silliness, blunder.*

**sou** <sup>1</sup> *prep* *On, over, above, up; in the presence of; over and over; interested in.* Examples and phrases: **Mete vè a sou tab la** *Put the glass on the table.* **Li frape sou frape; m'pa louvè** *He knocked over and again, but I didn't open.* **Yo atake sou atake men yo pa reyisi** *They kept on attacking, but they were unsuccessful.* **Zanmi'm di'm: M'sou ou lan you moman** *My friend said to me: I'll be with you in a jiffy (in a moment).* **M'te vle al nan sinema ak sè'm.** **Li refize, li pat sou sa** *I wanted to go to the movies with my sister. She refused, she wasn't in the mood. She didn't feel like it.* **Fi a pa sou bò ou** *The girl is not interested in you.* **Sou presidan Salomon** *Under (during the reign of) President Salomon.* **Sou kont** *Under the responsibility of, in the care of.* **Sou kote** *On the side, illicit.* **Li gen you fanm sou kote** *He has a woman on the side.*

**sou** <sup>2</sup> *attrib* *Intoxicated, hobbling, drunk.* **Sou kon pipirit** *Drunk as a kite.* **M'a sou byen sou** *I'm going to be dead drunk.* **Li pa sou** *He is sober.* **Yo pran pou yo sou** *They really got it; they were really worked over.*

**soubreka** *V sibreka*

**souch la, chouch** *n Stump, root; socket; stub.* **Souch bwa** *Stump.* **Rache souch** *To dig up stumps.* **Souch dan** *The visible remains of a broken tooth, root.* **Pwa souch** (or) **pwa chouch** *Butter bean(s).*

**souche** *attrib* (Well)-rooted, established, founded. **Byen souche** *Well protected, well established, (or a person) having good connections.*

**soud** <sup>1</sup> **la** *n* *A lizard, larger than the zandolit but smaller than the mabouya.* **Soud solèy, soud loray, etc.**

**soud** <sup>2</sup> *attrib* *Deaf.* **Soud bèbè** *Deaf-mute.*

**soude** *vt* *To solder\*, weld.*

**soudè** <sup>1</sup> **a** *n* *A deaf person.*

**soudè** <sup>2</sup> **a** *n* *Welder, solderer\*.*

**soudi a** *n* *Welding.*

**soudin nan** *n* *A mute, sordino\*. V ansoudin.*

**souf** <sup>1</sup> **la** *n* *Breath, puff; blowing.* **Pran souf** *To take a breather.* **Lè m'pral Sitadèl, anvan m'rive m'toujou pèdi souf nan mòn nan** *When I go to the Citadelle, before arriving I'm always out of breath on the mountain.* **Rann san souf** *To harass.*

**souf** <sup>2</sup> **la** *n* *Sulphur\*.*

**souflantchou a** *n* *Lackey, flatterer, boot-licker (servile).*

**soufle** <sup>1</sup>, **sifle** *vi* *1. To whistle. 2. To blow (the wind).* **Van soufle, bwa tonbe** *The wind blows, the trees fall.* *3. To breathe, to pause, to rest.* **Kite'm soufle** *Let me rest (breathe).* **M'pa vin soufle lan banbou** *I didn't come here for nothing.*

**soufle** <sup>2</sup> *vt* *To blow; to whisper (information).* **Yo pa soufle'm anyen** *They didn't tell me a thing.* **Soufle bouji a** *Blow the candle.*

**souflemòde, mòdesoufle** *attrib* *Hypocrite.* **Gen anpil moun se rat souflemòde yo ye** *There are many people who are two-faced.* (The rat bites and then blows on it so that you don't feel the pain.) (syn) **kouto de bò.**

**souflèt** <sup>1</sup> **la, siflèt la** *n* *Whistle.* **Moun yo soufle souflèt nan rara tou** *They blow whistles during 'rara' times too.*

**souflèt** <sup>2</sup> **la** *n* *Slap on the face.*

**souflete** *vt* *To slap.*

**soufrans la** *n* *Suffering\*, misery, abeyance, anguish.*

**soufri** <sup>1</sup>, **ti soufri** *n* *Weakling.* **Li pòtre ak you ti soufri** *He looks like a starving, suffering child.*

**soufri** <sup>2</sup> *vi* *To suffer\*, to ail; to endure.* **Mwen tou ap soufri soufri'm** *I got my own troubles. I'm suffering.*

**soufrisken an** *n* *Starving and suffering person.*

**soujèmen, soujèm** *attrib* *Second (cousins). Cf E. Cousin-german\*.*

**souke, sekwe** *vt* *To shake, to shake out, to agitate, to wag.* **Souke kò ou, se nan bal ou ye** *Shake a leg; you're at a dance, you know.* **Fè you moun souke pye mango a pou mango mi yo ka tonbe** *Make somebody shake the mango tree so that the ripe mangoes can fall down.* **Chen an ap souke ke'l** *The dog is wagging its tail.* *vi* *1. To shake (be shaking).* **Fèy yo ap souke lan van an** *The leaves are shaking in the wind.*

**soukètlarouze** *V choukètlarouze*

**soukou** *V sekou*

**soukoup la, sekoup** *n* *Saucer.*

**soukous** *V sekous*

**soulaje** *vt* *To relieve (pain); to soothe, to comfort, console, cheer up.*

**soulajman an** *n* *Relief.*

**soulasèldèdo** *Flat on one's back.* **M'jwenn li kouche sou lasèldèdo** *I found him lying flat on his back.*

**soulay la** *n* *Tipsiness, drunkenness.*

**soule** *vt* *To get (slightly) drunk, to make drunk (tipsy).* **You sèl vè ponch m'bwè, m'soule** *One glass of rum punch and I'm tipsy.*

**soulezèl** *V zèl*

**soulezon an** *n* Tipsiness, drunkenness.

**souliyen** *vt* To underline (to draw a line under).

**soulve** *vt* To raise, to lift.

**soulwe** *vt* To sublet.

**soulye a** *n* Shoe. *Lòt grenn soulye a* The other shoe. Cf. karyoka, sandal, sapat. *Gro soulye* 1. Old, rough shoes. 2. A vulgar, rustic person. *Soulye kloure* Hobnailed shoes. *Soulye po bèf* Cowhide shoes.

**soumaren an** *n* 1. Submarine\*. 2. Spy.

**soumèt** *vt* Submit\*.

**soumoun** *attrib* Fresh, impudent, forward.

**soup** <sup>1</sup> **la** *n* Soup\*. *M'bwè soup sou tèt ou* I'm much taller than you.

**soup** <sup>2</sup> *attrib* Supple\*.

**soupe** <sup>1</sup> **a** *n* Supper\*, the (evening) meal. *Soupe pare, an'n al a tab* Supper is ready, let's sit at the table.

**soupe** <sup>2</sup> *vi* To eat supper\*.

**soupi** <sup>1</sup> **a** *n* Sigh. *Pouse soupi* To sigh.

**soupi** <sup>2</sup> **a** *n* Type of pastry.

**souple** (If you) please! Creole for "s'il vous plaît" (usu) *Tanpri souple* Please!

**soupoudre** <sup>1</sup> **a** *n* A salted meat preparation.

**soupoudre** <sup>2</sup> *vt* To sprinkle (sugar, etc.).

**soupriye** *V* **sipliye**

**soupson an** *n* Suspicion\*.

**soupsonnen** *vt* To suspect\*.

**souri** <sup>1</sup> **a** *n* Smile.

**souri** <sup>2</sup> *vi* To smile.

**sourit la** *n* Mouse.

**sous la** *n* Spring, source\* (for water); fountain.

**souse, sise** *vt* To suck\*; to drain. *Maladi a te souse'l* The illness drained all his energy.

**sousè a** *n* Blood-sucker\*, parasite.

**sousèt la** *n* 1. Pacifier (baby). 2. Act of sucking\*. *Fè sousèt* To suck\* on (a mango). 3. Type of fish.

**sousetrennen, souse trennen** *n* Parasite (a person who live off others).

**sousi** <sup>1</sup> **a** *n* Eyebrow.

**sousi** <sup>2</sup> **a** *n* Care, concern. *San sousi* Without any care whatsoever, complete relaxation.

**sousi** <sup>3</sup> **a** *n* Marigold.

**sousòl la** *n* Basement.

**sousou a** *n* Flatterer, sycophant, boot-licker.

**sousoupannan** Startled, surprised. Cf. *sezi*.

**soustraksyon an** *n* Subtraction\*.

**sout la** *n* Store-room. *Sout kafe* Coffee depot.

**soutirè a, sitirè a** *n* Receiver (of stolen goods). Also **soutirèz** (female).

**soutni** *vt* To support, to uphold, to hold up, to reinforce. *Manje sa a pou soutni lestonmak ou* Eat this to tide you over until dinner.

**soutoutlaliy, sou tout la liy** Across the board, without exception.

**soutyen an, soutyengòj la** *n* Bra.

**souvan** *adv* Often.

**souveye** *V* **siveye**

**souvans la** *n* Memory.

**souvni** <sup>1</sup> **an** *n* Memory, souvenir\*.

**souvni** <sup>2</sup> (vpr) To remember, to recall. *M'pa souvni'm* I don't recall.

**souvren** *attrib* 1. Sovereign\*. 2. Efficient, effective.

**souye** *V* **siye**

**sovadò a** *n* Habitual runaway, deserter. (Refers to one who used to run away from an institution, a foster home, etc.)

**sovaj** *attrib* Wild, savage\*. *Madanm sa a sovaj, li pa konnen ki jan yo pale ak moun* That woman is wild, she doesn't know how to talk to people.

**sovajri a** *n* Savagery\*.

**sove** *vt* To save\*, to rescue. *vi* To escape, to flee, to run away, to get away.

**sovtay la** *n* Rescue, salvage\*.

**sòyèt, sò Yèt** *n* *Pitit sò Yèt* Plebeian, common, of low lineage.

**spageti a** *n* Spaghetti\*.

**spekilatè a, espekilatè** *n* Middleman, merchant. Speculator\*. (usu) speculator in coffee and cocoa beans which he buys from the peasant and resells to the exporter. This word is usually applied to this specialty. *Gen spekilatè ki malonèt* Some merchants are dishonest.

**spektak la, espektak** *n* 1. Show, spectacle\*. 2. Scandal, noise, scene. *Se pa you bon spektak* It's something that's not nice to see.

**spesyal, espesyal** *attrib* Particular, special\*.

**spesyalman, espesyalman** *adv* Especially\*.

**spò a, espò** *n* Sport\*.

**spòtmann nan** *n* Sportsman\*.

**stad** *V* **estad**

**stasyon an, estasyon** *n* Station\*. *Stasyon gazolin* Gas station.

**stasyonnen, estasyonnen** *vi* To park.

**stat, estat** *vt* To start\* (a car). *vi* To start, to run. *Machin mwen pa vle stat* My car won't start.

**statè a, estatè** *n* Starter\* (auto). *Pàn statè* Starter trouble.

**stati a, estati** *n* Statue\*.

**stik la** *n* Officer's leather billet. Cf. E. stick\*.

**stipid, estipid** *attrib* Stupid\*, dummy.

**stòk la, estòk** *n* Stock\*.

**stòp, estòp** *interj* Stop\*! International anglicism.

**stope, estope** *vt* & *vi* To stop\*, to halt.

**stropye** *V* estropye

**sue, swe** *vi* To sweat. *Ou trò renmen byen san swe* You like something for nothing.

**suè a, swe, laswè** *n* Sweat, perspiration. *Se swe nan fron'l ki ba li manje* It's the sweat of his brow that feeds him (He works for a living).

**suenta, swente** *vi* 1. To seep, to ooze. 2. To wet one's pants (with piss, sperm).

**suif la, swif** *n* Tallow, grease, oil, animal fat. *Swif balenn* Whale oil. (fig) *Bay you suif* To reprimand, to let s.o. have it.

**suife, swife** *Ma suife* Greasy pole, the buttered (greased) mast.

**suiv, swiv** *vt* 1. To follow. *Suiv mwen pou ou pa pèdi chemen an* Follow me so you won't lose the way. 2. To attend (mass, etc). *M'ap swiv you kou angle* I'm attending a course in English. 3. To imitate.

**suivan, swivan** *prep* Depending on, according to. *Suivan sa l'a di ou* Depending on what he'll tell you. Cf. dapre.

**suivi** One (immediately) after the other, in succession. *Twa jou suivi* Three days in succession.

**swa<sup>1</sup> a** *n* Silk. (attrib) silky, smooth(ly), silken. *Cheve swa* Smooth hair as opposed to 'kinky' hair.

**swa<sup>2</sup>** *n* Evening. *Le swa* In the evening.

**swa<sup>3</sup>... swa** *conj* Either... or.

**swadizan** Supposedly.

**swaf la, swèf** *n* Thirst. (attrib) Thirsty.

**sware a, lasware** *n* 1. Evening. 2. Protestant evening church service. 3. Soirée (evening party).

**swasann dis** *num* Seventy.

**swasant** *num* Sixty.

**swaye** *V* swenyen

**swe** *V* sue, suè

**swè a, swèt la** *n* Wish.

**swèf** *V* swaf

**swèl<sup>1</sup> la** *n* Blow with a spur in a cockfight. *V* pataswèl.

**swèl<sup>2</sup>** *attrib* Tight. *Pantalon swèl* Tight pants.

**swen<sup>1</sup> an** *n* Care. *Yo te ba li bon swen* They took good care of him. *Pran swen* To look after.

**swen<sup>2</sup>** *vt* To take care of, to care for.

**swente** *V* suente

**swenyay la** *n* Proper care and attention. *Msye lan bon swenyay sè jou si* He is being really well taken care of these days.

**swenyen, swaye** *vt* To care for, to take special care of (administering medicine, etc.).

**swèt<sup>1</sup> la** *n* South-eastern wind.

**swèt<sup>2</sup> la** *V* swè

**swete** *vt* To wish. *M'swete ou you bon Nwèl* I wish you a merry Christmas.

**swètè a, swètè** *n* Sweater\*.

**swif** *V* suif

**swiv** *V* suiv

**syann nan** *n* Type of fabric.

**syans la, lasyans** *n* Science\*.

**syèg** *attrib* Blind (game rooster). As a consequence of a wound by a spur. (Sp.) ciego.

**syèk la** *n* Century; a long while. *Gen you syèk depi'm voye tigason an al achte sigarèt pou mwen* It's been a long, long time since I sent the boy to buy cigarettes.

**syèl la, lesyèl** *n* Sky, heaven.

**syès la** *n* Siesta\*. Sp.

## T

**t<sup>1</sup>** In set phrases or individual words of French origin, the letter **t** may replace a **d** when followed by a voiceless consonant. Similarly, the **d** may replace a **t** when followed by a voiced consonant. Example “**Po-t-chann**” (in the place of French “pot de chambre”). Potchann.

**t<sup>2</sup>** Contracted form of “**te**” (marker for the past tense). *Nou t'al la* We went there.

**ta<sup>1</sup>** Would, should. Auxiliary particle used to form the conditional tense. *Jan ta vle al lekòl, men li pa gen tan* John would like to go to school, but he doesn't have time. *V* tava.

**ta<sup>2</sup>** *adv* Late. *Pita* Later, after. *Ta kon'l ta* Late as it may be.

**ta<sup>3</sup>** *Yon ta* Many, a lot of.

**tab la** *n* Table\*. *Tab bouche* Butcher shop, meat counter. *Tab jwèt* Gaming table. *Chita, mete ou a tab* Sit (down) at the table.

**tabak la** *n* Tobacco\*. *Nicotiana tabacum* L. *Ou a kaka tabak* You won't get a darn thing. *Yo pa ban'm pa tabak* They didn't give me a darn thing.

**tabatyè a** *n* Snuff-box.

**tablati a** *n* Vicissitude, problem, scandal, trouble. *Nan fè tablati, gouden mete pye* Scandal leads to fighting. *Nonm sa a kab mete ou nan tablati* That man can get you into trouble.

**tablèt la** *n* Cake or tidbit like a nougat. Flat pieces of peanut butter candy, peanut brittle. Here are some types of **tablèt**: *tablèt nwa*, *tablèt pistach*, *tablèt roroli*, *tablèt kòk*, (North) = *tablèt kokoye*, etc. When they are sticky, they are called *tablèt lakòl*.

**tabli** <sup>1</sup> *V* **etabli**

**tabli** <sup>2</sup> *a* *n* A device consisting of two poles and a crossbar to which are hung bunches of corn ears for storage.

**tabliye a, tabilye** *n* Apron.

**tablo a** *n* Board, blackboard; table\*, tableau\*; painting, canvas.

**tabòk la** *n* Smack, slap.

**tach la** <sup>1</sup> *n* Speck, stain, spot, blemish. *Li bezwen pomad pou figi'l ki gen tach* He needs an ointment for his spotty face. *San tach* Stainless (spotless).

**tach** <sup>2</sup> (**palmiss**) *n* The withered peduncle (the hard stem or back end) of a palm leaf, which is detached from the palm tree. *Depi tach la sèch nan palmiss la, li pral tonbe* When the palm leaf dries up, it will fall.

**tache** <sup>1</sup> *vt* & *vi* To pin (up), attach\*, tie on, affix, fasten; to be tied or fastened. *V* mare. *Pran you zepeng nan kwafez la, tache ròb ou ki chire* Take a safety pin on the dressing table and pin up your dress which is torn.

**tache** <sup>2</sup> *vt* To make a spot, stain, to mark, to leave a spot. (attrib) Spotted i.e. with spots. *Gen anpil frui ki tache rad, pa egzanp zanmann, zabriko, kokoye...* There are many fruits which can stain clothes, such as almonds, apricots, coconut (milk)...

**tafya a** *n* Tafia\*. (An alcoholic beverage distilled from sugar cane). *Sa'm te ba ou la, se te you paròl tafya* What I said to you was the result of liquor. *Tafya blan* White (raw) rum.

**tafyatè a** *n* Guzzler, drunkard, tippler, boozier. *V* tafya, sou, bwesonyè, karavachè, grògmann.

**tak, titak** Drop (of liquid). Used as a partitive particle. Cf. Tigout. (usu) *Titak* A bit of some. *Li pa ban'm tak* He didn't give me a bit.

**takantak** *V* **tenkantenk**

**take** *vt* To latch, to lock, to bolt. *Anwan ou pati, pa bliye take lòt pòt la* Before you leave, don't forget to bolt the other door.

**takèt la** *n* Door-latch, bolt (slide).

**takinen** *vt* To tease.

**tako a** *n* Type of bird, reddish in color, the size of a 'boustabak'.

**taks la** *n* Tax\*.

**taksi a** *n* Taxi\*, cab.

**takte** <sup>1</sup> *a* *n* Freckle. *Mi an bèl; li gan yon pakèt takte penti ladan'l* The wall is beautiful; it has many blobs of paint on it.

**takte** <sup>2</sup> *attrib* Freckled, marked, spotted, speckled. *Fig'i'l takte kodenn* His face is spotted like a turkey.

**talan an** *n* Talent\*.

**talatàn nan** *n* Cotton material. Type of hoop skirt to enlarge the appearance of the body.

**talè, toutalè, titalè** *adv* In a moment, soon, presently. Cf. talè a.

**talè a, toutalè a, titalè a** *adv* A moment ago.

**talon an** *n* Heel. *Pa rete la, ban'm talon ou* Don't stand there. Go away! *You klou pike talon'm* I got a nail stuck in my heel. *Talon bwa* Wooden heel. *Demitalon* Medium-sized heel. *Talon kikit* High, thin heels, spike heels.

**talonnen** *vt* To follow closely on s.o.'s tail; to touch s.o.'s heels, to spy on. *M'sye ap talonnen'm, li pa kab jwenn mwenn* The man is following me close to my heels, but he can't catch me.

**tamaren an, tonmaren** *n* Tamarind\* (tree). *Tamarindus indica*, L.

**tami an, tanmi** *n* Large, coarse sieve used by masons to sift gravel.

**tan** <sup>1</sup> *an* *n* Time. *A tan* On time. *Pou tout tan* Forever. *Nan tan lontan* Long ago. *Nan tan Benbo* In the old days of admiral Bimbow (or) A very long time ago. *An de tan twa mouwman* In a jiffy; in no time at all. *Tanzantan, de tanzantan* From time to time, every now and then, at times, once in a while. **Gen tan** a) To have time; already. *Li pa gen tan manje* He did not have time to eat. *Doktè a te di Andre tap mouri jèn, poutan li gen tan vin vye li poko mouri* The doctor had said that Andrew was going to die young; yet he lived to become old. In fact he's still living. b) Very much; so. *Li gen tan sou* He is so drunk. *Ou gen tan kontrolè, fè sa m'di a* You like to argue too much; do what I told you to do. *Li gen tan konn manje* He really eats a lot.

**tan** <sup>2</sup> *an* *n* Weather. *Kouman tan an ye jodi a?* How is the weather today? *Bo tan* Nice weather. *Move tan* Bad weather. Also hard times.

**tan** <sup>3</sup> *adv* So, so much (used to express an indefinite figure). *M'peye tan pou liv la* I paid so much (a certain amount) for the book.

**tan**<sup>4</sup> *V* **tanpou**

**tan**<sup>5</sup>... **tan** *adv* So much as, as much as. *Tan l'manje se tan l'bwè* He eats as much as he drinks.

**tanbou a** *n* Drum. *Ou konn bat tanbou?* Do you play the drum? *Gen tanbou djaz, tanbou madigra, tanbou marengwen, tanbou asòtò,* etc, etc.

**tanbouren an** *n* 'Mosquito drum'. A miniature two-headed drum (COURLANDER).

**tanbourinè a** *n* Drummer.

**tanbouye a** *n* Drummer.

**tandans la** *n* Tendency\*. *Li gen tandans vomit lò'l fin manje* He has a tendency to vomit after eating.

**tandantan** Yesteryear, a long time ago. *Depi tandantan* Ages ago.

**tande**<sup>1</sup> *a* *n* Hearing. *Tande zòrèy la* Inner part of the ear.

**tande**<sup>2</sup> *vt* & *vi* 1. To hear; to understand; to listen; to overhear. 2. To obey, to heed (a warning), to listen.

**tandiske** *conj* While, whereas.

**tanè a** *n* Tanner\*.

**tanga a** *n* (pop) Loin-cloth, pagne, old skirt, waist-piece for peasants. *Pòv tifi a! Li pa gen rad, li oblige mete you moso tanga sou li* Poor girl! She doesn't have a dress. She's obliged to wear a piece of loin-cloth.

**tange** *vi* 1. To pitch (a boat). 2. To vacillate, to go slowly from side to side as a boat. (syn) **dangoye, roule (de bò).**

**tank la**<sup>1</sup> *n* Tank\*.

**tank**<sup>2</sup>, **tan** So, so much; as long as, while, inasmuch as. *Tank... tank* The more... the more.

**tankou, kankou** As, like (prep). *Fè tankou'l* Do as he does. 2. As if (conj). *Li fè tankou li pa wè'l* He pretended he didn't see him.

**tanmen** *vi* To begin and continue to do something (followed by a verb). *vt* To initiate, to start.

**tann**<sup>1</sup> *attrib* Tender\*. *Pwa tann* Green beans (still in the pods).

**tann**<sup>2</sup> *vt* & *vi* To wait (for), expect. Cf. E. Attend\*. *Li fèt pou'l tann* He has to wait.

**tann**<sup>3</sup> *vt* To extend\*, stretch, to display, spread. *Mari ap tann rad nan solèy* Marie is spreading the clothes to dry in the sun. *Tann (ranje, fè) kabann* To make the bed. *Tann you pyèj* To set a trap.

**tanndat** *Depi tanndat* For a long time (in the past). *Depi tanndat m'ap tann ou* I have been waiting for you for such a long time.

**tannen** *vt* To tan\* (skin).

**tanp la** *n* 1. Temple\* (anat). 2. Church.

**tanpe, etanpe** *vt* To mark, to brand (an animal). Stamp\*.

**tanperaman an** *n* Temperament\*, character.

**tanperati a** *n* Temperature\*. Does not mean 'fever'. *V lafyèy.*

**tanpèt la** *n* Tempest\*, storm.

**tanpete** *vi* To raise a storm, to make a big fuss.

**tanpi** Too bad, so much the worse.

**tanpon an** *n* Pad, stamp-pad, wad.

**tanponnen, taponnen** *vt* 1. To dab, to dampen. 2. To mark with a rubber stamp.

**tanpou, tan pou** Instead of.

**tanpri** Please! *V souple.*

**tànri a, tannri** *n* Tannery\*.

**tansèlman** But (only). *Amize'n, viv lavi, tansèlman pa bliye gen demen* Enjoy, live it up but don't forget there is a tomorrow.

**tansyon an** *n* 1. Stress, tension\*. *Li sou tansyon* He's under pressure, hard-pressed. 2. Blood pressure.

**tant**<sup>1</sup> **la, matant, tantin, tantant** *n* Aunt\*, auntie\*.

**tant**<sup>2</sup> **la** *n* Tent\*.

**tantasyon an** *n* Temptation\*. *Bay tantasyon* To tempt\*.

**tante** *vt* 1. To tempt\*, to entice. 2. *Tante chans* To try one's luck.

**tantin**<sup>1</sup> **nan** *n* Auntie\*. *Tantin tann tonton* Trap supposedly with magical powers used by the peasants to protect their gardens.

**tantin**<sup>2</sup> **meyèt** *n* A go-between (female adult) specially between young people.

**tanzantan** *adv* From time to time.

**tanzaòt** *adv* From time to time, once in a while.

**taode, tarode** *vt* To plane a board, to cut (thread) (a pipe). *Pou ebenis yo kole de moso planch, yo taode toulede byen taode pou youn byen chita sou lòt* In order for cabinet makers to glue two planks of wood, they plane them 'til they shine so that one can sit well on the other.

**tap**<sup>1</sup>, **tape, te ap** Auxiliary of the progressive past tense. *M'tap vini lè'l ale* I was coming when he left.

**tap**<sup>2</sup> **la** *n* A tap, slap (usu) on the hand with the open hand. *Manman'l ba'l you tap nan dèyè* His mother gave him a slap on his behind.

**tapaj la** *n* Row (noise). *Fè tapaj* To talk, making a lot of noise; fuss, trouble.

**tapajè** *attrib* Loudmouth, roudy, quarrelsome, noisy.

**tapan** *adv* Exactly, sharp. *A senkè tapan* At five sharp.

**tape**<sup>1</sup> *vt* 1. To slap, to beat, to hit, to tap\*. *Ti gason an ap mache tout tan; papa'l di'l, m'ap tape ou si ou pa vle chita* The boy walks all the time. His father says to him: I'm going to beat you, if you won't sit down. 2. To type. *Aprann tape a la machin; l'a itil ou* Learn to type; it will be useful to you.

**tape**<sup>2</sup>, **tap**, **tep** Auxiliary of the progressive past tense. *Li tape mange* He was eating.

**tapi a** *n* Rug, carpet.

**tapisri a** *n* Tapestry\*. *Lontan yo te konn fê bèl tapisri* A long time ago they used to make beautiful tapestries. *Fê tapisri* To be a wall flower, i.e. not to be invited to dance.

**tapral**, **taprale** Was (were) going (to).

**taptap**<sup>1</sup> **la** *n* Bus, a type of jitney bus, pick-up bus, which originally went from Port-au-Prince to Carrefour (suburb). Each one is gay, carefree, and on-the-go. More important for philologists is that each one has a name, picturesque, indicative, and suggestive. Each small truck has wooden benches adapted to them.

**taptap**<sup>2</sup> *adv* Fast, in a jiffy.

**tapyoka a** *n* Tapioca\*.

**tarode** *V* **taode**

**tas la** *n* Cup.

**tase** *vt* To tamp, pack (earth, etc). To shake down objects in a box, etc.

**taso a** *n* Dried meat. Meat which has been seasoned, allowed to dry in the sun, and then grilled. Cf. Sp. tasajo. *Mèg kou taso las-kwendeng* To be skin and bones, to be very thin, emaciated.

**tata**<sup>1</sup> **a** *n* Stool (excrement), shit. *Fê tata* To have a bowel movement. *V* okabine, kaka.

**tata**<sup>2</sup> *vi* To make poopoo, to defecate, to shit.

**tatawèl la** *n* Great, great grandmother. Sp. tatarabuella. *V* grangrann.

**tate** *vt* To feel, to touch in order to check and verify, to finger. *Abitan an tate pou la pou wè si'l gen ze* The farmer fingered the hen to see if she had eggs.

**tatonnen** *vt* To grope, to feel one's way around.

**tava** Would, should. Auxiliary of the conditional. *V* ta. *Ou tava di'm pouki* You would tell me why.

**tavèno a**, **tabèno** *n* Species of hardwood which takes a beautiful polish and consequently is highly prized for furniture. Lysiloma latisliqua (L) Benth.

**tavle** *Poud tavle* Charm, magic (love) potion.

**tay**<sup>1</sup> **la** *n* 1. Size, height. 2. Hip, waist. 3. *Tay ba* Low hips, a dance posture (COURLANDER).

4. *Yon tay...* A huge... *Yon tay moun* A huge person.

**tay**<sup>2</sup> **la** *n* Pencil sharpener.

**taye** *vt* 1. To cut (out), to chop, to prune, to clip, to trim. 2. To spank, to whip, to flog. 3. To overcome, beat, win (in a game). 4. To go to bed with, to screw. 5. To cut (square stones). 6. To sharpen (pencil). *Taye banda* To walk elegantly, to cut capers, to show off.

**tayè a** *n* 1. Tailor\*. 2. Ladies' two piece suit.

**tayo a** *n* Type of vegetable (South). In Port-au-Prince it is called "malanga".

**taza a** *n* Kingfish, cero (a fish of the mackerel family).

**tchak**<sup>1</sup> **la**, **latchak** *n* Disease of chickens.

**tchak**<sup>2</sup> *attrib* Old fashioned and strict (Neol). Disagreeable.

**tchaka a** *n* Pounded corn (cooked food) which mixed with other ingredients become a soup. Cf. Sp. machaca.

**tchakade** *vt* To assassinate, to chop to pieces. *Ansasen an tchakade madanm nan ak kouto pou'l pran lajan'l* The assassin murdered the lady with a knife to get her money.

**tchake** *vt* To pick, to stab; to cut up, to chop (up).

**tchaktchak** *vt* To pierce, chop repeatedly.

**tchala a** *n* Reference book for "bòlèt" players.

**tchanpan an**, **tyanpan** *n* 1. Junk. 2. Junk food. Worthless food. *Li manje tout vye tyanpan* He eats all kinds of bad food.

**tchanse**, **tyanse** *vi* To talk nonsense, to babble.

**tchap la** *n* Cap, forage cap.

**tchatcha**<sup>1</sup> **a** *n* 1. Lelbek (Albizia lelbek) (L.) Benth. A tree, the seeds of which, when dry and shaken, make a noise similar to the chacha rhythm. 2. A musical instrument made with seeds inside a gourd to which a handle has been attached.

**tchatcha**<sup>2</sup> *vi* To get along, to make a living. *Kouman sa? M'ap tchatcha* How are you? I'm getting along.

**tchaw**<sup>1</sup> **la** *n* Cheap food, junk food.

**tchaw**<sup>2</sup> Good-bye. Milanese 'sciavo': your slave). It. ciao, schiavo.

**tche** *V* **ke**

**tchè** *V* **kè**

**tchèk la** *n* Check\* (control).

**tcheke**, **tyeke** *vt* To check\*.

**tchèkòp la** *n* Check-up\* (medical, etc).

**tchèl la** *n* Small change. Sp.

**tchenkon** *An tchenkon* Piece by piece, piecemeal, partly.

**tchimen** *V kimen*

**tchipe** *V kuipe*

**tchit** *V kit*

**tchòbòl la** *n* Trouble\*, problem, difficulty.

**tchoka** *vt* To shell coffee beans in a mortar.

**tchòtchòwè** *attrib* Good for nothing, nosy.

**tchou a** *n* Rectum, rear, behind, anus. *Tchou boutèy* Bottom of a bottle.

**tchoubouloung** Mess, disarray. *Lage you peyi lan tchoubouloung* To put a country in disarray, upside down.

**tchouboum** *V tyouboum*

**tchoul** *V tyoul*

**tchoule** *V rekile*

**tchouloulout la, tchouloulou a** *n* Diarrhea.

**te**<sup>1</sup>, **t** Past and pluperfect marker. Was, were; has, had been. *Yè m'te wè ou lavil* I saw you downtown yesterday. *M'tal dòmi lakay* I had gone to sleep at home.

**te**<sup>2</sup> Apocope of “kite” used as imperative only. *Te'm wè* Let me see.

**te**<sup>3</sup> **a** *n* Concoction, tea\*, infusion. The variant “dite” is used in the North.

**tè a, latè a** *n* Earth, land, soil, ground, estate. *A tè* On land, on the ground. *Tè a mouye* The earth is wet. *Anba tè* Underground. *Leve a tè a* Stand up. *Pye a tè* Barefoot, extremely poor. *Mete a tè* To bear (give birth). *Mete pwa a tè* To plant peas (Said after a good October shower). *An tè* Earthen. *Pa tè* Overland (travel). *Sou latè beni* Here on earth. *Tè frèt* Poor land (cold earth). *Tè cho* Rich soil (hot land). *Tè gra* Clay.

**tèdoreye a, tèt doreye, sak zoreye** *n* Pillow case.

**tèk**<sup>1</sup> **la** *n* Phillip, a slight flick made with the thumb and forefinger (or middle finger). *Fè you tèk* Make a shot at marbles. *Jan ban'm you tèk nan zòrèy* John gave me a snap on the ear.

**tèk**<sup>2</sup> Nothing, no, none. *Ou a tèk* You will get nothing. FRANKETIENNE/D-125: *Aprè sa, pa tèk!* After that, nothing!

**teke** *vt* 1. To hit (barely). 2. (Term used in the game of marbles, etc). To shoot (marbles) with the thumb, or to kick slightly a ball (in a soccer game).

**tèktègèdèk** Firm, steadfastly. Cf. tennfas.

**tèl** *indef adj* Such, such a. *You tèl bagay* Such a thing. *De tèl istwa* Such stories.

**tèldi tèlfè** No sooner said than done.

**teledyòl la** *n* Transmittal of news by words of mouth; bush telegraph.

**telefòn nan** *n* Telephone\*, phone\*.

**telefone, telefonen** *vt* To telephone\*, to phone\*, to call up.

**telegraf la** *n* Telegraph\*.

**telegrafye** *vt* To cable, to telegraph\*.

**telegram nan** *n* Telegram\*.

**tèleka, teleka, tèl le ka** Supposing, if for instance...

**televizyon an** *n* Television\*, TV\*.

**tèlman, si tèlman** *adv* So. *Yo si tèlman rich* They are so rich.

**tèm** *attrib* Sound, ok.

**tèmòs la** *n* Thermos\* bottle.

**temwen an** *n* Witness.

**ten**<sup>1</sup> *V eten*

**ten**<sup>2</sup> **an** *n* Thyme\*.

**tenbal la** *n* 1. Drinking cup. 2. Kettle-drum, timbal\*. Antiquated Italian musical term.

**tenbre** *V papye*

**tenèb la** *n* 1. Darkness. 2. Tenebrae\*. 3. On Good Friday at 3:00 p.m., children will “**Bat tenèb**” or strike any metal object continuously.

**tenis la** *n* Lawn tennis\*. (Soulie) tennis, tennis shoes.

**tenkantenk, takantak** *adv* Tit for tat.

**tenm nan, tenb** *n* Postage stamp, tax stamp.

**tenmpla, tenmplaw** On the same level, in agreement.

**tenn** *vt* To dye, to stain\*. *Li tenn cheve'l trò souvan* She dyes her hair too often.

**tennès la, tenès** *n* Tenesmus\*. (An urgent desire to urinate or defecate without ability to do so).

**tennfas** *adv* Firmly, steadfast\*(ly).

**tennèsèl** *V etennèsèl*

**tenten an** *n* Nonsense, ridicule; something of no value. *Tenten!* Nothing doing, no go! *M'pa lan tenten avè ou* I'm not in the mood to joke with you. *Ou rive lan halfou tenten* Now you've become ridiculous. *Fè tenten* To act silly, to misbehave.

**tentennad la** *n* Stupid behavior; a flop; nonsense.

**tenti a** *n* Dye.

**tentidyòd la** *n* Tincture of iodine\*.

**teny nan, lateny** *n* Scab, scurvy.

**tenyen** *vt* (pop) To turn off, to extinguish\*, to put out. *Tenyen bouji a* Put out the candle. *Tenyen je* To close one eye temporarily in the manner of



calling the attention of someone to something; to wink. **Tenyen lanp la anvan ou dòmi** Turn off the light before going to sleep. V etenn.

**tep la** *n* 1. Popular in hotels, restaurants etc. for tip. 2. Tape\* (recording tape, scotch tape). V tip.

**tepe** *vt* To tape\*.

**teras la, lateras** *n* 1. Terrace\*, open space; plateau. 2. Highway, main road. **Yo mete kafe seche sou teras** They put the coffee beans on the terrace to dry.

**terasman an** *n* 1. Digging, tamping, rolling of the earth for roadwork or construction. 2. Road.

**tere** V antere

**terebantin nan** *n* Turpentine\*.

**teren an** *n* Field, plot of ground. Terrain\*.

**teri, ateri** *vi* To end up (at).

**terib** *attrib* Terrible\*, dreadful, awful.

**terin nan** *n* Earthen pan, crock, terrine\*. V kanari, madoken.

**teritwa a** *n* Territory\*.

**testaman an** *n* Will, testament\*.

**teste** *vt* To check, check on (somebody), to try, to make a test\*, to verify.

**tèt la** *n* 1. Head. 2. Self. 3. Top. Examples and expressions. **Tèt mòn** Mountain top, mountain peak, summit. (“**Tèt**” followed by the possessive adj corresponding to the subject = “self” preceded by the respective pronoun, in reflexive verbs). **Tèt mwen** Myself. **Tèt yo** Themselves. **Li tiye tèt li** He committed suicide (not merely ‘He killed himself accidentally’). **L’ap tiye tèt li travay** He tries hard. He is killing himself with work. **Ou fatige tèt ou tròp** You’re worrying too much. **Tèt kay** Roof (“**do kay**” is more commonly used). **Sou tèt** On top of. **Tèt chaje** Troubles; troublesome person. **M’pa vle gen tèt chaje avèk bagay ou yo** I don’t want any trouble with your business. **Yo dòmi tètanke** Both of them sleep in one bed; the head of one is next to the other’s feet. **Tèt kale** 1. A person who is completely bald-headed or with close-shaven head. 2. Also a person of no importance (usu) **vye ti tèt kale**. **Yon ti tèt kale** A small fry (as opposed to ‘a big shot’). **Tèt koupe** Spitting image. **Tèt nèg** Expensive. **Yo mande tèt nèg pou yon zaboka** Avocado pears are very expensive. **Tèt zòtèy** The tips (heads) of the toes. **Tèt pabyen** Crazy. **Poutèt sa** For that reason, therefore. **Tèt dlo a** The source (head) of the river, spring. **Gade you tèt pay; li pa penyen** Look at that straw head; he didn’t comb himself. **Lanmò pitit li a pote’l lan tèt** His child’s death was too much for him and made him ill. **Tèt kokolo** Empty-headed person, or one with very little hair on his ill-shaped head. **M’pa gen tèt** I can’t remember. Cf. Neap. Nun tengo capo. id. **Tèt zòrye** Pillow case (confused with ‘tèdoreye’). FRANKETIENNE/D-197: **Filojèn kase tèt tounen** Filojèn turned back. **Tèt poul** Forgetful

(person). **Tèt di** Hard headed, stubborn; stubbornness. **Fè tèt** To give (or) get a haircut; to style (set) hair. **L’al fè tèt li** He went to have a haircut. **Tèt vire** Dizziness. **Bay tèt (sou)** To head (towards). **Li lan tèt jwèt li** Now he is in his element, that’s his cup of tea. **Li pèdi tèt li** He went out of his mind. **Li rann tèt li** He gave himself up. **Tèt chòv** Bald head. **Tèt grenn** Kinky hair. **Tèt graton, tèt gridap, tèt kròt** Sparse, kinky hair. **Yo kale tèt ou** They scalped you; they made you pay too much. **Tèt anba** Upside down. **Tèt bika** Big head. **Tèt jiròf** Cloves (spice). **Tèt kole** Cheek to cheek (dancing). **Tèt fè mal, maltèt** Headache. **Tèt li varye** He is raving. **Se pou’n met tèt nou ansanm** Let’s put our minds together. **Kabòch tèt, kabòs tèt, kràn tèt, kòkòròs tèt** Head. **Tèt mato** Awkward; hammer-head; bad driver; clumsy.

**teta a** *n* Chub, tadpole.

**tetanos la** *n* Tetanus\*.

**tete**<sup>1</sup> *a* *n* Breast(s), bosom, teat\*, breastfeeding. **Bouton tete** Breast nipple. **Timoun nan tete** Infant (one not yet weaned, still nursing). **Li bay pitit la tete 18 mwa** She nursed the baby for 18 months.

**tete**<sup>2</sup> *vt* To suck, to suckle. **Tete kreyon ou** Make a note of it. Wet your pencil. *vi* To nurse, to breastfeed. **Pitit la tete de fwa deja** The baby has been breastfed twice already.

**tèt fèmal la** *n* Headache.

**teti** *attrib* Obstinate, stubborn.

**tetin nan** *n* Nipple of child’s baby bottle.

**tetyè a** *n* Head-stall (harness); baby bonnet.

**teyat la, teat** *n* 1. Theater\*. 2. Spectacle, comedy. Cf. Colloquial E. show.

**ti**<sup>1</sup> (Prefix) small, little. V piti.

**ti**<sup>2</sup> Here, please? **Yon fwa ou di “ti”, ou pa dwe di ou pa la** Once you say “yes” you can’t say you’re not there. (‘Ti’ is a shortened form of ‘plètil’).

**tib la** *n* Tube\*.

**tibebe a, ti bebe** *n* Baby\*, infant.

**tibèkiloz la** *n* Consumption, tuberculosis\*, T.B.\*.

**tibèt la** *n* Insect, small animal.

**tibilan** *attrib* Turbulent\*, unruly.

**tibòm** *n* Type of mint. *Mentha arvensis* L. *Mentha nemorosa* Willd.

**tichat la, ti chat la** *n* Kitten.

**tichemen an** *n* Track, path.

**tichen an** *n* Puppy.

**tidejene a** *n* Breakfast.

**tidifeboule** *n* Provocation (Prodding two persons to fight).

**tif la** *n* Tuff\*, tufa\*, clay soil. (usu) **tè tif**.

**tifi** <sup>1</sup> *a n* Girl. *Tifi a pral fè premyè kominyon'l mwa prochen* The girl will make her first communion next month.

**tifi** <sup>2</sup> *attrib* Virgin. *Li te tifi toujou* She was still a virgin.

**tifle** *vt* To eat too much. *V gobe, bafre.*

**tifoyid la** *n* Typhoid\*. *Fyèw tifoyid* Typhoid\* (fever).

**tig la** *n* Tiger\*. *Chen tig* A dark brown dog with black or dark brown spots.

**tigason an, ti gason** *n* Boy, lad.

**tigigit** *n* Penis, birdie (small boy's).

**tigout, ti gout** A bit, a little bit. *V enpe, (ti) kras.*

**tigranmoun, ti granmoun** *attrib* Child who speaks and acts like an adult (pej).

**tij la** *n* Stem.

**tijezi** *n* Godchild. *Tijezi nan po krab* A hypocrite, one who is acting like a saint but is really dishonest.

**tijoudlan an** *n* New garment worn on New Year's Day. Any Sunday best suit.

**tik la** *n* Tick\* (parasite). *Zòrèy chen an plen tik* The dog's ears are full of ticks. 2. Tic\* (twitching).

**tikè a** *n* Ticket\*. Perhaps used more frequently than 'biye' (V).

**tikochon an** *n* Piglet, little pig.

**tikòk la** *n* Penis, birdie.

**tikoulout, koulout** *attrib* Tightwad, stingy, penny pincher.

**tikrabè** *n* An unimportant, insignificant, very small person.

**tikras** Some, a little bit of.

**tikrik tikrak** *Pou tikrik tikrak* For any reason at all.

**til la** *n* Screen (metallic); tull\* (fabric).

**tilapya a** *n* A fish living, among many other places, in Letan Bwanèf near the city of St. Marc.

**tilip la** *n* Tulip\*.

**tiloulout la** *n* Penis, birdie.

**tilyon an, ti lyon** *n* (Lion) cub.

**timal** *n* Young man, guy (familiar).

**timalis, ti malis** *n* 1. Popular hero of Haitian folk tales. 2. Type of banana of superb taste and the size of your middle finger. *Fig timalis vann de pou 5 kòb* Ti malice bananas cost two for a penny. 3. Cunning person.

**timè a** *n* Tumor\*.

**timedam yo, ti medam** *n* Girls, young ladies.

**timesye yo, ti mesye** *n* Young men, youngsters.

**timi** *V* pitimi

**timid** *attrib* Timid\*, shy, bashful, fearful.

**timoun nan, ti moun** *n* Child. *Timoun piti* Small child.

**timouton an** *n* Lamb.

**tintim! bwa chèch!** Formula used to introduce the telling of riddles after dark. The person asking the riddles says, "tintim"! The audience answers "bwa chèch". Then the riddle begins.

**tinon an** *n* Nickname, pet name.

**tip** <sup>1</sup> *la* *n* Guy, fellow, chap. Cf. E. Type\*.

**tip** <sup>2</sup> *la, tep* *n* Tip\*, pourboire.

**tipen an, ti pen** *n* Roll (bread).

**tipichout la** *n* Penis, birdie.

**tipitit la** *n* Child.

**tipoul la** *n* Chick(en).

**tiraj la** *n* Drawing (lottery).

**tiran an** *n* Tyrant\*.

**tire** *vt* 1. To pull, to draw. 2. To shoot, to gun down. 3. To stretch. Examples and expressions: *Tire dlo* To draw water, to scoop. *Tire bèf* To milk a cow. *Tire pòtre* To take a picture. *Tire bagay la o klè* To bring something into the open, to clarify it. *Mete tire* To open fire. *Ki lè y'ap tire lotri a?* What's the date of the lottery drawing. *Li tire'm yon kout pye* He aimed a kick at me. He kicked me. *Tire kat* To play cards. *Pa tire kont lajounen, sa pa bon* Don't tell stories during the day, it brings bad luck. *Tire pye* To kick. *L'ap tire kò'l* He is stretching himself.

**tirè** <sup>1</sup> *a* *n* Dash (line).

**tirè** <sup>2</sup> *a* *n* (Sharp) shooter.

**tirèdkont la** *n* Storyteller.

**tirivyè a** *n* Stream.

**tiròch la** *n* Pebble.

**tironrale a** *n* A common type of loaf of bread.

**tiròz** *n* Menstrual period.

**tirwa a, tiwa, tiwèt la** *n* Drawer. (fig) Storehouse.

**tisale a** *n* Salt pork.

**tise** *vt* To weave.

**tît la** *n* Title\*.

**tîtak** *V* tak

**tîtalè** *V* talè

**tîtato** *n* 1. Tic-tac-toe\* (tip-tap-toe\*) (game). 2. Type of candy.

**tîtîle, tchitchile** *vi* 1. *Titile bò ronn* To shoot the marble slowly around the circle. 2. To struggle, to eke out a living. To hobble along, to get along.

**titit la** *n* Baby. (syn) **ti bebe**.

**tito a** *n* Type of candy.

**tiwa** *V* **tirwa**

**tiwèl la** *n* Trowel\*.

**tiye, touye, tchwe** *vt* 1. To kill, to slay. 2. To put out, to quench, to extinguish (a fire). 3. To turn out, to switch off, to put out (a light). 4. Refl. *Li tiye tèt li* He killed himself. *Yo pat kab soufri ankò, yo touye tèt yo* They could not suffer anymore, so they killed themselves.

**tiyo a** *n* Pipe, flue, tube, pipe-line.

**tiyon**<sup>1</sup> **an** *n* Headband.

**tiyon**<sup>2</sup> **an** *n* Haitian hairdo made with a kerchief forming a beautiful tail in the back of the neck.

**tizàn nan, tizann** *n* Infusion of a watered herb tea, decoction.

**tizon an** *n* 1. Firebrand. 2. A person who likes to torment (tease) others. *Madan'm ki metrès kay sa a se you tizon pou lokatè yo; li pa vle yo fè anyen nan lakou a* The lady, the owner of that house is a torture for the tenants. She doesn't want them to do anything in the yard.

**tizonnen** *vt* To egg on, to keep urging, annoy.

**tò a** *n* **Gen tò** To be wrong. **Fè ditò** To harm.

**tobi a** *n* Mule.

**tobout la** *n* 1. Jail, prison. 2. A powerful man.

**tòchon an** *n* 1. Rag (for cleaning in the kitchen), dish-cloth, dish-towel. 2. Dish cloth gourd, vegetable sponge, a climbing plant which, when dry is used for cleaning purposes.

**tòchonnen** *vt* To soil, to make dirty.

**tòde, tòdye** *vt* To twist, bend, wring (clothes). *Lapli mouye tout rad li; konnyea l'ap tòde'l pou'l seche'l* The rain soaked her dress; now she's wringing it to dry it. *vi Li tap tòde anba vant fè mal* He was twitching (twisting, suffering) with a belly ache.

**tòk la** *n* Pack-saddle. *V* **ba a**.

**tokay la** *n* Of the same first name. Cf. Sp. "tocayo". *Yo se tokay* They have the same first name. "*Nou nan tray tokay*" We are in trouble, partner (title of a play in Creole by Roni Lucien Angomar).

**toke** *attrib* Crazy. *V* **toloke**.

**tòkèt** *V* **tròkèt**

**tòktòk** *attrib* Crazy. "Tetched".

**tòl**<sup>1</sup> **la** *n* Corrugated sheet iron; metal container (4-5 gallons).

**tòl**<sup>2</sup>, **tòltòl** *attrib* Crazy, out of one's mind. *Tout brui sa yo ap fè'm tòl* All that noise is driving me out of my mind. *Rann yon moun tòltòl* To drive s.o. crazy.

**totalito** *n* Children's game. **Fè totalito** To go on a wild goose chase.

**toleran** *attrib* Tolerant\*.

**tolerans la** *n* Tolerance\*.

**tolere** *vt* To tolerate\*, to endure, to stand for.

**tolit la** *n* Song of a small lizard (zandolit) *V*.

**toloke** *vt* To drive (s.o.) crazy.

**tòlòkòtò** *attrib* Blabbermouth. **Jako tòlòkòtò** Talkative parrot (well-known song).

**tolomonèl la** *n* Cocktail made with lemon and 'klerin'.

**tòltòl** *V* **tòl**

**tomat la, tonmat la** *n* Tomato. **Tonmat vèt!** What the hell! Jesus Christ! Good grief!

**ton**<sup>1</sup> **an** *n* Tone\* (of the voice, of a song).

**ton**<sup>2</sup> *n* Apocope for 'tonton', uncle. **Ton Alfred** Uncle Alfred.

**ton**<sup>3</sup> **an** *n* Tuna\*.

**tòn nan** *n* Ton\*. **You kamyon de tòn** A two-ton truck.

**tonbe** *vi* To fall (down), to fall over, to trip, to tumble, to collapse, to give way, to sink; to fall in love; to subside (wind). Examples and expressions: **Maladi tonbe** Epilepsy. **Li tonbe sou chwal la** He fell from the horse. **Tonbe feblès** To fall from weakness, from sickness. **Tonbe sou** To run into, to bump into, to meet unexpectedly. **Tonbe nan** To take on, to fall into (the habit of). When 'tonbe' is followed by another verb, it indicates the commencement and continuity of the action expressed by the following verb. **Tonbe danse** To start dancing. **Kon mizik frape ayisyen tonbe danse** At the sound of the music, Haitians start dancing. **Tonbe pou** To fall for, to fall in love with. **Fi a tonbe pou nonm nan** She fell for the man, i.e. She fell in love with him.

**tonbola a** *n* School or church gathering, where games are played, such as bingo, grab-bag, etc.

**tonbolokoto** *attrib* Huge, enormous.

**tondèz la** *n* Clippers for hair.

**tonèl la, tonnèl** *n* 1. Shed covered with leaves or straw. 2. Bower, arbo(u)r, a covering on stakes over the "hounfò" court.

**tonm nan** *n* Tomb\*, grave stone.

**tonmaren** *V* **tamaren**

**tonmat** *V* **tomat**

**tonmtonm nan** *n* Food made from breadfruit to which okra (gumbo) is usually added. (This word is used mostly in the Jérémie area).

**tonn** *vt* To clip. **Tonn tèt** To clip the hair completely.

**tonnè** Means “lightning, thunder”. *Tonnè kraze’m, tonnè boule’m* (May lightning strike me!) *Tonnè!* Damn it!

**tonnèl** V **tonèl**

**tonnis** *interj* 1. Darn it! (euph) for ‘**tonnè**’.

**tonpe** V **tronpe**

**tonton** <sup>1</sup> **an** *n* Uncle; old man (as in many languages). Also means huge, very large.

**tonton** <sup>2</sup> **makout la** *n* 1. Bogeyman (folklore). 2. Applied in the last few years in a political context.

**Tonton** <sup>3</sup> **Nwèl** *n* Father Christmas. Santa Claus.

**tope** *vi* To agree, consent, be in accord; to shake hands as an indication of accord. *An’n tope* Let’s shake on it. Agreed.

**topi a, toupì a** *n* Spinning top.

**topinanbou a** *n* Jerusalem artichoke. Calathea allouia Lindl.

**topsi** V **otopsi**

**toro a** *n* 1. The bull. More frequently ‘**toro bèf**’ 2. Awe-inspiring, unbeatable person. 3. *Kann toro* Type of sugar cane.

**torya a** *n* Especially in the expression *Voye torya* To speak in parables, cast allusions. Sp.

**tòt** *attrib* Perfect, good, OK, comme il faut. Cf. total kapital.

**total** <sup>1</sup> **la** *n* Total\*.

**total** <sup>2</sup> *attrib* Perfect, first-rate. *Total kapital* Outstanding, absolutely perfect. (syn) **ki bon nèt**.

**tòti** <sup>1</sup> **a** *n* Turtle\*. *Tòti lanmè* Sea turtle. V **karèt**.

**tòti** <sup>2</sup> **a** *n* Torture\*.

**tòtire** *vt* To torture\*.

**totolo a** *n* A far away, high place.

**tòtòt** <sup>1</sup> **la** *n* Teat. V **tete**. *Fè tòtòt* To suck (e.g. the juice of a mango, after having pricked a hole in it, and after having softened it).

**tòtòt** <sup>2</sup> *vt* To suck, to drink in.

**tòtòy** *Je tòtòy* Squinting, sickly eyes. *Janm tòtòy* Bow-legged.

**tou** <sup>1</sup> Also, too. Popular French uses “itou”, and Canadian French uses “itou” and “tou”.

**tou** <sup>2</sup> *adv* 1. Once and for all, at the same time. *An’n tou manje, nou pa bezwen tann pita* Let’s eat once and for all, let’s not wait till later. 2. Altho, even tho. *Deniz pran chante chante a, tou bèbè li ye a* Denise starts singing the song, even tho she can’t even talk.

**tou** <sup>3</sup> V **trou**

**tou** <sup>4</sup> **a** *n* 1. Tour\*, walk; turn. *Fè tou kay la* Go around the house. 2. Trick. *Li jwe’m you move tou* He played a dirty trick on me.

**tou** <sup>5</sup> All. *Tou sa* All that. *Tou lòt jou* Recently, a few days ago. *Tou piti* Tiny, all so tiny.

**toub** V **troub**

**toubiyon an, toubouyon** *n* Whirlwind.

**toubiyonnen** *vi* To whirl (around), to swirl (around), to become turbulent\*.

**touch la** *n* Throw-in (soccer).

**touchatou** (Little) meddler, who can’t keep his hands off things.

**touche** <sup>1</sup> *vt* To earn, to collect (money), to cash (a check). *vi* To get paid.

**touche** <sup>2</sup> *vt* 1. To touch\*. *Se touche tounen* It’s touch and go. 2. To affect, to touch\*.

**toudabò** *adv* In the first place.

**toude** Both (of them). Also **tolede**.

**toudenkou** *adv* Suddenly.

**toudi** *vt* To daze, stun. *Lò ou travay nan solèy cho, li toudi ou* When you work in the hot sun, it makes you dizzy.

**toudin, latoudin** *n* *M’gen latoudin* My head is spinning.

**toudinpyès** All in one piece\*.

**toudisman** V **etoudisman**

**toudwat, toudrèt** *adv* Straight ahead.

**touf la** *n* Clump, tuft\*, pile, flock. *Chak swa you touf zwazo vini domi* Every night a flock of birds perch on the tree; they go to sleep.

**toufa vamafore** *interj* The hell with you! (a curse).

**toufe** *vt* 1. To suffocate, to smother, to choke, to stifle, to strangle. 2. To steam, to stew, to braise in a closed vessel. *Toufe you manje* To steam, stew food in a closed vessel. *Toufe berejenn* Eggplant stew. 3. To suppress (scandal). *vi* To suffocate, to choke. *Si mwen pa rele, m’a toufe* If I don’t cry out loud, I’ll choke. *Se toufe li tap toufe* He was choking with (contained) anger.

**toufi** *attrib* Bushy, thick.

**toufounen** *vt* To beat up, give a good thrashing, punch; choke, stifle, to beat the hell out of, rough up, shake up.

**toujou** *adv* Always, still, yet. *Papa’m te toujou di sa* My father always said that. *Li isi toujou?* Is he still here?

**tole, tou le** Every. *Tole lendi* Every Monday.

**tolede, tou le de** Both (of them).

**toulejou, tou le jou** *adv* Everyday, always.

**toulongsayd** 1. Straight ahead without stopping.  
2. In its full length\*, flat on its side\*.

**touman an, toumant la** *n* 1. Torment\*, pain.  
2. Adversity, misfortune, problems, difficulty.

**toumante** *vt* To torment\*. (attrib) Tormented\*, fidgety, uneasy, disturbed, restless.

**toundis la** *n* Record player, phonograph.

**tounen** <sup>1</sup> *an n* A round of. *Li ofri yon tounen gròg* He offered a round of grog.

**tounen** <sup>2</sup> *vi* 1. To get back, to return\*, to come back, to go back. 2. To turn\*. 3. To turn\* into, to become, to be transformed into. *Chini te tounen yon bèl papiyon* The caterpillar had become a beautiful butterfly.

**tounen** <sup>3</sup> *vi* To become sour, to turn\* sour (milk).

**touni** *V toutouni*

**tounvis la, tounavis la** *n* Screw-driver. *Tounvis zetwal* Phillip's screw-driver.

**toupatou** *adv.* Everywhere.

**toupi** *V topi*

**toupizi** *vt* To pound, to beat the hell out of.

**touris la** *n* Tourist\*.

**tous la, latous** *n* Cough.

**touse** <sup>1</sup> *vi* To cough. *M'touse anpil yè swa* I coughed very much last night. *Li gen maladi touse* He has tuberculosis. *Moun touse* A consumptive person (with tuberculosis) who is constantly coughing. *Li mouri touse* He died of tuberculosis.

**touse** <sup>2</sup> *V trouse*

**tousi a** *n* Cuffing of trousers.

**tousuit, touswit, toutsuit** *adv* Immediately, right away.

**tout** <sup>1</sup> *indef adj* All, every; whole. *Tout ayisyen* Every Haitian. *Tout kay yo* All the houses.

**tout** <sup>2</sup> *indef pron* All. *Tout vini* All came.

**tout** <sup>3</sup> See the compound words **toutsuit, toutafè, toutalantou, toutalè, toutalè a, toutbagay, toutbon, toutespre, toutlasentjounen, toutispatatis, toutjan, toutmoun, toutotan, toutotou.**

**toutafè** *adv* Altogether, completely, quite.

**toutalantou** *adv* (All) around.

**toutalè** *V talè*

**toutalè a** *V talè a*

**toutbagay, tout bagay** *indef pron* Everything.

**toutbon** *adv* Really, for good.

**toutespre** *adv* Expressly\*.

**toutispatatis la** *n* A person who takes undue advantage of everything.

**toutjan, tout jan** Anyway. *Toutjan toutmannyè* Anyway whatever.

**toutlasentjounen, tout la sent jounen** *adv* All day long.

**toutmoun, tout moun** *indef pron* Everybody.

**toutokontrè** On the contrary\*, just the opposite.

**toutotan** As long as.

**toutotou** *prep* All around.

**toutou a, toutous la** *n* 1. Small dog, puppy.  
2. Darling.

**toutoun nan** *n* Tiny girl's vagina. Also a nickname.

**toutouni, touni, ni** *attrib* Naked, nude\*.

**toutouniste a** *n* Nudity\*, nakedness. *Lè li te lan toutouniste* When he was poor.

**toutous** *V toutou*

**toutrèl la** *n* Turtle\*-dove.

**toutsuit** *V tousuit*

**touttan, tout tan** *adv* Always, forever, for all seasons; as long as.

**touyatwa, tiyatwa** *attrib* Exacerbating, killing.

**touye** *V tiye*

**touyelanp, touye lanp** (Lamp-extinguisher) Name given to a huge, oversize, very heavy ill-fitting coat.

**towtow** *adv* Rapidly.

**tradiktè a** *n* Translator.

**tradui** *vt* To translate.

**trafik la** *n* Traffic\*. *Li te fè trafik Nouyòk* She traveled back and forth to New York for business purposes. *Move trafik* Machinations, underhanded schemes.

**trajè a** *n* (Length of) journey.

**trak la** *n* Political leaflet, flyer.

**traka a** *n* Difficulty, trouble, worry, anxiety, nuisance, bother, hardship. *M'bay kò'm traka fè'l pou ou* I took the pains to do it for you.

**trakase** *vt* To pester, to bother.

**trakasite a** *n* Trouble, problem(s).

**traktè a** *n* Tractor\*.

**tralala a** *n* Scandal.

**tranblad** *V latranblad*

**tranble** *vi* To tremble\*, to shudder, to shake, to quiver, to shiver. *Lè volè a wè lapolis, li tranble kon fèy bwa ak lapè* When the thief saw the policeman, he shivered like a leaf from fear.

**tranbleman an** *n* Trembling\*; shaking. *Tranbleman tè* Earthquake.

**tranche** <sup>1</sup> **a** *n* 1. Shoemaker's knife. 2. Labor pains.

**tranche** <sup>2</sup> *vt* To cut into slices, to slice, to cut up.

**tranchman an** *n* Pain.

**trangle** *vt* To strangle\*, choke. *M'ap trangle ou si ou nui'm* I'll choke you, if you bother me. *vi* To choke. *L'ap manje kann, yon pay antre nan gòj li, li trangle* He was eating sugar cane, a straw got into his throat, he got choked.

**trankil** *attrib* Quiet, tranquil\*. *Kite pitit la trankil* Leave (let) the kid alone. *Kite'm trankil, m'okipe* Leave me alone; I'm busy.

**trankilite a** *n* Tranquility\*.

**tranp, antranp** *adv* *Li mouye tranp* He's soaking wet. Cf. alatanp.

**tranpe** <sup>1</sup> **a** *n* A beverage made by soaking several roots in alcohol, brandy, or absinthe. Drink it, and brother! Said to be an aphrodisiac. This is understandable if a lot of absinthe is used together with various aromatic plants. Anis and lemon juice are very often used depending on the taste and strength desired.

**tranpe** <sup>2</sup> *vt* To soak, to dunk, to dip. To marinate.

**trans la** *n* Trance\*.

**transfè a** *n* Transfer\*.

**transfere** *vt* To transfer\*.

**transfòme** *vt* To transform\*.

**transplante** *vt* To transplant\*.

**transpòte** *vt* To transport\*, to freight.

**trant** *num* Thirty.

**trantyèm** *num* Thirtieth.

**tranzaksyon an** *n* Transaction\*.

**trap** *V* trape

**trapde** *adv* Fast, quickly, in a jiffy.

**trape, trap** *vt* To catch; to find.

**tras la** *n* Trace\*, track(s).

**trase** *vt* To draw, trace\* out, lay out. *Trase cheve* To part the hair. *Trase you egzanzp* To set an example. *Trase rout* To lay out the road, to show the way.

**travay** <sup>1</sup> **la** *n* Work, task, job, employment. *Bay travay* To employ, to engage (to hire).

**travay** <sup>2</sup> *vt* & *vi* To work. *Nan ki sa ou ap travay?* What's your line (of work)? *Fè tèt ou travay* Use your head. *Maladi pitit li a ap travay li tròp* His child's illness is troubling him too much. *Travay kon bourik* To work like a horse. *Li travay pou fyèl li pete* He works like a horse. *Li travay tè* He cultivates the land.

**travayan** *attrib* Hard-working, industrious.

**travayè a** *n* Laborer, worker. *Travayè yo rekòlte tout mayi nan jaden an* The workmen harvested all the corn in the garden.

**travayèz la** *n* Female worker.

**travè** *Chemèn travè* Short-cut.

**travès la** *n* 1. Crossbeam. 2. Shortcut. 3. Passage, crossing.

**travèse** *vt* To cross, to cross over, to pass over, pass through, travel thru, to get through; get over (wall, etc). *Kouri travèse* To run through. Cf Traverse\*.

**tray la** *n* Difficulty, problem, trouble, vicissitudes. *Fi a ap pase you tray ak mari'l* The woman's husband is causing her a lot of difficulties.

**trayi** *vt* To betray, to give up (quit).

**trayizon an** *n* Treason\*.

**trè** <sup>1</sup> **a** *n* Line (with a pen); feature(s).

**trè** <sup>2</sup> *adv* Very; quite.

**trèf** <sup>1</sup> **la** *n* Clubs (in card game).

**trèf** <sup>2</sup> **la** *n* Clover, trefoil\*.

**tren an** *n* 1. Train\*. 2. Penis, cock. 3. *Fè tren* To make a lot of noise. *Ki moun k'ap fè tren nan kay la?* Who is making noise in the house?

**trenng nan** *n* Rod, beam; triangle\* (arch).

**trennaye** *vi* To loaf around, to loiter.

**trennen** <sup>1</sup> *vt* To haul, to pull, to tow, drag along, to tug, help along.

**trennen** <sup>2</sup> *vi* To wander, to lag, to linger, to loaf around.

**trennen** <sup>3</sup> Drawling (voice).

**trepase** *vi* To die.

**très la** *n* Braid, tress\*. *Penyen de très* To have two pig tails. *Très fi yo konn mete sou rad yo* The braids women used to put on their clothes.

**tresayi** *vi* To thrill, curdle. *San'm tresayi* My blood curdled.

**trese** *vt* To weave, plait, braid. *An Ayiti yo trese panye ak banbou sitou* In Haiti they weave baskets mostly with bamboo.

**tresi** *V* ratresi

**trèt la** *n* Traitor\*. *An trèt* Treacherously, by trickery.

**trete** <sup>1</sup> *vt* To treat\*, to care for. *Se doktè Touden ki te trete'l* It was doctor Toussaint who treated him.

**trete** <sup>2</sup> *vt* *Trete de* To call (names). *Li trete Pòl de mantè* He called Paul a liar.

**tretman an** *n* Treatment\*. *Move tretman an* Mistreatment.

**treto a** *n* Trestle\*.

**trèz** *num* Thirteen. *Ou a retounen sou trèz jou* You'll come back in 13 days. *Lè ou gade nan mont ou, ou a ouè li trèz è* When you look at your watch, it will be too late.

**trezò a** *n* Treasure\*; treasury\*.

**trèzyèm** *num* Thirteenth.

**tribilasyon an** *n* Vexation. Tribulation\*, hardship.

**tribinal la** *n* Tribunal\*, court of law. *M'ap pran Bondye an temwen, si ou pa renmèt mwen kòb mwen, m'apral nan tribinal avèk ou* As God is my witness, if you don't give me my money back, I'm going to sue you.

**tribòbabò, tribò babò** *adv* On all sides. Also **babòtribò**.

**trik la** *n* Trick\*, ruse.

**triko a** *n* Knitting.

**trimen** *vi* To toil, drudge, to work hard.

**trimès la** *n* Quarter (3 months), trimester\* (school term).

**triminay la** *n* Trouble, problem, tribulation.

**triminen, tribinen** *vt* To disturb, to bother, to trouble.

**trip la** *n* Intestines, bowels, guts, tripe\*. *Gro trip* Large intestine. *Ti trip* Small intestine.

**tripay la** *n* 1. Tripe\*. 2. Offal (waste in butchery).

**tripòt** *attrib* Nosy, gossiping, inquisitive (pej). *Fè tripòt* To gossip; to slander, to talk behind one's back.

**tripotay la, tripotaj la** *n* Gossip, tattle tale, intrigue, under-handed dealing. *L'al fè tripotay sou mwen* He told things on me.

**tripote** *vt* To finger (pej), to touch.

**tripotye a** *n* Gossiper.

**tris** *attrib* Sad, sorrowful.

**tristès la, latristès** *n* Sorrow, sadness, gloom.

**trivyal** *attrib* Foul-mouthed, gross.

**triyay la** *n* Screening, sorting out. *Fè triyay* To screen.

**triye** *vt* To select, to sort out, to pick out, choose, separate, to screen. *Triye kafe* To clean (sift) the coffee beans.

**triyèz la** *n* Sorter. *Triyèz kafe* Coffee sorter.

**trò, tro** *adv* Too. *Trò piti* Too small. *Trò kuit* Overcooked.

**tròk la** *n* Barter. Cf. boukantay.

**troke** *vt* To exchange, to swap. *An nou troke* Let's swap. *Troke kòn* To fight (to lock horns).

**tròkèt la, tòkèt, tòtchèt** *n* Pad, cushion. (Any old rag (or leaves) twisted to form a head cushion to be placed on the head before carrying a heavy load). Old French word "torquette" de tabac (Paul Moral).

**tron an** *n* Trunk\*.

**tròn nan** *n* 1. Altar (in Vodou terminology). 2. Throne\*.

**tronpe, tonpe** *vt* To deceive, to mislead, to abuse, to foul. *V pete. Mwen an reta, dòmi tronpe'm* I'm late, I overslept. *vpr* To err, to be mistaken.

**tronpèt la** *n* 1. Trumpet\*, bugle. *Met zòrèy ou an tronpèt* Listen attentively. Be alert. 2. Type of tree with huge leaves (Cecroia peltata). Medicinal plant. 3. Type of fish.

**trons la** *n* Section of a roughly cylindrical object.

**tronse** *vt* To cut (hack) into rough chunks.

**tròp** *adv* Too much, too many. It is usually placed after a verb or before a noun. *Ex M'manje tròp* I ate too much.

**tropizi, toupizi** *vt* To smash, break to pieces. *V kofre, kraze. Si ou ranse ak mwen, m'ap toupizi ou* If you fool around with me, I'll smash you to pieces.

**trotinèt la** *n* 1. Type of scooter. 2. Walker with four wheels for children.

**trotwa a** *n* Sidewalk.

**trou a, tou a** *n* Hole, pit, gap. *Trou bote a* Dimple. *Trou nen an* Nostril. *Tou dan an* Cavity. *Trou bouboun, trou bounda* Anus.

**troub<sup>1</sup> la** *n* Confusion, disorder, trouble\*.

**troub<sup>2</sup>, toub** *attrib* Muddy, fuzzy, blurred, murky, blurry, turbid\*. *Wè troub* To have blurred vision, to see things dimly, (or) as if in a mist.

**trouble, touble** *vt* To confuse, to trouble\*. Uneasy, confused, disconcerted; muddled, turbid.

**troubote a** *n* Dimple.

**trouhing nan, touhing** *n* Dark, cavernous hole in the ground. Cf. A bottomless hole.

**trous la** *n* 1. Kit; doctor's kit. *Trous kle* Key holder. 2. (fig) *M'nan trous ou* I'm after you. I'm at your heels. *Lapolis nan trous li* The police are at his heels (are going after him).

**trouse, touse** *vt* To roll up, to tuck up, turn up (trousers).

**trouso a** *n* Trousseau\*. *Trouso kle* Key-holder.

**trouve<sup>1</sup>, touve** *vt* 1. To find; to feel; to think; to meet. *Ou trouve sa?* Do you think so? *Ki jan ou trouve'm?* How do you like me? What do you think of me? *Ou trouve di* You did say.

**trouve** <sup>2</sup>, **touve** (Impersonal). It happens that.

*Trouve se limenm ki sove chef la* It happened that it was he who saved the boss.

**tuil la, til la** *n* Tile\*.

**tuipe** *V* **kuipe**

**tuit** *M'gen tuit an* An expression that people jokingly attribute to older women who prefer not to divulge their exact age. "Tuit" is the last part of the words for 28, 38, 48, etc. Like comedian Jack Benny who remained 39 years old all his later life! *Jack Benny te toujou gen 'tuit an'.*

**twa** *num* Three (Before vowels **twaz**). *Twaz an, twazan* Three years. *Twa rwa* Orion's belt (constellation). *Pran nan twa rwa* To be (caught) in a jam. *Nou moute bourik la a twa* All three of us got on the donkey.

**twadegout, twa degout** *n* Type of poison.

**twaka, twa ka** 1. Three quarters. *Pantalon twaka* Pants that barely cover the knees. 2. Almost. *Ou twaka tonbe* You are about to fall.

**twal la, twèl la** *n* Fabric, cloth, linen. *Twal asyèt* Dish-towel. Cf. *tòchon*. *Ou a fè twèl* You're a damn(ed) liar. *M'te wè bèl twal nan magazen an maten an* I saw beautiful linens in the shop this morning. *Twal gaz la* Gauze\*.

**twalèt la** *n* 1. Bathroom, toilet\*, W. C. *L'al nan twalèt* He went to the toilet. 2. Grooming, toilette\*. *Fè twalèt* To wash up.

**twasèt la, twa sèt** *n* A popular card game.

**twati a** *n* Roof. (More often = **Do kay**).

**twaz la, twèz** *n* Unit of measure (wood, stone). (About 3 feet high and 6 feet long).

**twaze** <sup>1</sup> *vt* To eye someone from head to foot with disdain, contempt, rivalry, etc. *M'pa gen anyen ak fi a; depi li wè'm, se pou li twaze'm* I have no quarrel with that woman, and yet everytime she sees me, she looks down on me hatefully.

**twaze** <sup>2</sup> *vt* To measure wood, etc, with a "twaz".

**twazyèm** *num* Third.

**twazyèmman** Third, in the third place, thirdly.

**twèl** *V* **twal**

**twèt** *attrib* *Je twèt* Half-open, squinting, cock-eyed. *Sp. tuerto.*

**twi a, tri, tiri** (North) *n* Sow (female hog). Also called **manman kochon**.

**tyanpan** *V* **tchanpan**

**tyanse** *V* **tchanse**

**tyap la** *n* Soft cap\* of the military.

**tyas la** *n* Style of haircut for men.

**tye** *V* **ke**

**tyè** *V* **kè**

**tyèd** *attrib* Lukewarm.

**tyedi** *vi* To become lukewarm. Cf. E. tepid\*.

**tyouboum, tchouboum** *n* 1. Mess, trouble, predicament. *Tonbe nan tyouboum* To go down the drain. *Lage you moun nan tyouboum* To put s.o. in a big mess. 2. Splash! *Li tonbe tyouboum lan dlo a* He splashed into the water.

**tyoul la, tchoul, kyoul** *n* Factotum, guide, one devoted to another's whims; pimp; servant (pej). *Sp.*

**tyoule** *V* **rekile**

## U

**uisye a, isye a** *n* Process-server, deputy 'marshall' in federal jurisdictions.

**uit** *num* Eight. *M'achte uit liv* I bought eight books. Sometimes "uit" may become "ui" when it multiplies the noun that follows it. Ex. *Uit fwa* (or) *ui fwa* Eight times. *Bebe a peze uit liv* (or) *ui liv* The baby weighed eight pounds. *V* **tuit**.

**uityèm** *num* Eighth.

## V

**v** Contracted form of **va**. *V'al* - "va ale" (will go). *Ou v'al bonè* You will go early.

**va** <sup>1</sup> (**ava, a**) Will, shall. Auxiliary used to form the future tense. *Si ou jwe ak kouto ou va blese* If you play with a knife, you're going to get hurt. *V* **tava**.

**va** <sup>2</sup> **a** *n* 1. Pick, spear. 2. *Fè you va sou* To jump on, to attack. 3. Curse. *Ou gen lè gen kèk va dèyè ou* You look like you have a curse upon you.

**vach la** *n* Cow.

**vaevyen, vatevyen** Movement to and fro; coming and going (of persons).

**vag** <sup>1</sup> *attrib* Vague\*.

**vag** <sup>2</sup> *vt* To ignore, to give a vague answer on purpose.

**vagabon** *V* **vakabon**

**vakabon, vagabon** *attrib* Vagabond\*; woman chaser; vagrant; boisterous, unruly, dishonest, shameless.

**vakabonday la, vagabonday** *n* 1. Vagrancy. 2. Prostitution, streetwalking.

**vakans la** *n* Vacation\*.



**vaksen an** *n* Vaccination\*, vaccine\*. *L'ap pran vaksen demen* He is going to get vaccinated tomorrow.

**vaksin nan** *n* Vaccine\*. A musical instrument made from bamboo. A bamboo trumpet; also known as 'bwa bourik' (COURLANDER).

**vaksinen** *vt* To vaccinate\*.

**vale** *vt* To swallow. *Vès la vale ou* The jacket is much too big for you.

**valè** <sup>1</sup> **a, vale a** *n* Joker (in cards).

**valè** <sup>2</sup> **a** *n* Value\*, worth, price, amount. *San valè* Worthless, cheap. *Ban'm valè senk dola* Give me five dollars worth.

**valè** <sup>3</sup> *A great quantity, so many. Valè moun ki te gen lan nòs la* There were so many people at the wedding that you couldn't count them.

**valeryann** *n* Fake, faking, buckling. *L'ap bay valeryann* He is walking hesitatingly with uncertain movements. Also to stop and go on a bicycle or a show of skill.

**valiz la** *n* Handbag, suitcase, luggage, briefcase.

**valkanday la** *n* Loitering, wandering. Cf. vak-abonday.

**valkande** *vi* To loaf, to wander, to loiter.

**valkannen** *vi* To wander about.

**valpa a** *n* Worthless person, good-for-nothing.

**vals la** *n* Waltz\*.

**valse** *vi* To waltz\*. *Pitit la ap fe'm valse* The child is really giving me trouble.

**valtay, lavaltoy** *n* Servant, domestic; worthless person.

**valtourinen** *vi* To wander about, to loaf.

**van an** *n* 1. Wind, air. *M'gen van nan zòrèy I have a buzz in my ears. Fèmen chemiz li pou'l pa pran van* Button his shirt so that he won't be exposed to the cold air. *Vale van* To waste time, to do nothing, to loaf. *M'pa tande van'l* I have no news of him. *Pa bliye bay kaotchou a van* Don't forget to put air in the tire. *Ban'm van pou m'al Lagonav* Don't push me. Leave me alone. Give me time. *Fè van a* To fart, to break wind (pou). b) The wind is blowing.

**vàn nan, vann nan** *n* Valve, sluice-gate, flood-gate.

**vandè a** *n* Seller.

**vandredi a** *n* Friday. *Vandredi Sen* Good Friday.

**vani an, vaniy la** *n* Vanilla\*. *Esans vani* Vanilla\* extract.

**vanjans la** *n* Vengeance\*.

**vanje** *vt* To avenge\*. V revanch.

**vanjou, douvanjou** Before daybreak.

**vann** *vt* 1. To sell. *M'vann oto a* I sold the car. 2. To betray. *Pa vann mwen* Don't betray me. *vi* To sell. *Kafe pa vann* Coffee doesn't sell at all these days. *Konbyen sa a vann* How much does this cost (sell for)? *Tifi a gen rad chire sou li, l'ap vann* The girl is wearing a torn dress, her slip is showing.

**vannen** *vt* To winnow. *Yo vannen vòlè a anba baton* They beat (or) maltreated the robber with a stick.

**vanse** <sup>1</sup> *adv* Almost. *Li vansè mouri* He almost died.

**vanse** <sup>2</sup> *v* **avanse**

**vant** <sup>1</sup> **la** *n* Belly, stomach. *Gro vant* Pregnant. *Yon gro vant* A pot belly. *Fann nan gro vant* The woman is pregnant. *Bat vant yon moun* To make s.o. talk (by asking him questions indirectly). *Soti nan vant* To be born. *Manje vant deboutomen* To eat aplenty, to eat to one's heart's content. *Vantfèmal la* Stomach ache, belly ache. *Mete vant atè pou ri* To double up laughing.

**vant** <sup>2</sup> **mennen an** *n* Diarrhea. Also **vant, vant pase, brikouri**. *Manje gate konn bay vant mennen* Spoiled food sometimes causes diarrhea. *Li gen vant* (or) *vant mennen* He has diarrhea.

**vante** <sup>1</sup> *vt* To blow; to fan. *Vante dife a; dlo a poko cho* Fan the fire; the water's not hot yet. *vi* 1. To blow, to be windy. *Van ap vante anpil* It's very windy. 2. To evaporate; to go flat (wine) (this word is used when a liquid loses its bouquet or smell). 3. To leak out (news, a story). 4. To lose one's appeal (a woman).

**vante** <sup>2</sup> *vt* To vaunt\*, to praise; (Refl.) To brag, to boast. *Li vante tèt li tròp* He is bragging too much, he is boasting.

**vantilatè a** *n* Fan (engine), ventilator\*.

**vantouz la** *n* Cupping glass. *Poze vantouz pou you malad* To cup a patient.

**vantres la, vantrèz** *n* Part of the leaves of a banana tree, which is used to make straw mats.

**vanyan** <sup>1</sup> *attrib* Valiant\*, brave, courageous, strong, hard-working, healthy.

**vanyan** <sup>2</sup> **gason** *n* (Bot) Bitter bush. Picramnia pentandra, Sw. PN.

**vap** *interj* *Kè'm fè vap!* My heart went "boom, boom" from the excitement. *Vap vap!* Fast, rapidly. Presto!

**vapè a** *n* Steam, mist, vapor\*. *Batiman vapè* Steam boat.

**vapore** <sup>1</sup> *vt* To stun, to astonish, to surprise.

**vapore** <sup>2</sup>, **evapore** *attrib* Excited, easily moved.

**vare** *vt* To pierce with a spear; to gore. *Vare sou* To jump on.

**varèz la** *n* A loose-fitting robe, a hospital blouse or robe.

**varye** <sup>1</sup> *attrib* 1. Raving, crazy, cuckoo; 'tetched' in the head; 'off the track'. 2. Out of order. 3. Spoiled (merchandise).

**varye** <sup>2</sup> *vi* (Rare) To change, to vary\*.

**vat** *V adyovat*

**vav la** *n* Valve\*.

**vavit la** *n* Diarrhea.

**vaz la** *n* Chamber pot.

**vazlin nan** *n* Vaseline\*.

**ve** <sup>1</sup> *a n* Vow\*. *Madanm nan pran (pote) ve pou'l wè si'l ka byen. Li malad trôp* The lady is wearing dark clothes, as a consequence of a vow she had made, to see if she can get well. She had been sick for such a long time. *Li an ve* He has made a vow. *Fè yon ve* To make a vow.

**ve** <sup>2</sup> *vi* To want (rare). *Si Dye ve* God willing. *V vepa*. Cf. vle.

**vè** <sup>1</sup> *a n* Worm, maggot, parasite. *Vètè* Earthworm. *Vè solitè* Tapeworm. *Rann vè, jete vè* To pass worms.

**vè** <sup>2</sup> *a n* Verse\*.

**vè** <sup>3</sup> *a n* 1. Glass (drinking, substance). 2. Eyeglass(es). *Yo pote vè* (or) *yo pote linèt* They wear eyeglasses.

**vè** <sup>4</sup> *prep* Towards, about, around. *Vè minui* At about midnight.

**vèb la** *n* Verb\*.

**vèble a** *n* Acne.

**vèdegri a** *n* Verdigris\*.

**vèdik la, vendik** *n* Verdict\*.

**vèf la** *n* Widower.

**vegle** *vt* To blind. Also **vegle je**.

**vejete** *vi* To vegetate\*, to barely survive, to hang on. *Ban'm nouvèl ou? M'ap vejete* How are you? I barely get along.

**vekse** *vt* To offend, to vex\*, to insult.

**vèmin nan** *n* 1. Worms. 2. Vermin\*, bugs. 3. Said of a person who is a pest; foul-tongued (used also as an insult).

**vèmisèl la** *n* 1. Vermicelli\*, type of thin spaghetti. 2. Spanish moss. Cf. amitye.

**ven, venn, vent** *num* Twenty. *Milyon ven* A very large quantity.

**vèni** <sup>1</sup> *an n* Varnish\*; calumny. *M'bay soulye a yon bon vèni* I gave my shoes a good polish. *Lage vèni = pale mal* = To speak ill of.

**vèni** <sup>2</sup> *vt* 1. To discredit, to talk bad about, to speak evil of, to talk behind someone's back. = **pale mal**. *M'pa konprann anyen, chèf sèvis la ap vèni direktè a* I don't understand a thing, the

*foreman talks bad about the director.* 2. To varnish\*. Glazed, polished; varnished\*. *M'bezwen yon tab vèni* I need a varnished (polished) table. *Soulye vèni* Varnished shoes (patent leather shoes).

**venkann nan, ven kann nan** *n* Sugar cane\* juice before boiling.

**venn** <sup>1</sup> *nan, vèn nan* *n* Vein\*, artery.

**venn** <sup>2</sup> *num* Variant of "ven", in liaison when followed by **de, twa, kat, senk, sis** and **sèt**. Ex. *Venn de* Twenty-two.

**venn kat** *num* Twenty-four.

**vennkatrè** 1. Twenty four hours. 2. Scorpion fish. 3. It has also been used in reference to a plant, a spider and other venomous animals.

**ventan** 20 years.

**venteen** *n* Twenty-one.

**ventèn nan** *n* About twenty.

**ventyèm** *num* Twentieth.

**vèp la** *n* Vespers\*.

**vepa, ve pa** To refuse, not to want. (Rarely used, like '**pepa, pe pa**'). Usually the adverb "pa" ("not") precedes the verb, as in the common Creole phrase "**pa vle**".

**vèrèt la** *n* Smallpox. *Epidemi pase, li kite anpil moun grave vèrèt* When the epidemic was over, it left a lot of people pock-marked.

**verifye** *vt* To verify\*, to try, to ascertain.

**veritab** <sup>1</sup> *la, lam veritab, labveritab, lam nan, lan-mveritab* *n* Breadfruit. *Artocarpus incisa* (Thun.) L.; *Artocarpus altilis* (Parkinson) Fosberg; *Artocarpus communis*. J.R. & G. Forst. Other names for the same tree: **fòkseli, selipi**.

**veritab** <sup>2</sup> *attrib* True, real, veritable\*.

**verite a, laverite** *n* Truth. *Verite toujou ofanse* The truth always hurts. "An verite" The complete form is "An verite Bondye". This last expression is considered blasphemous, and, consequently, to be avoided. To use it would imply that you are taking God's name in vain.

**veron** *V je*

**vès la** *n* Coat (jacket) *V levit, palto*.

**vèse** *vt* 1. To pour. 2. To make a payment. *M'vèse senkant dola, m'rete dwe 200* I paid 50 dollars, I still owe 200. *vi* To vomit (used in the North).

**vèsè a** *n* The verse\*. *Verset\**.

**vesèl la, vèsèl** *n* Plates and dishes; crockery. *Vessel\**.

**veselye a** *n* Dresser, sideboard.

**vesi a** *n* Bladder (in a tire or a soccer ball).

**vèsman an** *n* 1. Payment, installment. 2. Vomit.

**veso a** *n* Kitchen utensil. Vessel\*. Receptacle, recipient.

**vèt** *attrib* 1. Green (color). 2. Green (not ripe). Cf. ròròt, rèk.

**vètè a** *n* Earthworm.

**veterinè a** *n* Veterinary\*.

**vèti** <sup>1</sup> *a* *n* Virtue\*.

**vèti** <sup>2</sup> *V avèti*

**vètij la** *n* Vertigo\*, dizziness.

**vetivè a** *n* Vetiver\* grass, a delightfully fragrant perennial (East Indian) grass used in perfumery, particularly vetiver oil, Tamil vettiver. Vetiveria zizanoides Andropogon muricatus. Vetiveria odorata.

**vèv la** *n* Widow.

**vèvè a** *n* A symbolic ritualistic geometric design traced on the ground with sand, flour, etc. as an emblem of the divinity that one wishes to invoke. At Ibo Beach, they were traced in the concrete, which became hardened, for the purpose of decorating the resort.

**vèvèn nan, vèvenn** *n* Verbena\*. Vervain\* (plant).

**vèy la** *n* Wake. *Fanmi an ap fè vèy aswè a* The family will not sleep tonight (will stay up).

**veyatif** *attrib* Vigilant\*, watchful.

**veye** <sup>1</sup> *a* *n* Wake (mourning).

**veye** <sup>2</sup> *vi* 1. To wake, to keep vigil\*; to keep wake. 2. To be careful, to watch out, to be on guard, to pay attention. *vt* 1. To guard, to take care of, to watch over. 2. To spy on. *Veye zo ou* Watch out; pay attention. *Mèt kò veye kò* Let the person interested bother about it.

**vezou a** *n* Beverage made from sugar cane.

**vi** <sup>1</sup> *a* *V lavi*

**vi** <sup>2</sup>, **lavi** *n* Sight; view\*. *M'pèdi'l de vi depi 5 mwa* I haven't seen him these last 5 months.

**vid** *attrib* Empty.

**vidanj la** *n* Sediment, dregs; emptying.

**vide** *vt* To empty, to drain, to pour out, to spill. *vi* To cave in, to fall, to collapse. Examples and expressions: *Vide sou* To rush upon, to fall upon. *Atansyon! Mi an pral vide* Watch out! The wall is going to fall. *Figi'l fin vide* His face is all emaciated and old. *M'vide jouman sou li* I insulted him and I insulted him to no end. *M'vide kòf lestonmak mwen ba li* I opened my heart to him and told him everything. *M'vide makak sou li* I whipped the hell out of him (with a stick).

**vif** *attrib* Fresh (wound), bright (color).

**vigil la** *n* Comma.

**viktim nan** *n* Victim\*.

**viktwa a, laviktwa** *n* Victory\*. *Gen laviktwa* To overcome, to win.

**vil la, lavil** *n* Town, city. *M'pral lavil* I am going downtown.

**vilbreken an** *n* Centre-bit, brace, (tool); crankshaft (car).

**vilganize** *vt* To vulcanize\* (tires).

**vilgè** *attrib* Vulgar\*, coarse (gross).

**vilodròm nan** *n* House.

**vilokan an** *n* Mystical abode of the loa (Vodou spirits). ("L'au-delà socio-cosmique" Milo Rigaud).

**vin** Short form of 'vini', to come. *Vin non, m'bezwen pale ak ou* Come (won't you), I want to speak to you. *Ou vin bonè jodi a* You came early today.

**vinèg la** *n* Vinegar\*. *Pran vinèg* To jump rope fast. *Bay vinèg* To accelerate the rhythm in jump rope.

